

## **Yon Kominikasyon Biwo Matrikilasyon Veyikil Motè pou Tout Chofè Massachusetts yo**

Chè Chofè,

Biwo Matrikilasyon Veyikil Motè (RMV) MassDOT la kontan founi w ak yon Mènyèl Chofè ki ajou. Mènyèl sa a se yon gid ak yon rapèl k ap ede w sonje se yon privilèj pou gen yon lisans pou kondui, e privalèj sa a vini ak responsabilite pou konprann e respekte lwa yo. Epitou, lè nou fè sa, sa ap asire sekirite ni ou menm, ni lòt chofè yo tou.

Tanpri, li règ sikilasyon yo pou w ka prepare w pou pran egzamen pèmi aprantisaj ak egzamen sou wout la, epitou k ap ede w kondui machin, woule bisiklèt ak mache apye an sekirite pou tout lavi w. Men kèk pwen enpòtan mènyèl sa a gen ladan l:

**Sèvi ak Aparèy Elektwonik “Men Lib” lè w ap Kondui** - Lwa Massachusetts la entèdi chofè yo sèvi ak nenpòt aparèy elektwonik, san wete telefòn, san aparèy la pa nan mòd “men lib”. Chofè yo pa gendwa kenbe oswa soutni okenn aparèy elektwonik ak men yo. Adolesan yo pa gendwa sèvi ak okenn aparèy elektwonik, menmsi li nan mòd “men lib”. Y ap enpoze amann oswa lòt penalite pou moun ki pa respekte “lwa men lib” la. Gade paj 32 pou plis enfòmasyon.

**Kontravansyon lè w nan Lòt Eta yo** - Si w jwenn yon kontravansyon pandan w nan yon lòt eta, l ap gen menm efè sou rekò w ak si sa te fèt nan Massachusetts. Donk, pa nye yo. Si w neglige peye amann nan oswa si w pa parèt nan tribunal pou yon kontravansyon ki te fèt nan yon lòt eta, RMV a ap pran aksyon kont ou lè yo aprann sa k te rive. Gade paj 48 pou plis enfòmasyon.

**REAL ID** – Kòmanse sou dat 7 me 2025, w ap oblige gen yon “REAL ID” (yon fòm idantifikasiyon gouvnèman federal rekonèt) oswa yon lòt fòm idantifikasiyon akseptab, tankou yon paspò valab, pou pran avyon anndan Etazini. Gade paj 5 pou plis enfòmasyon.

Sa enpòtan pou w rete ajou ak chanjman ki fèt pou asire gen sekirite pou tout moun. Yon fason ou ka rete konekte, se lè w tcheke pou mizajou ki fèt nan mènyèl sa a sou entènet. Nou fyè pou n mete Mènyèl Chofè sa a nan fòm PDF kote moun ka gen aksè sou li nan sit entènet nou, ki se: Mass.Gov/RMV. Mènyèl sa a pa sèlman disponib ann anglè, li tou disponib nan lang espayòl, pòtigè, chinwa, kreyòl ayisyen, ak vyetnameyen. L ap disponib nan plis lang alavni.

RMV a chofe anpil pou n sèvi w, paske ansanm, nou ka asire sekirite pou tout moun nan wout nou yo.

Pou jwenn nouvèl RMV ki pi resan, suiv RMV a nan Twitter nan @MassRMV.

Kominote Massachusetts  
Pataje Wout yo  
Mànyèl Itilizatè pou Wout Piblik yo

Pifò wout, ki gen ladan yo wout gran vil, wout an pwovens, wout prensipal, wout segondè ak wout moun pa sèvi souvan yo, yo tout la pou nou tout pataje ansanm. "Nou tout" vle di moun ki sou bisiklèt, motosiklèt, moun ki nan machin prive, moun ki nan bis, moun k ap kondui machin komèsyal oswa trelè, oswa yon kombinezon machin sa yo. Gen kèk nan wout yo, tankou otowout ki mennen nan lòt eta oswa otowout eksprès yo, ki fèt spesifikman pou machin ak trelè ki ale a gwo vitès. Gen lòt wout piblik yo fè spesifikman pou yo kondui a yon vitès ki pi lan oswa pou machin ki pi lejè, e yo gendwa entèdi kèk machin pran wout sa yo. Wout piblik yo gen tout kalite longè e lajè, e yo gen karaktèristik tankou: sans inik, doub sans, plizyè liy trafik, liy pou machin ki gen anpil pasaje (HOV), dividè nan mitan wout, twotwa, liy pou bisiklèt, arebò wout ki di oswa ki mou. Kèlkeswa fason yo òganize wout piblik yo, yo fèt pou moun nan tout kalite veyikil ale kote yo prale lè yo pap mache a pye.

Byenke pifò enfòmasyon nan mànyèl sa a pale sou fason machin ak trelè yo dwe itilize wout piblik yo, objektif RMV a genyen ak mànyèl sa a se pou fè moun k ap sèvi ak wout piblik yo konnen wout yo fèt pou tout moun pataje, eksepte kote lalwa pèmèt izaj limite. Sa gendwa rive kote gen chofè bisiklèt oswa pyeton k ap itilize wout yo ansanm ak trafik la, donk, toujou prete anpil atansyon.

# Tab de Matyè

<b>Chapit 1 Jwenn Lisans ou .....</b>	<b>1</b>
Ki Moun ki Bezwen yon Lisans Massachusetts? .....	2
Ki Moun ki Kalife pou Gen yon Lisans Massachusetts? .....	3
Deskrisyon ak Klasifikasyon yo.....	5
Kat REAL ID ak Kat Estanda Massachusetts yo (Lisans/Kat Idantite) .....	5
Akò Mobilite Travay ak Fanmi (WFMA).....	6
Klas Lisans yo.....	6
Dire Lisans yo.....	7
Restriksyon yo .....	7
Lwa Lisans pou Nouvo Chofè yo (JOL) .....	8
Rekiz Nesesè pou Jwenn yon JOL .....	8
Restriksyon Lisans JOL yo .....	9
Rekiz Idantifikasiyon yo .....	10
Nimewo Sekirite Sosyal ak Nimewo Lisans .....	11
Apèl yo.....	12
Fè Aplikasyon pou yon Lisans.....	12
Jwenn yon Pèmi Aprantisaj .....	12
Kondui ak Pèmi w.....	15
Pran Egzamen Sou Wout la.....	16
Resevwa Nouvo Lisans ou .....	22
Chanje Lisans ou Soti nan Yon Lòt Zòn.....	22
Chanje Lisans Nouvo Chofè .....	22
Chanje Pèmi .....	23
Chanjman Lisans ki soti nan Teritwa USA, Kanada oswa Meksik .....	23
Enskri pou Vote .....	23
Notasyon pou Ansyen Militè .....	24
Pwogram Don Ògan ak Tisi.....	24
Fre pou Lisans ak Kat Idantite .....	26
<b>Chapit 2 Sekirite Anvan Tout .....</b>	<b>27</b>
Sekirite Machin Pasaje yo .....	28
Lwa sou Senti Sekirite .....	28
Fason Senti Sekirite Fonksyone .....	30
Kék Manti sou Senti Sekirite yo .....	30
Sekirite Sak Gonflab yo .....	31
Anndan Machin nan .....	31
Lwa Kondui ak Distraksyon/Men Lib – Izaj Selilè .....	32
Kondui yon Fason Pridan .....	33
Sante w ak Eta Fizik ou .....	34
Tcheke Eta Machin ou .....	34
Distans Sekirite Ozalantou Machin ou .....	35
Frennen ak Kanpe Machin .....	36
Sèvi ak Klakson, Limyè, ak Siyal Ijans .....	37
Kondui nan Nuit .....	37
Kondui Pandan w Fatige .....	38
Kondui nan Lapli oswa nan Bwouya .....	38
Kondui nan Ivè .....	39
Lwa pou Pwoteje Moun Vilnerab k ap Itilize Wout yo .....	40
Pyeton yo .....	40
Bisiklèt ak Bisiklèt ki gen Motè (Mopèd) yo .....	41
Motosiklèt .....	42
Sekirite Motosiklèt yo .....	43
Sekirite Bisiklèt ak Motè (Mopèd) yo .....	43

Sekirite Skoutè yo .....	43
Sekirite Machin ki gen Izaj Spesifik.....	44
Sekirite Machin ki Fè Vitès ki Lan.....	44
Lwa Sekirite pou Bisiklèt .....	44
<b>Chapit 3 Kenbe Lisans ou.....</b>	<b>45</b>
Enfraksyon ak Penalite Trafik yo.....	46
Enfraksyon Sivil pou Machin .....	46
Enfraksyon Kriminèl pou Machin .....	47
Enfraksyon ki Fèt nan Lòt Eta yo .....	48
Aksidan Kote ou Responsab .....	48
Evènman Sichajab yo.....	48
Kou Rekallifikasyon Chofè yo.....	49
Dosye Chofè yo .....	50
Mete Sispansyon sou, oswa Revoke Lisans.....	50
Tablo Sispansyon Lisans Otomatik yo .....	51
Rezon yo ka Sispansyon Lisans.....	51
Tablo Sispansyon Pèmi Otomatik (Nouvo Chofè 16.5 a 18 an laj).....	52
Tablo Sispansyon Lisans Otomatik (18 an laj e plis).....	53
Tablo Ofans Kriminèl ak Sispansyon yo .....	54
Lè yo Mete yon Sispansyon oswa Revoke Lisans ou.....	55
Tablo Penalite pou Woule Machin Anba Enfliyans Alkòl oswa Dwòg .....	56
Alkòl, Dwòg ak Kondui.....	56
Tablo Peryòd Sispansyon Lisans pou Tès Chimik ki pa Pase .....	57
Alkòl.....	57
Tablo Peryòd Sispansyon Lisans Lè w Refize yon Tès Chimik .....	59
Sistèm Lòk Motè .....	60
Achte, Posede, oswa Transpòte Alkòl.....	60
Fo Lisans/Kat Idantite ak Lisans/Kat Idantite yo Manipile .....	60
Dwòg Ilegal, Medikaman, ak Lòt Sibstans ki Kontwole .....	61
Rezon pou yo Refize Renouvre Lisans .....	62
<b>Chapit 4 Règ Sikilasyon yo .....</b>	<b>63</b>
Danje nan Fè Twòp Vitès .....	64
Limit Vitès yo .....	64
Siyal Trafik yo .....	66
Siyal pou Machin yo .....	66
Siyal pou Pyeton yo .....	70
Siy Trafik yo .....	71
Siy Stop ak Siy Sede yo .....	71
Siy Règ Trafik yo .....	71
Siy Avêtisman yo .....	71
Siy Direksyon yo .....	71
Pasaj Tren yo .....	72
Konstriksyon/Antryetyen Wout yo (Zòn Travay) .....	72
Makè nan Wout yo .....	74
Liy Blan yo .....	74
Liy Jòn yo .....	75
Pawòl ak Senbòl yo .....	75
Liy Stop, Liy Sede ak Pasaj Pyeton yo .....	76
Zile Kanalizasyon yo .....	77
Moun ki Ede Timoun Travèse Lari .....	77

Liy Trafik, Kafou ak Vire .....	77
Fè Siyal.....	77
Sèvi ak Liy Trafik yo .....	78
Kondui sou Otowout yo .....	78
Kafou yo .....	80
Vire yo .....	80
Règ Dwa Pasaj yo .....	83
Aksidan Nan Fè Janti .....	85
Règ pou Double .....	85
Montre Respè ak Pataje Wout yo .....	87
Pakin.....	91
Règ Pakin .....	92
Lòt Règ Sikilasyon yo.....	93
Règ Pyeton yo.....	93
Lwa pou Chofè Bisiklèt ak Chofè Machin ki nan Prezans Bisiklèt yo.....	94
Danje Pòt Ouvri yo Poze pou Chofè Bisiklèt yo.....	97
Kare Bisiklèt.....	98
Liy Bisiklèt ki Separe yo .....	98
Egzanz Aksidan Bisiklèt ki Komen .....	99
<b>Chapit 5 Sityasyon Espesyal Sou Wout yo.....</b>	<b>101</b>
Machin Ijans k ap Kondui Sou Wout la.....	102
Machin Ijans ak Machin Antretyen Ki Kanpe.....	102
Si Yon Polisyè Kanpe w .....	103
Ijans Pandan w ap Kondui .....	105
Aksidan Trafik yo .....	108
Si w Enplike nan yon Aksidan .....	108
Aksidan Frape Kouri (Kite Lokal yon Aksidan San w pa Identife Tèt ou).....	109
Si w Temwen yon Aksidan .....	110
Rapòte yon Aksidan .....	111
Kondui ak Sajès e fè Ekonomi – Konsèy “Kondui Vèt” .....	111

Se Biwo Matrikilasyon Veyikil Motè (RMV) Kominote Massachusetts lan ki pibliye dokiman sa a pou rezidan ak vizitè yo tou. Byenke li gen anpil enfòmasyon sou politik ak lwa età yo, sa enpòtan pou note ke **se pa yon dokiman legal**. Yo te fè tout efò pou prezante enfòmasyon an yon fason ki kòrèk, san erè, e ajou. Malgré sa, politik, fre ak lwa RMV yo konsènan machin yo konn chanje pafwa.

RMV a ap fè tout efò pou l poste enfòmasyon sou chanjman nan fre, politik, pwosedi, oswa lwa yo site nan Mânyèl sa a ki ka gen yon efè sou possibilite w genyen pou jwenn yon Pèmi Aprendisaj, Lisans, oswa Kat Identifikasiyon. Y ap poste chanjman ki enpòtan yo sou sit RMV a nan Mass.Gov/RMV. Si w pa gen aksè a yon ôdinatè, ou gendwa rele Sant Kontak RMV a nan 857-368-8000 (nan zòn kod telefòn 339/617/781/857 ki nan MA yo, oswa nan zòn kod telefòn deyò MA yo) oswa nan 800-858-3926 (pou tout lòt kod telefòn MA yo). Oubyen, ou gendwa rele nan 877-RMV-TTDD si w soud oswa si w tandé di.



Biwo Matrikilasyon Veyikil Motè Massachusetts la (RMV) gentan fè anpil chanjman depi lè li te ouvri nan ane 1903. Kounye a, gen prèske 5 milyon chofè ki gen lisans yo nan eta nou an. E jodi a, plis pase jamè, Ajans nou an detèmine pou n ogmante efikasite nou e pou n amelyore sèvis n ap bay kliyan nou yo atravè teknoloji ak inisyativ ki entèlijan yo.

Teknoloji òdinatè ki kontinye avanse yo gen yon gwò enpak sou sèvis n ap bay kliyan yo. Pa mwayer sit RMV a (ki se Mass.Gov/RMV), ou gendwa kòmanse kèk tranzaksyon, tankou tranzaksyon kat lisans/ID, e ou kapab òganize kèk tranzaksyon tankou pwograme yon egzamen sou wout, peye fre egzamen wout ak fre lisans, renouvre matrikilasyon machin, renouvre lisans oswa kat idantifikasiyon pou Massachusetts, fè demann yon plak espesyal, peye kontravansyon trafik, mande yon ranplasman pou lisans/ID, mande yon ranplasman de tit, chanje adrès, verifye yo te founi sètifica fòmasyon pou chofè, verifye stati yon matrikilasyon oswa yon tit, chanje stati donatè ògàn, oswa anile plak. Anplis, ou gendwa telechaje fòmilè, gade Mànyèl Chofè sa a, e aprann dènye "règ sikilasyon" yo. Sou entènet, RMV a envite w poze kesyon ak ofri sijesyon pou amelyore sèvis RMV a bay.

RMV a ap kontinye chèche lòt fason pou amelyore relasyon li genyen ansanm avè w, tankou atravè patenarya ak AAA, ki pèmèt manm AAA yo fè kèk tranzaksyon RMV yo nan sikusal AAA yo.

## Fason pou Sèvi ak Mànyèl sa a

Pou chofè ki *nouvo* yo, mànyèl sa a se you zouti ki itil anpil pou ede w konprann pwosesis pou jwenn lisans, e l ap ede w etidye règ sikilasyon yo. Pou chofè ki *eksperimante* yo, mànyèl sa a ofri plis pase pwosedi ki nesesè pou jwenn yon lisans. Li bay enfòmasyon enpòtan sou politik RMV yo, chanjman nan lwa chofè yo, ak enfòmasyon k ap ede w woule an sekirite. Kenbe mànyèl sa a nan machin ou, e gade ladan I nenpòt lè w gen kesyon.



Entwodiksyon

## Ki Sa Ki Nouvo?

Yo te ajoute bagay ki pi ba yo nan mènyèl sa a depi dènye fwa yo te enprime l:

- **Akò Mobilite Travay ak Fanmi** – Kòmanse depi 1 jiyè 2023, RMV Massachusetts la pap oblige kliyan li yo founi prèv prezans legal yo pou jwenn yon Lisans Estanda (Klas D oswa M), selon Akò Mobilite Travay ak Fanmi (WFMA) a.

Gade paj 6 pou jwenn yon eksplikasyon detaye sou Akò Mobilite Travay ak Fanmi an.

- **Lwa Men Lib** – Yo pèmèt moun sèvi ak aparèy elektwonik sèlman si machin nan pap fè mouvman, e si li pa nan liy trafik publik. Yo pa pèmèt moun sèvi ak aparèy elektwonik devan limyè wouj oswa siy stop yo. PA KANPE arebò yon wout kote gen anpil trafik pou sèvi ak yon aparèy elektwonik.

Gade paj 32 pou wè yon esplikasyon detaye sou Lwa Men Lib la.

- **Kondui Pandan w Fatige** – Kondui pandan w fatige ka lakòz aksidan kote moun mouri. SÈL FASON pou pwoteje tèt ou kont fatig lè w ap kondui, se pou w dòmi ase e pou pa kondui lè w santi w gen somèy. Lè sa posib, evite kondui ant minui a 6è nan maten. Si w oblige kondui nan moman sa a, se pou w byen teni kont de siy ki montre w gen dòmi nan je w, tankou si w ap kite liy w, oswa si w kòmanse woule sou bann vibrant ki sou kote wout la.

Gade paj 38 pou jwenn plis enfòmasyon.

- **Lwa sou Moun Vilnerab Sou Wout yo** – Lè w ap double yon “moun vilnirab ki sou wout la” (tankou yon pyeton oswa yon moun sou bisiklèt), ou dwe kite yon distans de **omwen 4 pye** ant yo menm ak machin ou. Si gen plas pou sa, ou gendwa sèvi ak yon pati oswa menm tout liy trafik ki bò kote w, e ou gendwa menm travèse liy ki nan mitan wout la si nesesè.

Gade paj 40 pou jwenn plis enfòmasyon, tankou definisyon legal pou ekspresyon “moun vilnirab sou wout” ak yon nouvo siy pou wout yo.

- **Danje nan fè Twòp Vitès** – Yo te ajoute yon nouvo seksyon ki pale sou danje ki genyen nan fè twòp vitès ak jan sa ogmante risk aksidan pou tout moun sou wout la, san wete akisan kote moun blese grav oswa moun mouri. Yo te mete yon imaj pou montre ki relasyon ki genyen ant twòp vitès ak pyeton lè gen aksidan, e fason vitès rann sa pi difisil pou yon chofè wè tout sa ki devan li ak ozalantou li.

Gade paj 64 pou jwenn plis enfòmasyon.

- **Aksidan Nan Fè Janti** – Gendefwa gen chofè ki anvi fè janti, men rezulta sa bay se konfizyon ki mennen nan “aksidan nan fè janti”. Yon moun ki fè jès pou ankouraje lòt moun pase nan mitan trafik kreye yon sitiayson danjere e sa ka bay aksidan. Vire ou chwazi vire a dwe depann sou trafik ki genyen ak sa w ka wè.

Gade paj 85 pou plis enfòmasyon.

- **Lwa pou Retire Machin** – Apre yon aksidan fêt kote se sèlman materyèl ki domaje, Lwa pou Retire Machin nan oblige chofè yo retire machin yo nan liy trafik yo epi mete yo nan yon pozisyon sekirite k ap anpeche gen lòt aksidan.

Gade paj 108 pou jwenn plis enfòmasyon sou aksidan trafik yo.

# Jwenn Lisans Ou

Si w se yon rezidan Massachusetts la (oswa menmsi w pa rezidan), ou dwe gen yon lisans valab pou kondui yon machin nan nenpòt wout piblik, otowout, oswa nenpòt lòt ti wout kote piblik la gen aksè.

Pa mwayen Biwo Matrikilasyon Veyikil Motè (RMV) a, Kominote Massachusetts la gen 5 klas lisans yo ka bay rezidan Massachusetts yo, e chak klas gen privilèj ak restriksyon pa l. Lisans Klas A, B, ak C yo, moun konn rele yo lisans chofè kòmèsyal yo (CDL) tou, pèmèt ou kondui gwo machin tankou kamyon ak bis. Lisans Klas D yo (se li menm ki pi komen an) se pou machin pasaje nòmal yo, minibis yo, ak kamyonèt yo. Lisans Klas M nan pèmèt ou woule motosiklèt.

CHAPIT 1



## Ki Moun ki Bezwen yon Lisans Massachusetts?

Tout rezidan Massachusetts yo dwe gen yon lisans Massachusetts valab pou yo ka kondui yon machin nan Massachusetts.

### **Rezidan Lòt Eta ak Lòt Peyi yo**

**Rezidan Lòt Eta nan USA:** Yon rezidan USA, ki gen omwen 16 an laj, e k ap viv deyò Massachusetts, gendwa sèvi ak lisans valab li ki soti nan lòt eta oswa teritwa kote li rezide a, pou l kondui machin nan Massachusetts. Règ sa a valab ni pou vizitè oswa moun k ap vwayaje ki soti nan lòt eta USA yo, ni pou rezidan lòt eta touprè yo ki konn vin travay nan Massachusetts.

**Rezidan Lòt Peyi yo:** Lwa Massachusetts (Chapit 90, Seksyon 10) pèmèt sètèn moun ki soti nan lòt peyi, e ki gen lisans valab, pou yo kondui machin ki gen matrikilasyon legal pou Massachusetts. Peyi ki te founi lisans lan dwe gen nivo estanda kondui ki egal ak estanda kondui Massachusetts yo (se RMV ki pral detèmine sa).

Si w se yon vizitè ki soti nan yon lòt peyi, ou gendwa kondui yon machin pasaje prive sou wout Massachusetts yo si w gen plis pase 16 an laj, e si w gen yon lisans valab (pa sou sispansyon oswa revoke) ke peyi kote w soti a founi pou opere menm kalite machin. Si lisans etranje a pa ekri ann anglè oswa li pa gen tradiksyon ann Angle pou esplike detay enpòtan yo, y ap oblige w gen yon tradiksyon ann anglè.

Kit ou gen yon lisans USA, kit ou gen yon lisans etranje, ou dwe gen lisans lòt eta oswa lisans lòt peyi w ki valab sou ou pandan w ap kondui nan Massachusetts. Si yo egzije w gen yon tradiksyon ann anglè, ou dwe tou gen tradiksyon sa a desponib ansanm ak lisans etranje ou a. Yon kontravansyon sou Seksyon 10 se yon ofans kriminèl, kote premye kontravansyon mande yon amann de \$500.

**Demenaje Vini nan Massachusetts:** Si w vin yon rezidan Massachusetts, ou dwe gen yon lisans pou Massachusetts pou asire privilèj chofè w yo. Pa gen peryòd de gras.

### **Règ Lisans pou Pèsonèl Militè yo**

Si w se yon moun aktif nan sèvis militè ki vle kondui nan Massachusetts, ou dwe gen yon lisans valab soti nan eta kote w rezide a. Si w se yon rezidan pèmanan Eta Massachusetts, ou dwe gen yon lisans Massachusetts ki valab. Men kèk eksepsyón:

- Si w ap retounen nan peyi a soti nan sèvis aktif ki deyò USA, e ou gen yon lisans Fòs Lame ki baze nan yon lòt peyi founi w, ou gendwa kondui nan Massachusetts ak lisans sa a pandan yon maksimòm 45 jou.
- Si w gen yon lisans Massachusetts ki te ekspire pandan ou te nan sèvis militè aktif ou, ou gendwa sèvi ak lisans sa a pou kondui yon machin pandan yon maksimòm de 60 jou apre egzeyat onorab ou nan sèvis militè ou. Si w chwazi opsyon sa a, ou dwe gen lisans ekspire w aktout prèv egzeyat ou ansanm avèk ou pandan w ap kondui.

**Sant Kontak RMV: 857-368-8000**  
(soti nan kod telefòn MA 339/617/781/857 oswa deyo MA)  
**800-858-3926** (soti nan tout lòt kod telefòn MA) oswa imèl AskRMV@state.ma.us  
Moun ki soud oswa ki tandé di ka rele gratis nan 877-RMV-TTDD (1-877-768-8833).  
Lè travay Sant Apèl la: lendi a vandredi 9 è am a 5 è pm Adrès entènèt: Mass.Gov/RMV

## Ki Moun ki Kalifye pou Gen yon Lisans Massachusetts?

Nenpòt moun ki se yon rezidan Massachusetts, ki gen pou pi piti 16 an laj, e ki potko gen yon lisans revoke, oswa yo pa t' revoke dwa moun nan te genyen pou l' kondui, gendwa kòmanse pwosesis pou l' jwenn yon lisans Klas D oswa Klas M lè li fikse yon randevou nan nenpòt Sant Sèvis RMV.

### *Lisans Massachusetts la se Sèlman pou Rezidan Massachusetts yo*

Selon lalwa, se sèlman rezidan Massachusetts yo ki gendwa resevwa yon lisans oswa kat ID Massachusetts (eksepte pou kat ID pou achte Alkòl). Yo pa gendwa founi Lisans yo sèlman pou konvenyans moun k ap fè biznis oswa pou touris ki soti nan lòt eta oswa lòt peyi yo ki gendwa isi pandan yon ti tan, ni pou moun ki pa rezidan men ki pwopriyetè kay, oswa ki pase tan nan Massachusetts men yo toujou kenbe rezidans legal yo nan yon lòt eta. Pou jwenn yon lisans, ou dwe ranpli tout kalifikasyon pou moun jwenn lisans anba lalwa, san wete rekiz ki di ou dwe yon rezidan legal Massachusetts.

**Lalwa Massachusetts lan oblige moun ki kondane pou krim seksyèl yo enskri non yo ak lapolis lokal kote yo rete. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 1-800-93-MEGAN.**

### *Obligasyon Laj*

Moun ki gen poko gen 16 an laj pa gen dwa kondui nan Massachusetts. Sa toujou vrè menmsi ou gen yon lisans (oswa yon pèmi aprantisaj) pou yon lòt eta USA, oswa pou yon lòt teritwa oswa peyi, ki pèmèt yon moun ki poko gen 16 an laj kondui.

- Pou fè aplikasyon pou yon pèmi aprantisaj Klas D (machin prive) oswa Klas M (motosiklèt), ou dwe gen omwen 16 an laj.
- Ou kapab jwenn yon pèmi aprantisaj lè w vin gen 16 an, men ou pa gendwa jwenn lisans Klas D oswa yon Klas M jiskaske ou rive gen omwen 16.5 an laj, e ou ou pa dwe gen kontravansyon sou pèmi w pandan 6 mwa youn dèyè lòt, e ou dwe te konplete yon pwogram fòmasyon edikatif pou chofè yo ki apwouve pa RMV a.

**Nòt:** Ou dwe gen omwen 18 an laj anvan w ka fè aplikasyon pou yon Lisans Chofè Komèsyal (Klas A, B oswa C)

### *Pèmisyon nan men Paran oswa Responsab*

Kliyan ki fè aplikasyon pou pèmi, lisans, oswa kat idantifikasiyon, e ki poko gen 18 an laj (minè yo) dwe jwenn pèmisyon nan men yon paran, responsab legal, travayè sosyal, oswa direktè yon lekòl rezidansyèl. Pou yon pèmi aprantisaj oswa kat idantifikasiyon, moun nan bay pèmisyon li lè li siyen do aplikasyon pèmi, lisans, kat idantite a.

Si moun ki siyen do aplikasyon an se pa yon paran, li dwe montre prèv li se responsab legal la nan moman aplikasyon pou pèmi oswa kat idantifikasiyon an, e pou yon lisans, nan moman egzamen kondui a. **Yo gendwa revoke oswa mete yon sispansyon sou lisans ou si gen yon fo siyati.**

## **Politik sou Foto Vizaj**

Tout moun ki ranpli yon aplikasyon pou yon pèmi aprantisaj, lisans, kat idantifikasyon, kat idantifikasyon pou aklòl, oswa kat andikap, dwe pèmèt RMV a pran foto yo.

Sa se pou asire imaj ki sou dokiman an, ak nan dosye RMV a, se vrèman imaj moun ki te bay RMV a enfòmasyon lè li te ranpli aplikasyon pou dokiman an. Anplis, li ede lapolis pi byen idantife moun ki gen foto I sou dokiman an.

Nan foto a, moun nan dwe mete fas li dwat devan kamera a. Tout karaktèristik vizaj moun nan dwe parèt (pa egzanp, je, nen, bouch, djòl, eksetera). Aparans imaj lan dwe montre tout vizaj moun nan byen klè. Yo pa pèmèt moun mete okenn bagay ki kouvri vizaj li, kit twal la solid kit li tranzparan (foula, vwal, linèt/linèt soleÿ, linèt de pwoteksyon, mask chijiri/mask pousyè, eksetera). Yo pa pèmèt moun mete linèt pou li oswa linèt preskripsyon yo, menmsi moun nan konn mete yo nòmalman. Yo pa pèmèt moun mete chapo, sóf si se yon bagay li mete pou rezon medikal oswa relije, e sèlman si li pa kouvri vizaj moun nan. Yo gendwa pèmèt bab, moustach ak perik, men sèlman si bagay sa yo pa kache karaktèristik vizaj moun nan e yo pa chanje aparans moun nan. Yo pèmèt tatwaj ki pèmanan yo, men pa tatwaj tanporè yo. Yo pa pèmèt kas Bloutouf.

## **Egzamen Vizyon Obligatwa**

Nou fè yon tès sou vizyon w pou n asire ou kapab kondui yon veyikil an sekirite. Yon grefye RMV ap kondui tès vizyon w lè w fè aplikasyon pou yon pèmi aprantisaj oswa yon lisans pou kondui. Y ap teste vizyon w pou verifye si w ka wè bagay ki pwòch, bagay ki lwen, si w wè koulè, ak si w gen vizyon periferal. Si nòmalman ou konn mete linèt oswa lanti kontak pou wè adistans, ou dwe mete yo pandan w ap fè egzamen vizyon an.

Pou w kalifye pou lisans Klas D oswa Klas M, kapasite vizyon w dwe rive nan omwen 20/40 presizyon nan je w ki pi fò (je ki korije a), e ou dwe gen omwen 120 degre vizyon periferal orizontal (pou toulede je yo ansanm), pou w resevwa yon lisans nòmal. Si vizyon w ki korije a se ant 20/50 ak 20/70 nan je ki pi fò a, ou gendwa kalifye pou yon lisans pou kondui pandan lajounen sèlman. Si w pa pase, oswa w refize pran, oswa ou pa kapab pran egzamen vizyon an, ou gendwa remèt yon Sètifica Egzamen Vizyon (VSC) doktè je w konplete. RMV a gendwa aksepte Sètifica Egzamen Vizyon sa a nan plas egzamen vizyon an kòm prèv ke ou rive konplete nivo minimòm vizyon pou jwenn yon lisans.

**Ou gendwa telechaje Sètifica Egzamen Vizyon an nan sit entènèt RMV a, ki se: Mass.Gov/RMV, oswa ou gendwa chèche youn nan piò klinik doktè je yo.**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lòt kalifikasyon vizyon ak kalifikasyon fizik ki nesesè pou w jwenn yon lisans pou kondui nan Massachusetts, oswa pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi pou rapòte kondisyon medikal yo, tanpri rele Afè Medikal yo nan: 857-368-8020. Ou gendwa tou ale nan sit entènèt Estanda Medikal yo nan: (<https://www.mass.gov/info-details/medical-standards-for-passenger-class-d-and-motorcycle-class-m-drivers-licenses>).

## **Verifikasyon Dosye Chofè yo**

Lè w fè yon aplikasyon pou yon pèmi oswa yon lisans, oswa lè w renouvre yon lisans, w ap oblige ba yo yon lisans pandan dènye 10 ane ki sot pase yo, epitou w ap oblige ba yo nimewo lisans lòt eta ou te genyen yo. Sistèm lisans elektwonik RMV a verifye non w, dat nesans ou, Nimewo Sekirite Sosyal ou, ak tout nimewo lisans lòt eta ak Sistèm Pwen Chofè ki Dezòd yo a (PDPS). Sistèm sa a stoke enfòmasyon sou sispansyon ak revokasyon lisans pou tout 50 eta yo. Si w gen yon dosye nan sistèm PDPS la, yo pap pèmèt ou kontinye pwosesis aplikasyon lisans lan jiskaske tout sispansyon oswa kondanasyon nan lòt eta yo gentan rezoud.

Ou pa gendwa gen lisans pou plis pase yon eta. Massachusetts fè pati pwogram Eta-pou-Eta (State-to-State ann anglè), ki verifye ak lòt eta yo si lisans ak kat idantite yo valab. Pwogram Eta-pou-Eta a ap anile nenpòt lisans oswa kat idantifikasiyon ou gen nan yon lòt eta yo lè Massachusetts ba w yon lisans oswa yon kat idantifikasiyon pou eta sa a (eksepte pou kat idantifikasiyon pou achte alkòl).

## **Deskripsiyon ak Klasifikasiyon yo**

### **Kat REAL ID ak Kat Estanda Massachusetts yo (Lisans/Kat Idantite)**

Ou dwe chwazi swa yon Kat Lisans oswa Kat Idantite REAL ID Massachusetts swa yon Kat Lisans oswa Kat Idantite Estanda Massachusetts. Toulede kalite kat yo koute menm pri (gade seksyon *Fre Lisans/Kat Idantite yo*).

#### **7 me 2025: Sa w Bezwèn pou Vwayaje ap Chanje**

Kòmanse nan dat 7 me 2025, w ap oblige gen yon kat REAL ID oswa yon lòt pyès idantifikasiyon akseptab, tankou yon paspò valab, pou vwayaje anndan Etazini oswa pou antre nan kék biling federal yo.

Yon Kat REAL ID Massachusetts bay koresponn ak Akò federal REAL ID 2005 lan. Tip lisans oswa Kat Idantifikasiyon sa a gendwa sèvi pou antre nan kék lokal federal e pou monte avyon anndan Etazini. Si w gen yon paspò oswa yon lòt pyès idantifikasiyon ki akseptab, ou gendwa pa janm bezwen yon REAL ID. W ap jwenn plis enfòmasyon sou REAL ID nan sit: Mass.Gov/ID.

Yon Kat Estanda Massachusetts gendwa yon lisans oswa yon Kat Idantifikasiyon. Yon Kat Lisans Estanda Massachusetts gen menm privaléj kondui ak yon Kat Lisans REAL ID. Men, apre 7 me 2025, ou PAP ka sèvi ak Kat Lisans Estanda kòm yon pyès idantifikasiyon pou aksè federal ankò.

Si w gen yon Kat Estanda Massachusetts, w ap oblige montre yon paspò oswa yon lòt pyès idantite federal ki akseptab pou monte yon avyon domestik oswa pou antre nan kék lokal federal apre 7 me 2025. Administrasyon Sekirite Transpò an pibliye yon lis lòt tip idantifikasiyon y ap aksepte nan sit: [tsa.gov/travel/security-screening/identification](https://tsa.gov/travel/security-screening/identification).

Tout rekiz pou resevwa lisans (laj, sante chofè, egzamen ekri ak egzamen nan wout) yo menm pou toulede tip de kat. Rekiz dokiman ak rekiz aplikasyon yo diferan selon ki tip de kat ou chwazi. Anplis, yo pa gen menm aparans. Chak kat gen mak ak pawòl ki diferan sou fas yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan sit: Mass.Gov/ID.

Ou gendwa gen yon sèl lisans pou kondui oswa Kat Idantite alafwa.

## Akò Mobilite Travay ak Fanmi (WFMA)

Apati 1 jiyè 2023, Massachusetts pa egzije moun k ap fè aplikasyon yo bay prèv rezidans legal pou yo jwenn yon Lisans Estanda Klas D oswa Klas M. Se grasa Akò Mobilite Travay ak Fanmi Massachusetts la (Chapit 81 de Akò 2022 a). Kliyan ki elijib yo dwe ranpli rekiz idantifikasiyon Lisans Estanda yo, e yo dwe pase yon egzamen ekri ak yon egzamen nan wout. Kliyan yo ap resevwa yon Lisans Estanda ki valab pandan 5 an, e kat sa a pral gen menm aparans ak tout lòt Kat Estanda yo. Pou jwen plis enfòmasyon sou WFMA, ale nan sit: Mass.Gov/WFMA.

WFMA a pa aplikab pou okenn klas Lisans REAL ID, Kat Idantite REAL ID, Kat Idantite Estanda Massachusetts, Lisans Chofè Kòmèsyal, oswa Kat Idantite pou Achte Alkòl yo. Ou toujou oblige prezan lalwa pou tout kat sa yo.

## Klas Lisans yo

Tab ki pi ba a bay yon rezime sou tip lisans ki genyen nan Massachusetts. Lisans pou kondui se youn nan fòm idantifikasiyon prensipal ou genyen, piske li montre prèv pou idantite w, rezidans ou, laj ou ak siyati w.

Anplis enfòmasyon pèsonèl ou, yon lisans oswa yon kat idantite RMV ba w tou gen foto w ak siyati w sou li, e yo sere bagay sa yo nan sistem òdinatè RMV santral la.

**Pou jwenn enfòmasyon sou restriksyon oswa apwobasyon veyikil Kòmèsyal yo (Klas A, B, oswa C), gade nan Manyèl CDL ki nan sit: Mass.Gov/RMV.**

**Pou jwenn enfòmasyon sou lisans Motosiklèt (Klas M), gade Manyèl Motosiklèt nan sit: Mass.Gov/RMV.**

### Lisans Massachusetts yo

Klas	Veyikil yo Pèmèt yo
A	Nenpòt konbinezon veyikil ki gen yon klasman pwa total (GCWR) de 26,001 liv oswa plis, sèlman si GVWR veyikil (yo) y ap rale a peze plis pase 10,000 liv. (Moun ki gen lisans Klas A gendwa opere tout veyikil ki nan Klas B, C ak D, si yo gen apwobasyon apwopriye yo.)
B	Nenpòt veyikil poukont li ki gen klasman pwa veyikil total (GVWR) de 26,001 liv oswa plis, oswa nenpòt veyikil konsa k ap rale yon lòt veyikil ki peze pi pitit ke 10,000 liv GVWR. (Moun ki gen lisans Klas B gendwa opere tout veyikil ki nan Klas C ak D si yo gen apwobasyon apwopriye yo.)
C	Nenpòt veyikil poukont li oswa yon konbinezon veyikil ki pa anba definisyon veyikil Klas A oswa Klas B yo, men ki kapab transpòte 16 pasaje oswa plis (chofè enkli nan 16 la), oswa ki oblige gen plak pou materyèl danjere anba prensip 49 CFR 172.500 oswa nenpòt lòt règ federal. (Moun ki gen lisans Klas C gendwa opere tout veyikil ki nan Klas D yo.)
D	Nenpòt veyikil oswa konbinezon veyikil ki pa anba definisyon veyikil Klas A, Klas B, Klas C oswa Klas M. (Nòrmalman se machin prive, SUV, oswa ti minibis fanmi yo).
M	Nenpòt veyikil ki klase kòm motosiklèt selon règ M.G.L. c. 90, § 1.

## Dire Lisans yo

Yon lisans Massachusetts valab pandan 5 an omaksimòm, e an jeneral, li ekspire nan dat nesans ou.

Yo gendwa bay yon Lisans oswa Kat Idantite REAL ID pou yon peryòd tan ki pa dire 5 an, si prezans legal moun ki fè aplikasyon an (selon Depatman Sekirite Nasyonal US la) pap dire 5 an. Minimòm kantite tan prezans legal la dwe dire pou jwenn yon lisans se 12 mwa. Malgrè sa, yo gendwa bay yon moun yon Lisans oswa Kat Idantite REAL ID si li ka bay prèv li kalifye pou peryòd minimòm 12 mwa, menmsi moun nan ap prezan pou yon peryòd tan ki pi piti pase 12 mwa. Fre lisans lan ap ajiste si se pou pi piti pase 5 ane, e lisans lan pap ekspire nan dat nesans ou.

Yon Lisans Estanda ap toujou valab pandan 5 ane.

Ou gendwa renouvelisans oswa kat idantite w jiska 1 an anvan dat ekspirasyon li.

Yo bay kat lisans ak kat idantite ki vétikal e ki make "Poko 21" sou li pou nenpòt moun ki jwenn yon nouvo lisans oswa ki renouvelisans/kat idantite li pandan li poko gen 21 an. Si w renouvelisans oswa kat idantite w anvan dat ou rive gen 21 an, w ap resevwa yon lisans/kat idantite ki vétikal. Lisans/kat idantite sa a ap toujou valab jiskake dat ekspirasyon an, menm apre w rive gen 21 an. W ap ka resevwa yon lisans orizontal apre ou vin gen 21 an laj.

## Restriksyon yo

Yon restriksyon se yon limit yo mete sou privilèj ou genyen pou w kondui. Yo gendwa tou ba w lisans ou ak yon seri restriksyon sou li, e yo endike limit sa yo pa mwayen yon seri lèt alfabetè ki ekri sou fas ak sou do lisans ou.

### Lis Restriksyon yo

RMV a gendwa ajoute nenpòt nan restriksyon ki vini apre yo sou yon lisans:

- 2** Jounal Medikal / Glikoz Obligatwa
- A** Otorize Sèlman Ansanm ak yon Enstriktè Kondui Sètifye
- B** Linèt / Lanti Kontak pou Vizyon
- C** Èd Mekanik
- D** Èd Pwostetik / Èd Medikal Pèsonèl
- E** Transmisyon Otomatik Machin Kòmèsyal (CMV)
- G** Pandan Lajounen Sèlman
- H** Sèlman pou Travay
- I** JOL Limite / Lòt
- J** Lòt
- K** Lisans Chofè Kòmèsyal (CDL) - Nan yon Sèl Eta
- L** Lisans Chofè Kòmèsyal (CDL) - Veyikil Ki Pa Gen Fren Noumatik
- M** Lisans Chofè Kòmèsyal (CDL) - Eksepte Bis Klas A
- N** Lisans Chofè Kòmèsyal (CDL) - Eksepte Bis Klas A & B
- O** Lisans Chofè Kòmèsyal (CDL) - Eksepte Kamyon/Trelè
- P** Pasaje Entèdi nan Bis Kòmèsyal (CMV)
- Q** Klas D Transmisyon Otomatik

R	Lantiy Teleskopik Biyoptik
S	Prèv Nivo Sik nan San
T	Sistèm Lòk Motè
U	Motosiklèt 3 Wou
V	Varyans Medikal
W	Pèmisyon Medikal Yon Sèl Eta
X	Lisans Chofè Kòmèsyal (CDL) – Kago Entèdi nan Tankè Kòmèsyal (CMV) yo
Y	Limite a 14 pasaje
Z	Lisans Chofè Kòmèsyal (CDL) - Noumatik Anlè Idwolik

### ***Restriksyon Medikal yo***

Depatman Medikal, ki evalye aplikasyon lisans pou moun ki gen kondisyon fizik oswa kondisyon medikal ki gendwa gen yon efè sou kapasite li genyen pou l'kondui, gendwa poze restriksyon sou lisans ou ki gen rapò ak kondisyon medikal ou. Pa egzanp, si w pase egzamen pou kondui pandan ou mete linèt oswa lanti kontak, y ap mete restriksyon "Lanti Kòrèktiv" (Kod B) sou lisans ou e ou dwe pote lanti kòrèktiv ou pandan w ap kondui. Si w bezwen yon èd mekanik oswa yon aparèy pwostetik (aparèy adaptif), pou opere yon veyikil, Depatman Medikal la ap mete yon restriksyon ki koresponn ak sitiayson ou. Yo konsidere chak aplikasyon pou yon lisans youn pa youn, e yo gendwa mande w founi yon lèt ki soti nan men doktè w pou yo ka ba w kèk apwobasyon medikal oswa kèk ekipman espesyal pou kondui.

**Si w vin devlope yon kondisyon medikal ki gen yon efè sou kapasite w gen pou kondui, ou dwe enfòme RMV a sou kondisyon ou. Tanpri rele Depatman Medikal nan: 857-368-8020.**

### ***Restriksyon pou Nouvo Chofè yo***

Yo ajoute kod restriksyon pou Nouvo Chofè yo (lèt I) sou lisans chofè ki poko gen 18 an laj. Pou jwenn yon esplikasyon detaye sou Lwa Nouvo Chofè aktout restriksyon ki genyen pou chofè ki poko gen 18 an, gade nan seksyon *Lwa Nouvo Chofè* ki pi ba a.

### **Lwa Lisans pou Nouvo Chofè yo (JOL)**

Chak chofè veyikil oswa motosiklèt ki gen ant 16,5 an a 18 an laj, se yon Nouvo Chofè. Lwa Nouvo Chofè a gen plizyè obligasyon ak restriksyon ladan l'ki gen yon gwò enpak sou fason yon moun ki gen yon Lisans Nouvo Chofè (JOL) ap kondui. Objektif prensipal lwa sa a se pou asire nouvo chofè yo gen opòtinite pou yo kondui pandan gen moun k ap sipèvize ak ede yo devlope bon kapasite pou kondui, toutpandan yo asire nouvo chofè sa yo pa jwenn distraksyon nan men zanmi yo ki poko gen 18 an pandan y ap kondui.

---

### **Rekiz Nesesè pou Jwenn yon JOL**

Yon moun ki fè aplikasyon pou yon lisans, ki gen ant 16,5 an e 18 an laj, dwe konfòme l'ak plizyè kritè pou l' jwenn yon JOL:

- Dwe gen yon pèmi aprantisaj valab pandan omwen 6 mwa konplè anvan li pran egzamen sou wout la. (Si gen nenpòt sispanson, tan an rekòmanse a zewo, e peryòd 6 mwa a rekòmanse apre yo leve sispanson an.)

- Asire dosye chofè li rete san kontravansyon pandan yon peryòd 6 mwa konplè anvan l pran egzamen sou wout.
  - Konplete e pase yon pwogram edikasyon ak fòmasyon chofè ke RMV a apwouye. Pwogram sa a dwe enkli 30 èdtan entrìksyon nan klas; 12 èdtan fòmasyon pandan l ap kondui; ak 6 èdtan nan yon machin pandan l ap suiv lòt chofè aprantaj yo.
  - Konplete omwen 40 èdtan siplimantè kote yon paran oswa yon responsab li ap siveye l pandan l ap kondui, e y ap pwouve sa pa mwayen yon deklarasyon paran oswa responsab la sètifye.
- RMV a ap aksepte yon paran oswa responsab siveye aplikan an pandan 30 èdtan si aplikan an gentan fin konplete yon pwogram aprann kondui.
- Paran an oswa responsab la dwe patisipe nan enstriksyon pwogram aprann kondui a pandan 2 èdtan (sof si yo te déjà patisipe ladan l pandan dènye 5 ane).
  - Pase yon egzamen final, pou RMV a ka jwenn sètifikasi edikasyon chofè elektwonik pou ou.

## Restriksyon Lisans JOL yo

Tout restriksyon ki ekri pi ba yo aplikab pou tout Nouvo Chofè yo:

- Pandan premye 6 mwa apre w fin resevwa JOL ou, ou pa gendwa opere yon veyikil pandan gen nepòt moun ki **poko gen 18 an** nan veyikil la (sof si moun nan se ou menm oswa yon manm fanmi dirék ou), sof si ou gen yon moun ki gen omwen 21 an laj k ap akonpaye w, e si moun sa a gen omwen 1 an eksperyans antanke chofè, li gen yon lisans ki soti nan Massachusetts oswa yon lòt eta, e l ap chita bò kote w.

**Règ Jeneral:** Y ap leve restriksyon pasaje ki aplikab a ou menm antanke yon chofè JOL ki poko gen 18 an yonfwa ou fin pase peryòd 6 mwa a (oswa pati ki aplikab a ou menm), oswa yonfwa w rive gen 18 an laj, sila a ki rive anvan an.

Peryòd restriksyon pasaje ki dire 6 mwa a ap tèmme, tanpòrèman, pandan w gen nepòt sispanson sou lisans ou. Yonfwa JOL ou vin retabli ankò, w ap toujou oblige konplete rès peryòd 6 mwa ki rete a, sòf si kounye a ou gentan gen 18 an laj.

Gade Chapit 3 pou wè yon lis penalite ak amann w ap oblige peye si w dezobeyi nenpòt nan restriksyon sa yo.

- Antanke yon chofè JOL, ou pa gendwa opere yon veyikil nan nuit ant 12:30 am rive 5:00 am sòf si yon paran oswa responsab ou ap akonpaye w. Si yo dekouvi w ap opere yon veyikil an kontravansyon moman restriksyon an, yo gendwa akize kòmsi w t ap kondui san lisans. Sa se yon kontravansyon kriminèl.
- Nòt:** Lalwa di ke ant 12:30 am a 1:00 am, e ant 4:00 am a 5:00 am, lapolis gendwa aplike lwa sa a sèlman lè yo déjà gentan kanpe yon Nouvo Chofè pou yon lòt kontravansyon sikilasyon oswa pou yon lòt kontravansyon. Yo rele sa “aplikasyon segondè”. Kanmenm, li toujou ilegal pou w opere yon veyikil nan lè sa yo si w pa gen yon paran ansanm avè w nan veyikil la.
- Si w yole restriksyon pasaje oswa restriksyon nuit la, yo gendwa mete yon sispanson sou lisans ou pandan 60 jou pou premye kontravansyon, 180 jou pou dezyèm kontravansyon, e pandan 1 an pou chak kontravansyon apre sa. Pou dezyèm kontravansyon an, ou dwe konplete yon kou Refòmasyon Atitud Chofè. Lalwa oblige RMV a ajoute sispanson sa a anplis de tout lòt penalite, amann, sispanson, revokasyon, oswa obligasyon yo gendwa mete an koneksyon ak yon kontravansyon

ou te jwenn pandan moman ou t ap vyole restriksyon pasaje oswa restriksyon nuit la.

- Ou pa gendwa opere yon veyikil ki mande yon **lisans chofè kòmèsyal** (CDL).
- Y ap mete yon sispanson sou lisans ou pandan 1 an si w komèt sètèn ofans kondui anvan w gen 18 an laj, e ofans la te enplike dwòg oswa alkòl (180 jou si w gen laj 18 a 21 an), **anplis nenpòt penalite tribunal oswa lòt lwa ajoute**. (Pou jwenn plis detay, gade seksyon Sispansyon ak Revokasyon Lisans ki nan Chapit 3.)
- Ou pap kalifye pou w resevwa yon lisans konplè jiskaske ou fin konplete peryòd sispanson yo enpoze sou ou pandan ou te gen lisans JOL, e ou rive gen 18 an laj.
- Y ap ba w yon peryòd sispanson adisyonèl ki dire 1 an pou premye ofans kous vitès, e 3 an ofans apre sa. Pou premye ofans vitès ou jwenn, y ap tou ba w 90 jou sispanson sou lisans ou; pou ofans apre yo, y ap mete yon sispanson ki dire 1 an sou lisans ou.
- **Chofè ki pokò gen 18 an laj pa gendwa itilize okenn aparèy elektwonik pou okenn rezon pandan y ap opere yon veyikil.** Sèl eksepsyon se si y ap rapòte yon ka ijans. Gade nan Chapit 2 pou jwenn plis enfòmasyon sou *Lwa Kondui ak Distraksyon/Men Lib, Izaj Selilè*.

## Rekiz Idantifikasyon yo

Akò federal REAL ID a gen yon seri rekiz minimòt eta yo dwe respekte lè y ap pwodui ak bay lisans ak kat idantite yo. Sou jou 7 me 2025, leta federal la ap oblige tout moun montre lisans oswa kati idantite ki make REAL ID, oswa yon lòt pyès idantifikasyon gouvenman federal la aksepte, kòm yon pyès idantifikasyon pou yo ka monte avyon pou yon vol domestik, oswa pou antre nan kèk lokal federal. Ale nan sit: Mass.Gov/ID pou jwenn enfòmasyon Massachusetts REAL ID ki ajou.

Pou fè yon aplikasyon pou yon pèmi, lisans, oswa yon kat idantite, w ap oblige ba yon dokiman idantifikasyon. Dokiman obligatwa sa yo ap differan pou Kat REAL ID ak Kat Estanda Massachusetts yo.

Tout aplikan pou Lisans ak Kat Idantite Massachusetts yo dwe founi dokiman ki vin apre yo:

Lisans ak Kat Idantite REAL ID (valab pou afè federal yo)	Lisans ak Kat Idantite Estanda (pa valab pou afè federal yo)
<ul style="list-style-type: none"><li>• 1 dokiman ki bay prèv ou gen dwa legal pou w preznan nan peyi Etazini</li><li>• 2 dokiman ki bay prèv ou se yon rezidan Massachussets</li><li>• 1 dokiman ki bay prèv Nimewo Sekirite Sosyal ou OSWA yon Avi de Refi Nimewo Sekirite Sosyal ansanm ak Paspò Etranje, Viza ak I-94 a</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• 1 oswa 2 dokiman (sa depann de ki dokiman ou prezante) ki bay prèv dat nesans ou ak idantite w</li><li>• 1 dokiman ki bay prèv ou se rezidan Massachussets</li><li>• Rekiz Nimewo Sekirite Sosyal (YOUN nan dokiman suivan yo):<ul style="list-style-type: none"><li>• Yon Nimewo Sekirite Sosyal ki konfime elektwonikman</li><li>• Yon Avi de Refi Nimewo Sekirite Sosyal ansanm ak Paspò Etranje, Viza ak I-94 a</li><li>• Yon Dokiman Pa Gen Nimewo Sekirite Sosyal ki Notarize – Sa valab sèlman pou kèk kliyan k ap prezante dokiman spesifik e sèlman pou Lisans Estanda (PA pou Kat Idantite Massachusetts)</li></ul></li></ul>

Dokiman idantifikasyon yo dwe soti nan lis *Dokiman Idantifikasyon Apwouye* yo a (ale nan sit: Mass.Gov/ID) e yo dwe akseptab pou RMV a. Ou gendwa oblige founi pyès idantifikasyon pou chak tip de dokiman w ap fè aplikasyon pou li a, menmsi ou deja gen yon pèmi, yon lisans oswa yon kat idantite Massachusetts.

**Tout dokiman yo dwe dokiman orijinal, sòf si yo endike sa pa nesesè. Yo pa aksepte fotokopi. Yo pa aksepte dokiman plastifye.**

Ou ka fè ekonomi tan si w kòmanse ranpli aplikasyon w sou entènèt nan sit Mass.Gov/RMV. Si w antre tout enfòmasyon nan aplikasyon an e ou endike ki dokiman w ap pote yo, sa ap ede w reyisi nan pwosesis dokiman yo.

**Nòt 1:** Diplomat etranje ak lòt ofisyèl gouvènman yo, manm fanmi yo ak èd pèsonèl/anplwaye yo ki deja gen yon lisans Depatman Eta a pa elijib pou resevwa yon lisans Massachusetts.

**Nòt 2:** Si viza w enkli fòmilè siplimantè tankou F1 ak F2 oswa M1 ak M2, piske fòmilè sa yo dwe asosye ak yon I-20, ou dwe remèt yon fòmilè I-20 tou.

**Yo gendwa chanje kritè idantifikasyon yo nenpòt lè.  
Ale nan sit Mass.Gov/ID pou jwenn enfòmasyon ki pi resan.**

Biwo a ap fè verifikasiyon elektwonik pou piò dokiman ki asosye ak achiv nasyonal ak achiv eta yo. Nan piò ka, y ap jwenn rezulta sou validite dokiman yo nan men RMV a nan kèk segonn. Malgre sa, gen kèk verifikasiyon ki mande yon ti tan anplis pou fè kèk rechèch, oswa yo gendwa fè yon verifikasiyon mènyèl tou. Sa pa vle di yo rejte tranzaksyon w. Se jis verifye y ap verifye enfòmasyon yo, e sa mande yon ti tan anplis. An jeneral, ka sa yo fin jere anvan 3 a 5 jou passe, men gendefwa sa ka pran jiska 20 jou. Reprezantan Sèvis Kliyantèl la ap ba w tout enstriksyon ou bezwen yo.

## Nimewo Sekirite Sosyal ak Nimewo Lisans

Ou dwe kalife selon rekiz Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) yo pou w ka fè aplikasyon pou yon pèmi, lisans oswa yon kat idantite, san wete si w ap ranplase oswa renouvel l. Lè w soumett yon aplikasyon, Biwo a ap travay pou verifye SSN ou te bay la ak achiv Administrasyon Sekirite Sosyal la (SSA). Si w pa gen yon SSN, ou gendwa mande yon aplikasyon pou jwenn youn lè w rele nan 1-800-772-1213 oswa lè w ale sou sit SSA.Gov/ssnumber.

Si w gentan fè aplikasyon pou yon SSN ansanm ak biwo SSA a e yo te refize aplikasyon w, ou dwe founi Avi Refi SSA a te ba w (ki gen pi pitit ke 60 jou depi refi a), ansanm ak tout sa ki pi ba yo:

- Prèv stati viza aktyèl ou
- Prèv Rive ak Depa I-94 (li gendwa nan fòma papye ki soti nan Biwo Pwoteksyon Dwàn ak Fwontyè oswa li gendwa yon kopi ou telechaje nan sit: CBP.Gov/i94 a epi enprime l)
- Paspò etranje aktyèl ou

Si w pa gen yon SSN e ou pa kapab fè aplikasyon pou youn, ou gendwa founi yon *Dokiman Pa Gen Nimewo Sekirite Sosyal ki Notarize*, epi fè aplikasyon pou yon Lisans Estanda. Yo pèmèt Dokiman Notarize sa a sèlman pou kèk tip dokiman ki gen rapò ak lwa WFMA a (ale nan sit Mass.Gov/WFMA pou plis enfòmasyon).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason w ka jwenn yon SSN, rele nan 1-800-772-1213. Pou jwenn yon pyès SSN ranplasman, ale nan sit SSA.Gov

## Apèl yo

Si yo refize aplikasyon w, ou gendwa fè yon apèl anvan 10 jou pase apre w te resevwa kopi refi a alekri nan men RMV a. Yo pap pwolonje peryòd 10 jou sa a poutèt nenpòt tan anplis sa mande pou fè ankèt enfòmèl. Ou gendwa fè yon apèl fòmèl sèlman avèk Biwo Apèl sou Politik Responsabilite ak Obligasyon yo a nan adrè ki site pi ba a, e ou dwe peye \$50 pa mwayen yon chèk oswa manda postal.

**Board of Appeal on Motor Vehicle Liability,  
Policies and Bonds Division of Insurance  
One Federal Street, Suite 700 • Boston, MA 02110  
617-521-7794 • State.Ma.US/DOI**

Pou jwenn yon fòmilè elektwonik ki pèmèt ou fè apèl nan Biwo Apèl Depatman Asirans poutèt desizyon RMV a te pran, ale sou sit: *State.Ma.US/DOI* epi tape "appeal form" (fòmilè apèl) nan ti kare rechèch la.

## Fè Aplikasyon pou yon Lisans

Ou dwe gen yon pèmi aprantisaj anvan ou ka fè aplikasyon pou nenpòt lòt lisans. Pou jwenn yon pèmi aprantisaj, ou dwe konplete yon aplikasyon, founi idantifikasiyon, peye fre a, pase yon egzamen sou vizyon, e pase yon egzamen pèmi aprantisaj. Pèmi aprantisaj ou pa tounen yon lisans konplè jiskaske ou pase yon egzamen sou wout e ou fin peye tout fre lisans yo. Si pèmi aprantisaj ou ekspire, ou dwe repase egzamen pèmi aprantisaj la e ou dwe peye fre obligatwa yo ankò.

Si w se yon nouvo rezidan Massachusetts e ou deja gen lisans nan yon lòt eta, li gendwa posib pou chanje lisans ou san w pa oblige pase egzamen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou chanje lisans ak politik lisans etranje yo, ale sou sit: Mass.Gov/RMV.

**Ou ka fè ekonomi tan lè w kòmanse ranpli aplikasyon w sou entènèt nan sit Mass.Gov/RMV. Si w antre tout enfòmasyon nan aplikasyon an e ou endike ki dokiman w ap pote yo, sa ap ede w reyisi nan pwoesisis dokiman yo.**

**Asire se nan sit ofisyèl RMV a ki se: Mass.Gov/RMV. Gen kèk sit ki gendwa parèt similè, ki pretann yo ofri sèvis ak enfòmasyon RMV yo, men ki mande kòb anplis, e yo gendwa pa respekte enfòmasyon prive w ak enfòmasyon finansyè w.**

## Jwenn yon Pèmi Aprantisaj

Ou dwe gen plis pase 16 an laj pou fè yon apikasyon pou yon pèmi aprantisaj Klas D oswa Klas M. Egzamen ou dwe pran pou pèmi aprantisaj la verifye konprenansyon w sou lwa veiyikil ak pratik sekirite nan eta Massachusetts la. Pèmi aprantisaj la ba w otorizasyon pou w kondui (lè w gen yon moun ki gen lisans, e ki gen plis pase 21 an laj ki akonpaye w) pandan w ap travay sou konpetans ou e pandan w ap prepare w pou egzamen sou wout la. Yon pèmi valab pou jiska 2 an.

**Lè w ap fè aplikasyon pou yon pèmi aprantisaj, ou gendwa tou peye alavans pou fre lisans ak fre egzamen sou wout la. Ou gendwa sèvi ak opsyon "Peye Egzamen Sou Wout la/oswa Fre Lisans yo" ki sou sit Mass.Gov/RMV pou peye fre sa yo anvan oswa apre w pran egzamen sou wout la. Si w gentan peye fre yo, y ap tou voye lisans w otomatikman, e ou pap oblige vizite yon Sant Sèvis RMV apre w fin pase egzamen sou wout la.**

Pou w jwenn yon pèmi aprantisaj, suiv etap ki vin apre yo:

1. Etidye tout enfòmasyon ki gen nan mènyèl sa a.
2. Konplete yon aplikasyon pou pèmi aprantisaj, fikse yon randevou pou vizite yon Sant Sèvis RMV, e ranpli aplikasyon an nan sant sèvis la. Pou fè ekonomi tan lè w ap vizite sant sèvis la, ou gendwa ranpli aplikasyon sa a sou nèt sou sit: Mass.Gov/RMV. Si w poko gen 18 an laj, paran w oswa responsab ou ki dwe siyen aplikasyon w.

Pandan w ap konplete aplikasyon an, w ap oblige devwale si w gen nenpòt kondisyon fizik, mantal, oswa medikal, oswa si w ap pran nenpòt medikaman ki gendwa gen yon efè sou kapasite w genyen pou w kondui yon veyikil.

3. Ou dwe atenn tout rekiz idantifikasyon RMV yo (Ale nan sit: Mass.Gov>ID pou plis enfòmasyon).
4. Peye yon fre \$30 pou egzamen pèmi aprantisaj, ki kouvri depans egzamen ou.
5. Y ap pran foto ou e w ap founi yon siyati elektwonik.
6. Pase yon egzamen vizyon nan sant sèvis la, oswa founi yon sètifikasi egzamen vizyon RMV a ki soti nan men doktè w.
7. Pase yon egzamen pèmi aprantisaj ki baze sou enfòmasyon ki nan mènyèl sa a.

Ou gendwa konpoze egzamen pèmi aprantisaj la nan sant sèvis la lè w vini pou ranpli aplikasyon w. Egzamen yo tou disponib sou nèt nan sit Mass.Gov/RMV apre w soumet aplikasyon w. Si w pase egzamen ou sou nèt, men ou pa ka enprime pèmi a, ou ka rele Sant Kontak RMV a nan: 857-368-8110. RMV a kapab enprime pèmi a epi voye l pou ou pa lapòs. L ap pran 5-7 jou travay pou l rive.

**Yon pèmi aprantisaj se yon dokiman ki otorize kèk privilèj chofè ki limite. Dokiman sa a pa gendwa sèvi kòm yon pyès idantifikasyon pou vwayaje. Sa vle di, piò konpayi avyon yo, konpayi bato pou vwayaj, eksitera yo pap aksepte l kòm yon pyès idantite leta founi pou vwayaje.**

### **Pwosedi Egzamen Pèmi Aprantisaj**

Chak egzamen pèmi aprantisaj gen yon seri de 25 kesyon. Kèk nan sijè yo konsidere nan egzamen an se abi sou alkòl, sispansyon, kontravansyon JOL, e anplis, règ sikilasyon ak kesyon sou siy trafik yo. Pou pase egzamen sa a, ou dwe byen reponn omwen 18 nan kesyon yo anvan tan yo ba w fini. Y ap ba w 25 minit pou w konpoze.

Sant Sèvis Konplè RMV yo gen kote w ka konpoze yon fason elektwonik (ATS) ki fasil pou itilize. Yo gen ekran videoyo ki itilize yon pwogram elektwonik k ap bay egzamen pèmi aprantisaj la yon fason vizyèl. Egzamen aprantisaj la disponib nan anpil lang (pou pèmi Klas D oswa Klas M) nan ATS la ak sou nèt. Yo ba w anviwon 1 minit pou w reponn chak kesyon. Oswa, ou gendwa pran egzamen pèmi aprantisaj la sou nèt sou sit: Mass.Gov/RMV apre w gentan vizite yon sant sèvis.

#### **Ou dwe etidye tout mènyèl sa a pou asire w ap ka pase egzamen pèmi aprantisaj la**

Yo pa pèmèt moun sèvi ak Mènyèl Chofè ak lòt referans yo pandan w ap pran egzamen pèmi aprantisaj la, ni pou genyen bagay sa yo nan lokal kote yo fè egzamen an. Nitou, ou pa gendwa pòte okenn aparèy elektwonik (san wete aparèy vizyèl elektwonik), kèleswa itilite aparèy la genyen. Ou pa gendwa ni itilize ni pote kas odio, sòf si w ap itilize yo pou pran egzamen odio a. Ou pa gendwa pote chapo/kepi (sof pou rezon medikal oswa rezon relijiye).

Si w sèvi ak Mènyèl Chofè, lòt materyèl referans, oswa aparèy elektwonik pandan w ap pran egzamen aprantisaj la, y ap konsidere sa komkwa se triche w ap triche.

Si yo dekouvrir w ap triche, oswa w ap eseye triche, w ap fè fayit egzamen an e y ap fè plis ankèt sou ou. Si yo deside ou te triche, ou pap gendwa gen okenn tip de lisans oswa pèmi pandan yon peryòd de 60 jou.

## Egzamen nan Lang Etranje

Si lang anglè se pa lang manman w, ou gendwa mande pran egzamen an nan yon lòt lang. Kounye a, RMV a ofri egzamen pèmi aprantisaj pou Klas D oswa Klas M yo nan plizyè lang. Pèmi aprantisaj pou Klas A, B ak C yo sèlman disponib ann anglè.

### Egzamen pèmi aprantisaj la disponib nan lang sa yo:

Albanè • Arab • Armenyen • Birman • Kanbòdyen (Khmer) • Kreyòl Kap Vèdyen • Chinwa (senplifye) • Chinwa (tradisyonèl) • Fasi • Fransè • Alman • Grèk • Gujarati • Kreyòl Ayisyen • Indi • Ongwa • Italyen • Japonè • Kiswayili • Koreyen • Lawosyen • Pachto Polonè • Pòtigè (Brazilyen) • Ris • Sèbò-Kwoasyen (Latén) • Somali • Espayòl • Tagalòg/Filipino • Tay • Tik • Ikranyen • Oudou • Vyetnameyen

## Egzamen Odyo

Egzamen Odyo yo disponib nan sistèm ATS la. Sistèm sa a pèmèt ou tandem yon vwa eletwonik pandan l ap li kesyon ak chwa repos yo pou ou pandan w mete kas odyo ki konekte nan sistèm ATS la. Egzamen odyo yo disponib nan tout lang yo site pi wo yo pou egzamen Klas D ak Klas M yo, e ann anglè sèlman pou egzamen CDL (Lisans Chofè Kòmèsyal) yo (selon lalwa federal). Limit dire egzamen pou Klas D ak Klas M se 25 minit.

Nenpòt moun gendwa chwazi pran egzamen odyo a. Ou pa oblige pran randevou alavans pou egzamen odyo a, ni ou pa oblige vouni okenn lòt dokiman pou kalifye pou egzamen odyo a.

Si w vle sèvi ak opsyon odyo pou egzamen ou, w ap oblige pote pwòp kas pa w nan Sant Sèvis RMV a. Chak aparèy ATS la gen yon djak invèsèl pou konèkte nenpòt kas.

## Lòt Opsyon Egzamen yo

Si w gen yon andikap entelektyèl oswa fizik ki anpeche w pran yon egzamen pèmi aprantisaj nòmal, ou gendwa mande yo pwolonje dire tan egzamen an, fè egzamen sou papye, oswa pran egzamen an yon fason oral. Pou mande yo pwolonje dire egzamen an, oswa pou pran egzamen sou papye, ou dwe pale ansanm ak Manadjè Sant Sèvis RMV a lè w vizite sant sèvis la.

Pou mande yon egzamen oral, tanpri rele nan 857-368-8105 epi kite yon mesaj ki gen non w, nimewo telefòn ou, detaye sou sa w bezwen, ak sant sèvis kote ou vle pran egzamen an. Apre sa, yon anplwaye Biwo a ap kontakte w pou pwogramme randevou egzamen an.

Pou pran egzamen oral, ou dwe bay manadjè a dokiman ekri ki detaye ki andikap ou genyen. Dokiman sa a gendwa yon lèt nan men dokte w oswa nan men yon Travayè Èd Sosyal, yon Pwogram Edikasyon Endivididyèl (IEP), oswa yon lèt sou papye ofisyèl nan men lekòl. Anplis, w ap oblige founi tout dokiman idantifikasyon obligatwa yo (ale sou sit Mass.Gov/ID pou plis enfòmasyon).

Yo bay egzamen oral sèlman si w rele yo nan nimewo yo site pi wo a alavans pou fikse yon randevou. Pou pwolonje dire egzamen an oswa pou fè egzamen sou papye, ou pa oblige pwogramme sa alavans, e ou pa bezwen founi okenn dokiman siplimantè.

Ale nan sit Mass.Gov/RMV pou jwenn enfòmasyon sou fason w ka jwenn yon entèprtèt oswa sèvis tradiksyon pou egzamen lang etranje.

## Kondui ak Pèmi w

Ou dwe gen pèmi w ansanm avè w nenpòt lè w ap kondui jiskaske w jwenn yon Lisans Nouvo Chofè oswa yon lisans chofè konplè.

Yon pèmi aprantisaj Klas D pèmèt ou kondui yon machin ak limit sa yo:

- Dwe gen yon moun ki gen yon lisans nòmal Massachusetts, oswa lòt eta, ki valab, ki gen omwen 21 ane laj, ki chita bò kote w, e ki gen omwen 1 an eksperyans antanke chofè.
- Si w poko gen 18 an, ou pa gendwa kondui ant lè 12:00 am ak 5:00 am, sòf si ou gen yon paran oswa responsab legal ansanm avè w ki gen yon lisans valab e ki gen omwen 1 an eksperyans antanke chofè.

Yon pèmi aprantisaj Klas M pèmèt ou opere yon motosiklèt ak limitasyon sa yo:

- Ou pa gendwa pote pasaje.
- Ou gendwa kondui sèlman pandan lajounen (ant moman solèy leve ak solèy kouche).
- Ou dwe pot yon kas nòmal ki US DOT sètifye.
- Ou dwe pote linèt, linèt de pwoteksyon, oswa yon pwotèj pou vizaj ou sòf si motosiklèt ou gen yon vit devan.

Yon pèmi aprantisaj Klas D oswa Klas M otorize w opere yon veyikil nan lòt eta akondisyon sa pa vyole lwa lòt eta yo.

**Gade Chapit 3 pou w jwenn yon lis penalite yo bay si w vyole nenpòt nan restriksyon sa yo.**

## Edikasyon Chofè

RMV oblige chofè ki poko gen 18 an yo pran kou chofè pwofesyonèl nan lekòl oswa nan yon lekòl pou chofè yo. Enstriksyon chofè pwofesyonèl ka ede w vin yon chofè ki pi abil, gen plis konesans, e sa ka ede w pase egzamen sou wout pou lisans Klas D oswa Klas M nan sou premye ese w fè. Lòt avantaj ki genyen lè w aprann kondui nan yon lekòl ki sètifye, se ke ou gendwa sèvi ak machin lekòl la pou w fè egzamen sou wout la, e enstriktè a gendwa sèvi antanke sponsò egzamen w.

Tout lekòl chofè pwofesyonèl Massachusetts yo, ki gen ladan lekòl prive ak lekòl piblik, dwe sètifye, e RMV a voye jè sou sa yo fè. W ap jwenn plis enfòmasyon nan sit: Mass.Gov/RMV.

Anplis, ou ka jwenn enfòmasyon sou enstriksyon pou chofè yo lè w kontakte lekòl segondè w.

**Si w gen dout sou kalifikasyon yon lekòl chofè a, mande yo montre w sètifikasi lisans yo. Se RMV ki ba yo.**

Pou fè aplikasyon pou yon lisans Klas D oswa Klas M lè w gen ant 16,5 an ak 18 an, ou dwe konplete yon kou fòmasyon pou chofè yo, ou dwe pase yon egzamen final, e ou dwe gen yon sètifikasi elektwonik nan achiv RMV a ki soti nan men yon lekòl chofè sètifye oswa nan yon pwogram chofè lekòl segondè RMV a apwouve. Prèv ki montre ou te ranpli rekiz sa a ap déjà preznan sou dosye chofè RMV ou a nan moman w ap pran egzamen sou wout la.

Anplis, ou dwe konplete 40 èdtan kondui pandan y ap sipèvize w (30 èdtan si w te konplete yon pwogram devlope kapasite pou kondui), e paran w oswa responsab ou dwe patisipe pandan 2 èdtan nan yon pwogram edikasyon chofè (sof si li te gentan asiste program sa a pandan dènye 5 an).

**Driver Education Certificate Department, Registry of Motor Vehicles**  
**P.O. Box 55889, Boston, MA 02205-5889**

Si w te demenaje vini nan Massachusetts tou dènyèman e ou te deja konplete yon kou edikasyon chofè nan yon lòt eta, ou dwe ranpli yon fòmiliè *Aplikasyon pou Chanje Setifikasi Edikasyon Chofè Lòt Eta a* (ki disponib sou sit Mass.Gov/RMV), epi suiv enstriksyon ki sou aplikasyon an. Y ap verifye ak eta orijinal la ke yo te founi sètifikasi orijinal ou toutbon. Si rekiz lòt eta yo egal ak rekiz Massachusetts yo, oswa si yo plis pase rekiz Massachusetts yo, y ap kreye yon nouvo sètifikasi edikasyon chofè k ap rete nan sistèm elektwonik RMV a. Yonfwa sa fét, ou gendwa pwograme egzamen sou wout la.

**Pou chanje sètifikasi edikasyon chofè lòt eta a, rekiz pwogram ou te pran an dwe egal oswa pi wo pase rekiz Massachusetts yo pou enstriksyon nan klas ak pou enstriksyon nan veyikil. Si w gen nenpòt kesyon, rele RMV nan 857-368-8110.**

## **Pran Egzamen sou Wout la**

Pwochen etap pou jwenn lisans Massachusetts la, se pou w pran yon egzamen sou wout ansam ak yon ofisyèl RMV. Kit se premye fwa w ap fè aplikasyon pou lisans ou, kit w ap chanje lisans ki mande w pran yon egzamen sou wout, ou dwe gen yon pèmi aprantisaj pou klas lisans sa a anvan w programe yon egzamen sou wout. Yo detaye pwosedi egzamen sou wout yo sou paj suivan yo.

Si se yon lisans motosiklèt w ap pran, oswa si w ap ajoute klas motosiklèt sou lisans Massachusetts ou, ou paoblje pran egzamen sou wout la si w dej a gentan resi pase Program Edikasyon Chofè Massachusetts la (MREP), ke RMV a apwouve a.

Pou yon lisans Klas D, ou pa gendwa eseye egzamen sou wout plis pase 6 fwa nan yon peryòd de 12 mwa. Pou yon lisans Klas M, si w pa pase egzamen sou wout la 2 fwa, ou dwe enskri e pase yon kou nouvo chofè anvan w pa pwograme yon lòt egzamen sou wout.

### **Pwograme Egzamen sou Wout**

Pi bon fason pou pwograme, anile, oswa ranvwaye egzamen sou wout la se lè w ale sou sit Mass.Gov/ RMV. Ou gendwa tou rele nan Sant Kontak RMV a. Pa gen fre siplimantè si w anile oswa ranvwaye egzamen an plis pase 72 èdtan anvan randevou a.

Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou sèvis entèprèt oswa tradiksyon pou egzamen sou wout, ale sou sit Mass.Gov/RMV.

Pou jwenn enfòmasyon sou egzamen sou wout pou veyikil ki gen sistèm lòk motè, gade nan seksyon sou *Aparèy Sistèm Lòk Motè* ki nan *Chapit 3 a*.

Si w pa pase egzamen sou wout la oswa si w pa parèt pou egzamen an, ou dwe tann omwen 14 jou anvan w ka refè li.

**Yo pwograme egzamen sou wout youn apre lòt; ou dwe rive atan pou egzamen ou. Si w anreta pou randevou ou, ou pap ka fè egzamen ou, e w ap toujou peye fre egzamen sou wout la.**

Ou dwe peye tout fre yo anvan w pa pran yon lot randevou.

## **Pwogram Edikasyon Chofè Motosiklèt Massachusetts**

Yo fè Pwogram Edikasyon Chofè Motosiklèt Massachusetts la (MREP) pou redui kantite aksidan motosiklèt mòtèl ak asidan ki blese moun lè yo ogmante kantite kou Fondasyon Sekirite Motosiklèt (MSF) apwouve yo pou chofè moto e pou ogmante konpreyansyon ak edikasyon ni pou chofè moto yo, ni pou lòt chofè yo. Si w resi pase yon kou MREP, ou pa oblige pran yon egzamen RMV Klas M sou wout la.

**Si w poko gen 18 an, kou fondamantal MREP pou chofè moto yo se obligatwa pou w jwenn yon lisans Klas M. Anplis, ou dwe gen yon sètifikasi edikasyon chofè.**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kou pou chofè motosiklèt, ni pou nouvo chofè, ni pou chofè ki gen eksperyans, rele nan 857-368-2903 oswa ale nan sit Mass.Gov/RMV.

**RMV a gen yon Manyèl pou Chofè Moto. Manyèl sa a konsantre I sou motosiklèt, e li disponib sou nèt nan sit Mass.Gov/RMV. Ou dwe etidyè mènyèl sa a si w vle jwenn yon pèmi aprantisaj Klas M oswa si w vle ajoute klas motosiklèt sou lisans Klas D ou deja genyen.**

### **Politik sou Anile Egzamen ak Fre yo**

Y ap anile egzamen sou wout yo otomatikman lè Gouvènè a deklare yon eta dijans. Si Gouvènè a deklare yon eta dijans nan yon zòn presi, se sèlman egzamen sou wout nan zòn sa a k ap anile.

Evalyatè k ap bay egzamen sou wout la gendwa anile egzamen an si yo jiye tan an ap bay kondisyon ki danjere. Pou detèmine si egzamen sou wout pa w la anile, tanpri ale sou sit Mass.Gov/RMV pou jwenn avi ki poste oswa rele Sant Kontak RMV a. Pou nenpòt nan ka yo sòt mansyone yo, ou gendwa pran yon lòt randevou pou egzamen sou wout pa w san w pap peye lòt fre. Malgre sa, w ap oblige peye pou egzamen sou wout la si ou...

- Pa pase egzamen an
- Pa t prepare pou egzamen an
- Yo refize kite w pran egzamen an paske veyikil ou a pa pase enspeksyon evalyatè a fè
- Ou pa vini ak yon sponsò kalifye
- Ou pa vini pou egzamen an, oswa ou rive anreta pou egzamen an
- Ou anile oswa ranvwaye egzamen an san w pa di yo sa omwen 72 èdtan alavans

### **Egzamen sou Wout ki Reje**

Evalyatè ki fè egzamen sou wout la gendwa refize kondui egzamen an pou rezon sa yo:

- Ou menm oswa sponsò w montre siy ou anba enflyians alkòl oswa dwòg
- Gen odè alkòl oswa odè marigwana swa sou ou menm, swa sou sponsò w. Odè a gendwa soti nan rad ou oswa anndan veyikil ou.
- Gen timoun minè oswa bêt ki prezan anndan veyikil la e ou pa gen posibilité kite yo nan Sant Sèvis la san sipèvizon. Yo pèmèt animal sèvis yo rete anndan veyikil la, men yo pa pèmèt animal sipò emosyonèl yo.

## **Prepare w Pou Egzamen sou Wout la**

Konsilte paj sa a pou prepare pou egzamen sou wout la: [www.mass.gov/guides/road-test-information](http://www.mass.gov/guides/road-test-information)

Jou w ap pran egzamen Klas D ou a, ou dwe ranpli kèk kritè:

1. Ou dwe konplete aplikasyon pou egzamen sou wout, e si w poko gen 18 an, paran oswa responsab legal ou dwe te gentan konplete seksyon pèmisyon pou paran yo.  
Lè w konplete aplikasyon pou egzamen sou wout la, ou dwe devwale si w gen yon kondisyon fizik, mantal oswa medikal, oswa si w ap pran medikaman ki gendwa gen yon efè sou kapasite w pou opere yon veyikil. Si w genyen kondisyon sa yo, anvan w pran egzamen sou wout la ou dwe soumèt yon lèt apwobasyon medikal doktè w bay. Evalyatè egzamen sou wout la ap evalye aplikasyon w epi swa l ap apwouve l, swa l ap voye aplikasyon w nan Biwo Depatman Medikal la pou yo ka evalye l.
2. Ou dwe vini ak pèmi aprantisaj ou enprime.
3. Ou dwe vini ak yon sponsò ki kalifye (gade seksyon *Kritè pou Sponsò yo*) Sponsò a dwe gen lisans li ki valab ansanm avè l.  
Nòt: Yon sponsò pa nesesè pou egzamen sou wout pou lisans Klas M.
4. Ou dwe founi yon veyikil ki akseptab, ki ekipli nòmal, ki rejistre legalman (aktout sètifikasi matrikilasyon an) pou sèvi pou egzamen sou wout la (gade seksyon *Kritè pou Veyikil Pasaje yo*).

**Si w poko gen 18 an, dosye chofè w pa dwe gen yon kontravansyon sou li pandan peryòd 6 mwa ki vini anvan dat ou te fè aplikasyon pou egzamen an. Ou pap ka pran egzamen an si ou...**

- Te fè eksperyans nenpòt ensidan sichajab (pa egzanp, aksidan ou responsab, enfraksyon veyikil) selon Iwa Massachusetts oswa selon Iwa yon lòt eta
- Te gen sispansyon sou pèmi w paske w te gen kontravansyon sou dwòg oswa alkòl
- Te kondane paske ou te vyole nenpòt Iwa ki gen rapò ak dwòg oswa alkòl selon Iwa Massachusetts oswa selon lòt eta

Nòt: Menmsi dosye chofè w tou pwòp pou peryòd 6 mwa anvan dat ou te fè aplikasyon pou egzamen sou wout la, si RMV a dekouvre gen yon bagay ki te fèt ant dat ou te fè aplikasyon pou egzamen sou wout la ak dat aktyèl egzamen an ki rann dosye chofè w pandan peryòd 6 mwa a pa pwòp ankò, yo pap pèmèt ou pran egzamen sou wout la nan moman ou te pwograme l. W ap oblige rekòmanse yon nouvo peryòd 6 mwa, sòf si ou rive gen 18 an anvan lè sa a rive.

Pou yon egzamen sou wout pou lisans Klas M, ou dwe vini ak pèmi aprantisaj enprime ou, yon fòmilè aplikasyon pou lisans tou konplete, yon motosiklèt ki ekipli nòmal e ki gen matrikilasyon legal, men ou pa oblige vini ak yon sponsò. Si w poko gen 18 an, ou pa kalifye pou pran yon egzamen sou wout pou Klas M, e ou dwe konplete kou fondamantal MREP pou chofè moto yo pou jwenn yon lisans Klas M.

### **Rekiz pou Sponsò**

Pou lisans Klas D, ki gen ladan I JOL tou, ou dwe gen yon sponsò avè w lè w pran egzamen sou wout la, menmsi ou déjà gen yon lisans etranje ki valab. Lè w rive nan lokal egzamen an, ou dwe gen yon moun avè w ki gen lisans. Moun sa dwe...

- Gen omwen 21 an laj
- Gentan gen omwen 1 an eksperyans kòm chofè
- Gen yon lisans eta kote yo soti a te founi, ki valab. Moun ki gen lisans etranje yo pa kalfiyé pou sponsò.

Chofè yo pa gendwa sèvi kòm sponsò pou plis pase 3 moun pandan yon peryòd 12 mwa san yo pa gen otorizasyon Pwogram Egzamen sou Wout RMV a.

**Si w pa gen yon sponsò, yo pap kite w fè egzamen sou wout pou lisans Klas D.**

### **Kritè pou Veyikil Pasaje yo**

Pou evalyatè a apwouve yon veyikil pou sèvi pou egzamen sou wout la, veyikil la dwe ranpli tout kritè yo site nan seksyon sa a.

An jeneral, veyikil ou sèvi pou egzamen sou wout la dwe yon veyikil ki bon e ki an bon kondisyon mekanik. Ou dwe montre evalyatè a papye matrikilasyon veyikil la, e veyikil la dwe pase yon enspeksyon. Y ap anile egzamen ou si evalyatè a jije veyikil ou pa bon. Anplis pou l se yon machin ki an sekirite, veyikil ou dwe ranpli kritè sa yo:

- Dwe gen kont plas pou evalyatè a ka chita bò kote w, e sponsò w ka chita nan plas dèyè w. Ou pa gendwa sèvi ak yon veyikil ki pa gen plas pou sponsò w. Sponsò w pa gendwa chita dèyè, deyò kabèn nan nan yon kamyonèt.
- Dwe gen yon fren pakin ki aksesib pou evalyatè a kanpe nan ann ijans. Chak evalyatè ap detèmine si yo ka gen aksè a fren pakin nan si ta gen yon ijans. Pou asire pap gen pwoblèm, ou ta dwe vini ak yon veyikil ki gen fren pakin nan nan yon pozisyon santral. Si w gen kesyon sou si yon veyikil akseptab, ou ta dwe ale ak veyikil la nan lokal kote w pral fè egzamen sou wout la, jou anvan egzamen an.

Si ou pa ka pran egzamen an sèlman paske evalyatè a jije li pap gen aksè a fren pakin nan, yo pap chaje w fre pou egzamen sa a.

Veyikil enstriksyon chofè yo dwe gen yon fren segondè pou pye enstriktè a oswa evalyatè a, e dwe gen siy apwopriye ki make sa.

Nan kèk veyikil ki gwo, tankou kèk minibis, fren pakin nan twò lwen pou evalyatè a ka gen aksè avè l nan ka dijans. Veyikil sa yo pa akseptab pou egzamen sou wout yo, e evalyatè a ka refize l pou egzamen an.

- Si veyikil egzamen ou a se yon veyikil lòt eta, ou dwe founi prèv asirans k ap egal ak sa minimòm asirans Massachusetts la kouvari oswa plis, ki se \$20,000/\$40,000 pou blesi fizik ak \$5,000 pou domaj nan pwopriyete.
- Yon papye ak politik, oswa yon sètifikasi ki site limit asirans lan kouvari, ka sèvi kòm prèv asirans veyikil la.
- Si se yon veyikil w ap louwe pou egzamen sou wout ou, ou dwe montre evalyatè w kontra ak konpayi kote w te louwe veyikil la, ak yon lèt sou papye ofisyèl konpayi a ki otorize w sèvi ak veyikil la pou yon egzamen sou wout pou yon lisans. Ou pa oblige founi enfòmasyon sa yo pou veyikil de lokasyon yo.

Ou pap ka itilize yon veyikil ki gen youn nan kawotchou yo ki se yon ti kawotchou derechanj tanporè.

## **Politik pou Itilize Veyikil ki gen Plak Dilè, Fèm ak Reparasyon**

Ou pa gendwa pran egzamen sou wout ak yon veyikil ki gen plak "Dilè" sòf si ou ka bay kont prèv k ap satisfè evalyatè a ke se ou menm ki pwopriyetè dilèchip oswa konjwen dilè a, oswa yon vandè k ap travay nan dilèchip la. Yo ka itilize yon veyikil ki gen plak fèm, si ou bay evalyatè prèv ki satisfè l ke ou se yon manm fanmi oswa yon anplwaye pwopriyetè fèm nan. Si veyikil la gen plak fèm, veyikil la pa gendwa yon veyikil pasaje, men li gendwa yon kamyonèt ki gen plas dèyè nan kabin nan pou sponsò a. Yo pa pèmèt moun pran egzamen sou wout ak veyikil ki gen plak reparasyon.

### **Pwosedi Egzamen pou Veyikil Pasaje**

Gen video pou egzamen sou wout ki disponib nan sit Mass.Gov/RMV nan seksyon egzamen sou wout.  
Videyo sa yo ap ede w prepare pou egzamen ou, e y ap ede w konnen kòman egzamen an ap ye.

Ou dwe rive anviwon 15 minit anvan lè pou randevou egzamen sou wout la. Si w anreta, li posib ou pap ka pran egzamen sou wout la.

Anvan egzamen sou wout la, evalyatè RMV a ap fè enspeksyon veyikil ou pou asire li gen matrikilasyon kòrèk, tout ekipman yo annòd, e ke veyikil la ka asire gen plas ki apwopriye, ki pwòp e ki asire sekirite evalyatè a, e ke evalyatè a gen aksè fasil a fren pakin.

Pandan w ap pran egzamen sou wout pou lisans Klas D, ou dwe montre ou gen kapasite ak konpetans nesesè pou woule piò machin prive yo, kamyonèt, minibis ak SUV yo. Piò veyikil ki resan yo tou ekipte ak "opsyon espesyal", tankou sensò pou fè bak, kamera pou fè bak, pakin paralèl otomatik, ak operasyon endependan gide pa GPS. Opsyon sa yo ede yon chofè devlope konpetans pandan l ap kondui, pakin, oswa fè bak. Aparèy sa yo pa oblje dekonekte. Men, y ap teste konpetans ou pou w kondui san w pa sèvi ak opsyon sa yo. Si gen ekipman adaptif ki enstale e ki nesesè pou yon rezon medikal, oswa si ou bezwen sèvi ak opsyon sa yo, y ap ajoute yon restriksyon "èd mekanik/lojisyl" sou lisans ou.

Apre evalyatè a verifye e apwouve veyikil ou, egzamen an ap kòmanse. Se sèlman ou menm, evalyatè a, ak sponsò w k ap nan veyikil la pandan egzamen an. Evalyatè a ap chita nan plas ki bò kote w; sponsò w dwe chita nan plas dèyè w. **Timoun ak bèt domestik entèdi nan veyikil la pandan egzamen an.** Yo pèmèt animal sèvis yo anndan veyikil la, men yo pa pèmèt animal pou sipò emosyonèl yo. Yo gendwa pèmèt yon entèprèt vini nan veyikil la pandan egzamen an. Ou menm ak sponsò/entèprèt ou pa gendwa pale si evalyatè pa a bay otorizasyon.

Objektif evalyatè a se pou obsève pèfòmans ou pandan w ap kondui. Pandan egzamen sou wout la, ou dwe prepare w pou demontre kapasite ou genyen pou w...

- Bay siyal ak men w
- Demare motè a
- Avanse e kanpe veyikil la
- Pakin Paralèl
- Fè bak veyikil la anviwon 50 pye distans
- Fè veyikil la vire agòch adwat
- Avanse, kanpe, e vire veyikil la pandan li sou yon pant

- Vire veyikil la nan mitan yon wout (vire 3 pwen)
- Antre ak soti nan kafou yo
- Rekonèt e obeyi siy trafik yo, limyè ak siyal yo, ak lòt règ sikilasyon yo
- Itilize bonsans lè w ap kondui

Anplis de jije konpetans chofè jeneral ou, evalyatè a ap note nan ki nivo ou suiv pwosedi jeneral chofè yo, tankou si w...

- Gen bon posti nan fason w chita, ak toulede men w toujou byen pozisyone sou volan an
- Woule nan liy kòrèk la, byen veye e fè siyal yon fason kòrèk anvan w chanje liy trafik
- Asire w kenbe ase distans ant veyikil pa w ak sila a ki devan w la
- Toujou woule nan vitès ki kòrèk, ki koresponn ak limit vitès yo e ak kondisyon trafik ki konn chanje
- Sede dwa pasaj nan kafou yon fason kòrèk
- Toujou teni kont de aksyon w, e an patikilye sou aksyon lòt chofè yo tou

**RMV a gen yon Manyèl Motosiklèt. Manyèl sa a konsantre I spesifikman sou motosiklèt, e li sèlman disponib sou nèt nan sit Mass.Gov/RMV. Ale sou sit la pou w jwenn enfòmasyon nesesè si w vle jwenn yon lisans motosiklèt ak pou vin yon pi bon chofè motosiklèt.**

### **Egzamen sou Wout pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di yo**

Si w se yon moun ki soud oswa ki tandé di, ou kapab pwograme yon egzamen sou wout lè w rele nan 1-877-RMV- TTDD (1-877-768-8833). Esplike sa w bezwen, lokal kote w vle pran egzamen sou wout la, nimewo telefon ou, adrès lakay ou, ak adrès imèl ou. Depatman Lisans Chofè yo a ap kontakte w pou pwograme yon egzamen sou wout. Yonfwa yo fikse randevou pou egzamen an, y ap kontakte Biwo pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di yo pou òganize yon entèprèt.

Anvan egzamen an kòmanse, evalyatè a pral esplike eleman egzamen yo, ak pi bon fason pou w kominike ansanm avè I pandan egzamen an. Y ap founi ou menm ansanm ak entèprèt la yon esplikasyon alekri sou egzamen an ak eleman rekiz yo pou w konsidere anvan egzamen an kòmanse.

Si w gen nenpòt kesyon pandan egzamen sou wout la, y ap pèmèt ou rale veyikil la arebò lari a (lè sa pa poze okenn danje) epi kominike ak evalyatè a.

Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou sèvis entèprèt oswa sèvis tradiksyon pou egzamen sou wout, ale sou sit Mass.Gov/RMV.

### **Kèk Rezon Komen Moun Pa Pase Egzamen sou Wout**

- Ou t ap kondui yon fason ki gendwa lakòz yon aksidan, oswa yon fason danjere selon pwenvi evalyatè a.
- Ou te dezobeyi yon lwa oswa yon règ sikilasyon.
- Ou te demontre yon mank eksperyans pou opere yon veyikil an sekirite.
- Ou te refize suiv, oswa ou te dezobeyi, enstriksyon evalyatè yo.
- Ou pa t konnen kijan pou w fè siyal ak men w (gade paj 77).
- Ou te lakòz yon aksidan ak yon lòt veyikil, pyeton, oswa lòt bagay.

**Not:** RMV a pa tolere sa ditou pou yon aplikan oswa yon sponsò demontre I vyolan oswa menasan.

## **Resevwa Nouvo Lisans Ou**

Pou evite vizite Sant Sèvis RMV a apre w fin pase egzamen sou wout ou, ou gendwa swa peye pou egzamen sou wout la ansanm ak fre lisans yo nan moman ou pwogramme egzamen an, oswa ou ka peye l sou nèt nan sit Mass.Gov/RMV lè w sèvi ak tranzaksyon "Peye Egzamen sou Wout e/oswa Fre lisans" ("Pay My Road Test and/or License Fees" ann anglè).

Si w pase egzamen sou wout la, ou te peye alavans pou lisans ou, e ou pa gen okenn obligasyon yo egzijé sou ou, evalyatè a ap mete yon so sou pèmi w, e sa ap tounen yon lisans tanporè, ki valab pandan 60 jou (sof si pèmi a ekspire anvan sa). RMV a ap fè yon nouvo lisans pèmanan ki gen foto w, e y ap voye l pou ou pa lapòs. Si w gen plis pase 20 an, men foto yo gen de ou se foto ki te fèt anvan ou te gen 20 an, w ap oblige pran yon randevou pou w vin pran lisans ou nan yon sant sèvis.

Si w pase egzamen sou wout la e ou potko peye pou lisans ou, ou dwe peye anvan 60 jou pase. Ou met peye swa sou nèt, swa lè w pran yon randevou pou ale nan yon sant sèvis ak rezulta egzamen sou wout la nan men w. Tanpri note, si w peye sou nèt, men ou pa ale nan sant sèvis la, ou pap resevwa yon lisans tanporè. (Nòt: Si w pa peye anvan 60 jou pase apre w fin pase egzamen sou wout la, ou ka oblige repran egzamen an ankò e se ou menm k ap peye pou sa.)

Si lisans pèmanan ou pa rive anvan 30 jou pase, tanpri rele Sant Kontak RMV a.

Nenpòt lè w opere yon veyikil nan Massachusetts, lalwa oblige w pote yon lisans valab sou ou oswa touprè w nan veyikil la.

**Yo fè lisans Massachusetts yo nan yon lokal ki sekirize e nòmalman yo voye lisans yo 10-14 jou apre w vizite Sant Sèvis RMV a.**

Nan sant sèvis la, w ap resevwa yon resi ou ka itilize kòm yon lisans tanporè. Resi sa a bay prèv ou gen privilèg pou w kondui pandan y ap pwodui lisans pèmanan ou nan faktori a. Ou pa ka sèvi ak resi a pou yon pyès idantifikasyon. Sa vle di pifò konpayi avyon, konpayi bato, eksétera yo pap aksepte l kòm yon pyès idantifikasyon eta a founi ki pèmèt ou voyaje.

## **Chanje Lisans Soti nan yon Lòt Zòn**

### **Chanje Lisans Nouvo Chofè**

Chanje yon lisans pou yon Nouvo Chofè mande pou w founi yon kopi dosye chofè w sètifye soti nan eta kote w soti a, e anplis ou dwe ranpli kritè rekiz RMV yo pou idantifikasyon (ale nan sit Mass.Gov/ID pou jwenn plis enfòmasyon). Ou dwe gen yon sètifikasi edikasyon chofè elektwonik Massachusetts nan achiv elektwonik RMV yo. (gade seksyon *Edikasyon Chofè*) e ou dwe akimile 40 èdtan anplis pandan w ap kondui ak yon moun ki sipèvize w (30 èdtan si w gentan konplete yon pwogram devlope konpetans chofè), selon dokiman paran oswa responsab ou voye ki sètifye sa.

W ap anba tou pwovizyon ak lwa Massachusetts pou JOL yo (Gade seksyon *Lwa sou Lisans pou Nouvo Chofè yo*). Sèl eksepsyon se peryòd tan w ap anba restriksyon pasaje a, ki depann de dosye chofè w. Si dosye w montre ou te gen yon lisans valab pandan 6 mwa, san sispansyon ni revokasyon, ou pap anba restriksyon pasaje a.

**Pou chanje yon sètifica edikasyon chofè lòt eta, pwogram ou te konplete a dwe rive nan nivo Massachusetts oswa plis pou egzijans minimòm pou tan sal klas ak tan enstriksyon nan veyikil la. Si w gen nenpòt kesyon, rele Sant Kontak RMV a.**

## Chanje Pèmi

Ou gendwa chanje Pèmi Aprantisaj Klas D ak Klas M ou pou youn ki egal ak pèmi Massachusetts bay, si w atenn egzijans idantifikasiyon RMV yo (ale nan sit Mass.Gov/ID pou jwenn plis enfòmasyon). Pou w kalifye pou chanje pèmi w, ou dwe founi yon pèmi lòt eta ki pa gen plis pase 2 an. Anplis, ou dwe founi yon dosye chofè sètifye (ki gen pi pitit ke 30 jou depi l soti).

Si w poko gen 18 an, paran w oswa responsab ou dwe siyen aplikasyon an. Ou pap oblige pran egzamen pèmi aprantisaj la; men, w ap oblige peye fre li a. Yon pèmi ki chanje a ap gen dat ki koresponn ak dat oriinal pèmi a pou toujou respekte peryòd 6 mwa eksperyans pou chofè ki poko gen 18 an. Pèmi Massachusetts bay la ap ekspire 2 an apre dat ajiste a, oswa pou aplikan REAL ID yo, lè vizit otorize w nan peyi Etazini fini (sa ki rive anvan).

## Chanje Lisans Ki Soti nan Teritwa USA, Kanada oswa Meksik

Lè w ap chanje yon pèmi oswa yon lisans soti nan youn nan 14 Teritwa US yo, Kanada oswa Meksik, ou dwe atenn egzijans idantifikasiyon RMV yo. Ou dwe founi yon dosye chofè oriinal sètifye ki soti nan teritwa oswa peyi kote w soti. Istwa sa yo pa gendwa pi ansyen pase 30 jou. Gade nan sit Mass.Gov/RMV pou jwenn enfòmasyon sou politik pou tradui dokiman etranje yo.

Ou dwe founi yon dosye chofè oriinal sètifye soti nan 14 Teritwa US yo, Kanada ak Meksik paske dosye chofè nan peyi sa yo pa disponib pou RMV a wè yo nan fòma elektwonik nan Sistèm Pwen Chofè ki Dezòd la.

### 14 Teritwa US yo se:

Samowa Ameriken • Zilè Baker • Gwam • Zilè Howland • Zilè Jarvis • Atol Johnston • Resif Kingmàn • Zilè Midway yo • Zilè Navasa • Zilè Mariana Nò yo • Atol Palmayra • Pwèto Riko • Zilè Vyèj US yo • Zilè Wek yo

Sous – Liv Verite sou Monn nan (The Worldfact Book) (U.S. CIA-2004)

Yon ak de nesans Pwèto Riko valab sèlman si li te soti sou dat 1 jiyè 2010 oswa aprè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa ak de nesans Pwèto Riko, ale sou sit Administrasyon Afè Federal Pwèto Riko ([Puerto Rico Federal Affairs Administration website](#)).

## Enskri pou Vote

Si w se yon sitwayen US e ou gen dwa legal pou w vote, lè w fè yon tranzaksyon lisans, pèmi oswa kat idantite, y ap voye enfòmasyon w nan biwo eleksyon ki awopriye a. Y ap sèvi ak enfòmasyon sa yo pou enskri w pou vote, oswa pou fè mizajou sou enskripsyon aktyèl ou.

W ap resevwa yon fich ak enfòmasyon votè w pa lapòs nan men ofisyèl eleksyon yo. Enfòmasyon sa yo ap gen ladan l enfòmasyon sou kijan ou ka enskri nan yon pati politik. L ap tou ba w opsyon pou w refize enskri pou vote.

Ou dwe sitwayen US, e ou dwe gen omwen 16 an pou enskri pou vote.

Ou dwe gen omwen 18 an pou w kalifye pou vote.

Si w enskri pou w vote e ou chanje adres ou, y ap voye enfòmasyon w anvan nan Biwo Votè Santral Sekretè Eta (“Secretary of State’s Central Voter Registry” ann anglè), epi apre sa nan biwo eleksyon lokal ou, e se yo menm k ap voye ba w yon avi konfirmasyon pa lapòs.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan w ka eskri pou w vote oswa pwosesis eleksyon an, rele nan Liy Eleksyon Eta a nan 1-800-462-VOTE oswa 617-727-2828.

## Notasyon pou Ansyen Militè

Si w se yon ansyen militè Fòs Lame US yo e ou te resevwa egzeyat onorab, ou gendwa chwazi pou yo mete “Ansyen Militè” (“Veteran” ann anglè) enprime sou lisans oswa kat idantifikasyon ou. Yo ka ajoute notasyon Ansyen Militè lè w fè aplikasyon pou, renouvele, oswa komande yon dezyèm pèmi aprantisaj, lisans oswa yon kat idantite. Pa gen fre anplis pou jwenn Endikatè Ansyen Militè. Si lisans oswa kat idantite ou pa kalifye pou l renouvele, ou ka jwenn yon dezyèm kat gratis ak Endikatè Ansyen Militè a sou li. Fre tranzaksyon nòmal yo aplikab pou lòt tranzaksyon yo. Ou dwe fikse yon randevou epi montre an pèsòn youn nan dokiman sa yo pou bay prèv ou te jwenn egzeyat onorab nan yon Sant Sèvis RMV:

- Fòmilè DD-214 ki endike egzeyat onorab
- Fòmilè DD-215 ki endike egzeyat onorab
- Yon fòmilè Egzeyat Onorab

Enfòmasyon ki sou fòmilè a dwe tape alamachin (pa ekri alamen).

## Pwogram Don Ògàn ak Tisi

Chak jou, gen 17 moun Etazini ki mouri pandan y ap tann pou resevwa grèf yon ògàn. Aktyèlman, gen plis pase 120,000 pasyan an total k ap tann pou resevwa yon grèf ògàn. Gen de milye plis k ap tann grèf tisi k ap amelyore lavi yo.

Lè w fè aplikasyon pou w jwenn yon lisans oswa yon kat idantite Massachusetts, w ap gen okazyon pou vin yon moun ki vle fè don ògàn oswa tisi. Lè w enskri nan pwogram RMV pou fè don ògàn oswa tisi, y ap antre w nan Rejis Don Massachusetts la ki vle di ou bay otorizasyon legal pou w fè don. Men, ou ta dwe pataje desizyon w pou fè don ògàn ak tisi ou yo ak fanmi w e zanmi w pou yo ka konnen desizyon w.

Ou ka enskri pou fè don ògàn ou, oswa chanje stati donatè w nenpòt lè nan sit Mass.Gov/RMV.

Menmsi aktyèlman ou enskri kom donatè, ou toujou dwe tcheke “wi” sou kesyon 1 pou renouvele lisans oswa pou renouvele kat idantite pou toujou rete nan rejis donatè yo.

**Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte youn nan òganizasyon donatè yo site pi ba yo.**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fè don ògàn ak tisi,  
ale sou sit: [neds.org](http://neds.org) oswa [unos.org](http://unos.org)

Rele New England Organ Bank nan 1-800-446-6362

Rele LifeChoice Donor Services nan 1-800-874-5215

Lè w renouvre lisans oswa kat idantite w sou nèt sou sit Mass.Gov/RMV, oswa lè w mande yon dezyèm lisans oswa kat idantite, w ap gen chwa pou w fè ofrann \$2 pou soutni Rejis Fon Donasyon Ògàn ak Tisi. Y ap ajoute \$2 sa a sou fre renouvre/dezyèm kat la.

**Nòt:** Selon lalwa, RMV a dwe founi òganizasyon ki anrejistre nan nivo federal e ki deziyen pou òganize gréf ògàn yo, ak lót bank je ak tisi ki pa pou pwofî ki anrejistre nan nivo federal yo e k ap fonksyone nan Massachusetts, sèten enfòmasyon k ap idantife ògàn yo ak donatè yo.

### Kèk Keson Rapid (*gade Mass.Gov/RMV pou jwenn plis kesyon ak repons*)

K. Ki sa ti senbòl kè ki sou lisans oswa kat idantite mwén vle di?

R. Sa montre ke ou enskri nan Rejis Donatè Massachusetts la, e ou bay otorizasyon w pou fè don ògàn oswa tisi ou yo.

K. Èske mwén gendwa yon donatè ògàn/tisi si pa gen ti senbòl yon kè nan lisans oswa kat idantite mwén?

R. Wi. Ou kapab enskri nenpòt lè pou vin yon donatè sou sit Mass.Gov/RMV.

Ou pa oblige resevwa yon nouvo lisans oswa kat idantite. Lisans oswa kat idantite w pap gen ti senbòl kè, men non ou ap toujou nan Sistèm Rejis Donatè yo. Lè se moman pou jwenn yon nouvo lisans oswa kat idantite, se sou nouvo kat la y ap mete ti senbòl kè a.

K. Ki sa Rejis Donatè Massachusetts la ye?

R. Rejis Donatè a se yon sistèm enfòmatik ki gen non tout moun ki enskri kom donatè ògàn ak tisi nan RMV a. Yo gade nan sistèm enfòmatik la (pa mwayen òdinatè) lè sa nesesè. Sa elimine nesesite pou chèche si moun nan gen yon kat donatè oswa yon lisans ki te gendwa kache oswa pèdi.

K. Èske w oblige pote kat donatè w ansanm ak lisans ou (anplis senbòl ti kè a)?

R. Non, ou pa oblige pote kat donatè a si w gen senbòl ti kè a sou lisans ou. Senbòl ti kè a endike ke ou enskri nan sistèm Rejis Donatè Massachusetts la, e ou bay otorizasyon pou w fè don ògàn/tisi. Yo toujou verifye Rejis Donatè a nenpòt lè yon moun se yon kandida posib pou l sèvi kom donatè.

K. Èske fanmi m ap oblige peye pou nenpòt bagay si mwén fè don ògàn/tisi mwén?

R. Fè don ògàn ak tisi se yon bagay ki konplètman gratis. Fanmi moun ki fè don an pap peye anyen.

## Fre pou Lisans ak Kat Idantite

*Fre pou pèmi aprantisaj - \$30.00*

Fre pèmi aprantisaj la kouvari depans administrasyon pou aplikasyon w ak pèmi aprantisaj ou. Si w pa pase egzamen an oswa si pèmi w ekspire, w ap oblige peye ankò pou yon lòt egzamen.

*Fre pou egzamen sou wout - \$35.00*

RMV a mande yon sèl fre pou nenpòt aplikasyon lisans. Fre sa a se pou aplikasyon w, ak pou pwograme egzamen sou wout la. Si w pa pase oswa ou pa parèt pou egzamen sou wout la, si evalyatè a rejte w, oswa si w anile randevou a san w pa fè sa 72 èdtan anvan randevou a, w ap toujou oblige peye fre \$35 la, e fre sa a dwe fin peye anvan w ka pwograme yon pwochen egzamen. Pou jwenn plis detay sou egzamen sou wout, gade seksyon *Pran Egzamen sou Wout la*.

*Fre founi/renouvele lisans - Klas D - \$50.00*

*Fre founi/renouvele lisans - Klas M - \$50.00*

RMV a fè moun peye fre lisans pou yo ka founi lisans Klas D oswa Klas M ki plastifye e ki pa ka manipile. Y ap ajiste fre yo fè moun peye pou lisans ki pap dire 5 an, selon kantite tan lisans lan ap dire.

*Dezyèm lisans oswa lisans ajiste - \$25.00*

RMV a fè moun peye yon fre pou nenpòt chanjman ki fè yo oblige founi yon nouvo kat lisans.

*Fre pou chanjman lòt eta*

Klas A\* - \$140.00

Klas B\* - \$140.00

Klas C\* - \$140.00

Klas D\* - \$115.00

\*Pou ajoute privilèj motosiklèt (Klas M) sou nenpòt nan lisans sa yo, w ap oblige peye \$3.00 anplis chak ane. Privilèj Klas M ekspire menm moman lisans aktyèl la ekspire. Si lisans ou elijib pou l renouvele lè w ajoute privilèj Klas M, li ka pi bon si w renouvele lisans ou nen menm moman an.

Klass M sèlman - \$115.00

Klas D oswa M chanje pèmi - \$30.00

*Yon gendwa chanje fre yo nan nenpòt moman. Tout fre yo pa ranbousab.*

Ansyen Militè ki Andikape yo pap peye okenn fre pou tranzaksyon lisans si yo gen plak Ansyen Militè Andikape ("Disabled Veteran") oswa si yo te kalitye pou gen plak Ansyen Militè ki Andikape ak Depatman Medikal la.

# CHAPIT 2

## Sekirite Anvan Tout

Aksidan machin se pi gwo kòz lanmò timoun ak jèn Etazini yo. Anviwon youn nan chak twa Ameriken pral blese oswa mouri nan yon aksidan machin.

Youn nan chak twa moun.

Gen gwo posibilité pou w fè aksidan machin pandan lavi w. Ou te mèt bon chofè oswa move chofè. Ou pa konnen kilè yon aksidan ap fèt.

Konpòtman w pandan w ap kondui gen yon enpak ni sou sekirite pa w, ni sou sekirite pasaje ou yo, lòt chofè yo, moun k ap mache, moun sou bisiklèt, ak nenpòt lòt moun ki bò lari a. Kenbe lòt moun an sekirite lè w kondui yon fason kòrèk ak lè w evite kondui yon fason kimele m.

Anplis, li empòtan pou w fè mentnans ak enspeksyon regilyèman sou machin ou pou w ka kondui an sekirite.

Chapit sa a esplike lwa sekirite machin yo. Epitou, li bay bonjan konsèy sou fason w ka evite gwo pwoblèm.

## Sekirite Machin Pasaje yo

Machin pasaje yo, san wete minibis ak kamyonèt yo, dwe gen ekipman sekirite ki mache. Chak machin pasaje dwe gen bagay ki vin apre yo:

- Yon senti sekirite, ki mache e ki pa domaje, pou chofè ak tout pasaje yo
- Yon miwa
- Yon klakson
- Yon aparèy sistèm lòk motè
- Esui glas
- Yon mòflè
- Yon pedal fren ak yon fren pakin
- Yon vit sou bò chofè an bon eta ki kapab monte desann

Chak machin pasaje dwe gen limyè pou kondui nan fènwa. Fòk gen de (2) limyè blan devan ki apwouve, de (2) limyè wouj dèyè, ak limyè siyal yo. Anplis, machin nan dwe gen twa (3) limyè wouj fren dèyè ak yon ti limyè blan pi wo plak la.

Patwòl Èd Otowout (Highway Assistance Patrol oswa HAP ann anglè) konn bay èd a chofè ki gen machin ki pa ka deplose. Se MassDot-Divizyon Otowout ki responsab li e li sponsore pa MAPFRE | Asirans Kòmèsyal.

Pou plis enfòmasyon, vizite [MassDOT.State.MA.US/Highway/TrafficTravelResources/EmergencyRoadsideAssistance.aspx](http://MassDOT.State.MA.US/Highway/TrafficTravelResources/EmergencyRoadsideAssistance.aspx)

Si limyè siyal oswa limyè fren machin ou yo sispann mache, ou dwe ranje sa san pèdi tan. Ou dwe fè siyal ak men w lè w ap vire oswa ralanti jiskaske limyè yo ranje (gade paj 77 pou imaj siyal ki fêt ak men yo).

### Chak machin dwe pase yon enspeksyon sekirite ak emisyon chak ane.

Yon machin pasaje gendwa itilize yon limyè tankou yon flach, sèlman pou wè siy wout yo oswa kòm yon limyè ijans, si limyè devan yo pa mache. Limyè flach la pa dwe rive pi wo pase 2 pye e li pa dwe rive pi lwen pase 30 pye distans de machin nan.

Yo pa pèmèt limyè ijans yo (limyè k ap flache, k ap vire, k ap fè mouvman oswa limyè stwòb yo) sou yon machin sòf si w gen yon pèmi ki soti nan RMV pou sa.

### Kèk ekipman ak chanjman yo fè nan machin ou pa legal.

Yo pèmèt vit koulè nwa sou machin pasaje, men gen kèk restriksyon. Ou gendwa fè vit akote ak vit dèyè machin nan pi nwa jiska 35 poustan. Li ilegal pou fè glas devan nwa.

## Lwa Sou Senti Sekirite

Nan ane 2020, te gen 12,150 moun ki pa t mete senti sekirite ki te mouri nan aksidan machin nan Etazini.

**Lwa Massachusetts egzije chak moun ki nan yon machin pasaje (san wete minibis ak kamyonèt ki peze pi piti pase 18,000 liv) mete senti sekirite oswa chita nan yon chèz sekirite pou timoun.**

- Nenpòt chofè ki pa mete senti sekirite gendwa jwenn yon kontravansyon \$25. Nenpòt pasaje ki gen 16 an oswa plis e ki pa mete senti sekirite gendwa jwenn yon kontravansyon \$25.

- Anplis, yo gendwa ba yon chofè kontravansyon \$25 pou chak pasaje ki gen 12, 13, 14, oswa 15 an e ki pa mete senti sekirite.

Yo ka sèlman ba w kontravansyon pou lwa senti sekirite pandan yo kanpe w pou yon enfraksyon trafik. Moun ki vin apre yo pa oblige mete senti sekirite:

- Chofè ak pasaje ki nan machin ki te fèt anvan jiyè 1966
- Chofè taksi, machin frete, traktè, bis, ak kamyon ki peze 18,000 liv oswa plis (Sepandan, chofè kèk machin komèsyal yo dwe mete senti sekirite.)
- Pasaje machin ijans yo ak chofè machin lapolis ak machin ponpye yo
- Yon anplwaye Sèvis Lapost U.S. k ap kondui yon machin pandan l ap travay
- Yon moun ki pa kapab mete yon senti sekirite poutèt yon andikap li genyen. Fòk yon dokté séfifye moun nan gen yon andikap.



Yon sak gonflab  
mache pi byen  
lè w mete senti  
sekirite.

Yon aksidan gendwa fèt nenpòt lè. Pi bon fason pou w pwoteje tèt ou se pou w toujou mete senti sekirite w. Senti sekirite yo sove lavi ni chofè ni pasaje yo.

### **Chèz Sekirite Timoun**

Tibebe ak timoun yo dwe chita nan yon chèz sekirite timoun ke gouvènman federal apwouve jiskaske yo...

- Gen omwen uit an laj **oswa**
- Gen omwen 57 pou sotè

Timoun ki gen omwen uit an laj oswa omwen 57 pou sotè dwe mete senti sekirite. Fòk yo sèvi ak senti sekirite yon fason ki kòrèk. Yo gendwa ba w kontravansyon \$25 si w dezobeyi lwa sa a.

Chèz Sekirite Timoun nan dwe gen yon etikèt sou li ki di li ranpli tout standa nesesè yo (Standa Sekirite Machin Federal Nimewo 213 anba Depatman Transpò U.S. oswa standa ki nan 49 C.F.R. 571.213). Chèz sekirite a dwe fikse yon fason pèmanan nan machin nan oswa li dwe gen yon senti sekirite oswa yon lòt sistèm pou atache l ak machin nan.

Pinga w janm mete yon chèz sekirite timoun ki sipoze fas dèyè machin nan syèj pasaje ki devan si machin ou gen yon sak gonflab pou syèj sa a.

**Kote ki plis an sekirite pou timoun nan chita se nan kousen dèyè. Plas ki nan mitan kousen dèye a pi bon toujou. Chèz tibebe yo dwe fas dèyè machin nan.**

Pou jwenn yon Teknisyen Chèz Sekirite Timoun ki ka ede w atache yon chèz sekirite timoun, rele 1-877-392-5956 oswa vizite sitwèb Mass.Gov/Highwaysafety.

**Kontwole pwa ak sotè pitit ou pou chwazi chèz sekirite ki bon pou li. Chak chèz diferan. Tcheke enstriksyon fabrikan chèz la bay pou chèche limit sotè ak pwa yo.**

### **Gid pou Chèz Sekirite Timoun yo**

Chèz tibebe	Jiska 20 liv
Chèz adaptab timoun pitit	20–40 liv
Chèz boustè	40–80 liv



## Fason Senti Sekirite Fonksyone

Senti sekirite yo anpeche w fè twòp mouvman oswa jete nan lari pandan yon aksidan. Li pi bon lè w mete ni pati ki pase sou ranch ou ni pati ki pase sou zepòl ou. Depi yon moun byen mete senti sekirite li, li gen 50 poustan plis chans pou l evite blese grav oswa mouri nan yon aksidan.

Yon senti sekirite gendwa ede w plizyè fason pandan yon aksidan.

- **Li anpeche w frape vit devan, pano devan, volan, oswa lòt pati di machin nan.**

Si machin ou frape yon bagay di devan l, l ap kanpe. Si w pa mete senti sekirite, kò w ap kontinye avanse jiskaske li frape yon bagay ki di, tankou vit devan. Senti sekirite w anpeche w frape vit devan oswa lòt pasaje yo.



Fason kòrèk pou mete senti sekirite.

- **Li anpeche w jete nan lari.**

Senti ki pase sou ranch ou ak sou zepòl ou pwoteje w pou w rete anndan machin nan. Sa fè w gen 5 fwa plis chans pou w pa mouri nan aksidan an.

Fason ki pa kòrèk pou mete senti sekirite.

- **Li ede w rete chita e kenbe kontwòl machin nan.** Lè w mete senti sekirite a, ou kapab rete devan volan an epi evite fè yon aksidan ki pi grav. Senti sekirite a ap anpeche w soti nan syèj chofè a.

Lè yon moun frape vit devan machin nan a yon vîtes 30 mil pa è, enpak la se menm jan ak si li ta tonbe sot nan twazyèm etaj yon biling e frape atè.

Senti ki pase sou ranch ou dwe chita dwat sou ranch yo e li dwe sere w. Senti pa ta dwe tòde. Senti ki pase sou zepòl ou dwe pase sou estomak ou ak zepòl ou. Senti zepòl la pa janm dwe pase anba bra w oswa sou figi oswa sou kou w.

## Kèk Manti sou Senti Sekirite yo

Senti sekirite yo konn sove lavi moun e yo anpeche moun blese grav lè yo fè aksidan. Kèk istwa ki egziste sou swadizan “danje” oswa “enkonvenyan” senti sekirite yo se manti.

**“Si mwen mete senti sekirite, mwen pap ka soti nan machin nan lè gen aksidan.”**

Machin pa konn pran dife oswa koule anba dlo souvan. Si sa ta rive, senti sekirite w ap pèmèt ou pa frape tèt ou e pèdi konesans. Si w pa pèdi konesans, w ap ka retire senti sekirite w e soti. Menmsi machin nan chavire tèt anba, w ap ka detache senti sekirite nan pi piti pase yon segonn.

**“Machin mwen gen sak gonflab, donk, mwen pa bezwen mete senti sekirite.”**

Yo fè sak gonflab yo pou yo mache ansanm ak senti sekirite, pa pou yo ranplase yo. Ou toujou dwe mete senti sekirite pandan w ap kondui. Sak gonflab ki sou pano devan yo sèlman fèt pou aksidan kote ou frape pa devan; yo pa pwoteje w lè machin nan frape akote oswa dèyè.

**“Mwen pa prale lwen. Mwen pa bezwen mete senti sekirite.”**

Pifò aksidan machin yo konn fèt mwens ke 25 mil distans de kay li. 8 sou 10 aksidan yo fèt a 40 mil pa è vîtes oswa pi piti. Pa pran chans. Toujou mete senti sekirite.

**“Mwen jis prale nan makèt. Se twòp tètchaje pou m mete timoun yo nan chèz sekirite yo.”**

Aksidan machin se kòz lanmò timoun ki pi fasil pou evite. Pifò timoun ki mouri nan aksidan machin yo pa t ap mouri si yo te chita nan chèz sekirite yo yon fason kòrèk. Pran yon ti moman anplis pou mete timoun yo nan chèz sekirite yo anvan w kòmanse woule machin.

**Timoun ak ti bète lakay yo souvan mouri oswa blese nan aksidan machin lè yon adilt ki pa mete senti sekirite pile yo.**

## Sekirite Sak Gonflab yo

Lè yo itilize yo ansanm ak senti sekirite ki pase sou ranch ak sou zepòl yo, sak gonflab yo trè efikas nan sove lavi adilt. Ou dwe suiv pwosedi suivan pou sak gonflab yo.

- *Timoun chita dèyè.* Tibebe ki chita nan chèz sekirite fas dèyè pa janm dwe chita nan syèj devan ki gen yon sak gonflab. Timoun yo toujou pi an sekirite lè yo chita dèyè.
- *Chèz sekirite timoun.* Tibebe ak timoun pití yo dwe toujou chita nan chèz sekirite timoun ki apwopriye pou laj ak gwo sè yo. Pou plis enfòmasyon sou sijè sa a, gade seksyon *Lwa Chèz Sekirite Timoun* ki nan chapit sa a.
- *Sak gonflab pa ranplase senti sekirite yo.* Ou dwe toujou mete ni senti ki pase sou ranch ou ni ki pase sou zepòl ou. Pou plis enfòmasyon sou sijè sa a, gade seksyon *Lwa Senti Sekirite ak Fason Senti Sekirite yo Mache* ki nan chapit sa a.
- *Avanse syéj devan an dèyè.* Ou dwe avanse pa dèyè syéj chofè ak syéj pasaje nan maksimòm distans ki posib. Sa fè l pi fasil pou kondui e li plis an sekirite.

Ti konsèy sa yo ap ede ni ou menm **ni pitit ou yo** evite mouri nan yon aksidan.

## Anndan Machin nan

Pa dwe gen anyen nan machin ou ki anpeche ou wè, reyaji, oswa kondui.

### **Bagay ki Kapab Distrè w**

Ou pa gendwa gen anyen anndan machin ou ki kapab anpeche w kondui an sekirite. Pa dwe gen anyen anndan machin ou, sou pano devan, sou vit devan, oswa k ap pann sou retruwizè w ki bloke w pou w pa wè wout devan swa grasa vit devan swa grasa miwa ou yo. Asire w pa gen anyen ki kapab woule anba pye w oswa anba pedal yo (pedal gaz, klòtch, ak fren yo).

### **Telefòn Selilè ak Aparèy Elektwonik Pòtab**

Pou plis enfòmasyon sou itilizasyon telefòn selilè ak lòt aparèy elektwonik pòtab, gade seksyon *Itilizasyon Telefòn (Selilè) Men Lib* ki sou pwochèn paj.

### **Kas Telefòn**

Li ilegal pou mete kas radyo, kas telefòn, oswa nenpòt lòt aparèy ki gen fil oswa san fil ki anpeche w prete atansyon pandan w ap kondui. Si w gen 18 an laj oswa plis, ou gendwa mete kas nan youn nan zòrèy ou yo pou itilize telefòn.

### **Gwo Bri**

Evite gen bri fò nan machin ou pou asire w ka tandé sirèn machin ijans yo.

## **Televizyon**

Nenpòt televizyon ki enstale nan yon machin dwe enstale dèyè syèj devan yo e kote chofè pa kapab wè li. Yon televizyon pa dwe distrè chofè machin nan, menm lè l ap gade adwat oswa agòch li.

## **Dèyè Kamyonèt**

Timoun ki poko gen 12 an laj pa gendwa chita nan dèyè kamyonèt yo (gen kèk eksepsyon trè limite, men jamè nan vîtes ki depase 5 mil pa è).

---

## **Lwa Kondui ak Distraksyon/ Men Lib (Izaj Selilè)**

Nan eta Massachusetts, yo entèdi moun itilize aparèy elektwonik pòtab (san wete telefòn) pandan y ap kondui (Chapit 90, Seksyon 13B ak Chapit 122 Akò 2019 yo).

### ***Chofè ki gen 18 an laj oswa plis***

Chofè ki gen 18 an laj oswa plis gendwa itilize aparèy elektwonik pòtab **sèlman** nan mòd “men lib” pandan y ap kondui. Sa vle di ou pa gendwa kenbe aparèy la oswa manyen li (eksepte pou aktive mòd “men lib”), e li dwe enstale oswa fikse sou vit devan, pano devan oswa konsòl ant syèj devan yo, e li pa dwe anpeche w kondui.

Chofè a gendwa sèvi ak yon aparèy li kenbe nan men li sèlman si machin nan kanpe e li pa nan liy trafik piblik. Yo pa pèmèt sa devan limyè wouj oswa siy stop yo. PINGA w kanpe machin nan arebò wout ki gen anpil trafik oswa arebò otowout yo pou w sèvi ak yon aparèy elektwonik pòtab.

Ou **pa gendwa** sèvi ak aparèy elektwonik pòtab pou ekri, voye, oswa li mesaj elektwonik (sa gen ladan l mesaj tèks, imèl, mesaj dirèk, oswa ale sou entènèt) pandan w ap kondui. Ou gendwa sèvi ak aparèy GPS (sistèm pozisyon global) yo (sa gen telefòn selilè yo ladan l) si aparèy la fikse nan machin nan, swa yon fason tanporè swa yon fason pèmanan, nan objektif pou l ede w navege.

### ***Chofè ki poko gen 18 an laj***

Chofè ki poko gen 18 an laj pa gendwa itilize okenn aparèy elektwonik pòtab pou okenn rezon pandan y ap kondui. Gen yon sèl eksepsyon, se si l ap rapòte yon ijans.

### ***Ki sa yon Aparèy Elektwonik Pòtab ye?***

Selon lalwa, yon “**aparèy elektwonik pòtab**” se nenpòt ekipman elektwonik ou ka kenbe nan men w, oswa ki pòtab, ki gen kapasite founi done komunikasyon ant 2 oswa plis moun, sa enkli men li pa limite a, yon telefòn pòtab, yon aparèy pou voye mesaj tèks, yon aparèy pedjè, yon asistan dijital pèsonèl, yon laptop, ekipman elektwonik ki kapab sèvi pou jwe jwèt video oswa pou pase disk video dijital, ekipman ki kapab pran oswa transmèt foto elektwonik, oswa ekipman ki kapab resevva emisyon televizyon vizyèl; depi, sepandan, aparèy elektwonik pòtab la pa enkli ekipman odyo oswa nenpòt ekipman ki enstale oswa fikse nan machin nan, swa yon fason tanporè swa yon fason pèmanan, nan objektif pou ede chofè a navege oswa pou ede l nan ka ijans, oswa nan objektif founi detant videyo pou pasaje ki nan syèj dèye machin nan.

## **Kontravansyon pou Dezobeyi Lalwa**

Men ki kontravansyon ki genyen si w itilize yon aparèy elektwonik pòtab pandan w ap kondui:

- 1ye ofans – kontravansyon \$100
- 2yèm ofans – kontravansyon \$250, plis ou oblige konplete yon pwogram edikasyon sou pran volan pandan w distre
- 3yèm ak plis ofans – kontravansyon \$500, plis w ap peye yon fre anplis pou asirans ou e w ap oblige konplete yon pwogram edikasyon sou pran volan pandan w distre

## **Neglijans ak Blese Moun Poutèt Izaj Telefòn (Selilè) Pandan W ap Kondui**

Se yon krim pou blese yon moun oswa domaje pwopriyete poutèt w ap kondui yon fason neglijan. Si w fè yon aksidan poutèt ou t ap sèvi ak yon aparèy elektwonik pòtab, y ap ouvri yon ka kriminal kont ou e w ap pèdi lisans ou.

**Note: Règ federal yo mete limit sou izaj telefòn (selilè) ou kenbe nan men w pandan w ap kondui yon machin komèsyal.**

## **Kèk Ti Konsèy Pou Ede w Evite Sèvi ak Telefòn (Selilè) Pandan W ap Kondui**

- Fèmen notifikasyon apli yo.
- Mete telefòn ou sou silans.
- Mete telefòn ou nan kousen dèye.
- Kanpe machin nan yon kote ki an sekirite (PA arebò wout ki gen anpil trafik oswa otowout yo) si w bezwen sèvi ak telefòn ou.

## **Kondui yon Fason Pridan**

Menm chofè ki gen anpil eksperians konn fè erè. Yonlè kanmenm, w ap oblige fè fas ak pann machin, move tan, lòt chofè ki pa fò, pyeton ki aji sanzatann, ak lòt chofè ki pa suiv règ trafik yo.

Pou w prepare pou evènman sa yo, ou dwe toujou kondui **yon fason pou evite aksidan**.

- Toujou asire w ka byen wè sa ki devan ak akote machin ou
- Rete vijilan e pare pou yon bagay sanzatann.
- Kenbe je w fikse sou wout devan w. Li danjere anpil pou retire je w sou wout la, menm pou yon segonn, pou gade yon pasaje oswa yon bagay anndan machin ou.
- Asire toujou gen espas rezonab alantou machin ou, konsa w ap kapab chanje liy pou evite aksidan. Toujou konnen kiyès ki akote w ak dèyè w, pa sèlmnan kiyès ki devan w.
- Sèvi ak vitès kòrèk pandan w ap kondui e konnen kilè pou ralanti ak kanpe.
- Toujou mete senti sekirite w.
- Pa pran volan si ou gentan bwè alkòl, si w sou medikaman, oswa si w fatige anpil.
- Kenbe machin ou nan bon eta.
- Obeyi règ trafik yo e bay dwa pase lè sa apwopriye.

Toujou gade devan w ak ozalantou w, epi tcheke miwa yo souvan. Ou dwe teni kont de kondisyon wout la ak bagay ki ka poze danje devan, dèyè ak akote w.

- Gade tout bagay ki devan w. Chèche pou wè si gen machin k ap kanpe devan w ak si gen moun k ap monte oswa desann machin ki estasyone yo. Byen prete atansyon a pyeton oswa chofè bisiklèt k ap pataje wout la ansanm avèk ou.
- Ou dwe atann ke lòt chofè pral fè erè.
- Veye pou limyè machin k ap fè bak devan w.
- Byen prete atansyon a pasaj pyeton yo. Pa apiye sou siyal trafik yo sèlman. Lòt chofè yo, chofè bisiklèt, ak pyeton yo gendwa pa respekte siyal trafik yo.
- Toujou byen prete atansyon lè w toupre plas rekreyasyon, lekòl, ak sant acha yo. Li kapab difisil pou wè timoun, pyeton, ak chofè bisiklèt.
- Sonje ke pyeton, chofè bisiklèt, ak lòt chofè yo gendwa pa tande w. Li sitou enpôtan pou w sonje sa lè w devan pasaj pyeton yo ak nan pakin. Pou chak 5 moun ki rive nan laj kondui, gen 1 ki Soud oswa ki Tande Di.
- Sonje dwa pasaj se yon bagay ou dwe bay lòt chofè yo. Yon gwo pati nan kondui yon fason pou evite aksidan se lè w bay lòt chofè dwa pasaj pou anpeche aksidan fèt.

---

## Sante w ak Eta Fizik ou

Fè yon tchèk sou vizyon w chak youn oswa de ane. Ranje nenpòt pwoblèm vizyon w genyen san pèdi tan. Toutotan laj ou ap avanse, vizyon w ka vin pi mal, oswa li ka vin pi difisil pou wè nan nuit.

Ou dwe toujou rete vijilan e gen kontwòl sou machin ou. Ou dwe gen bon vizyon e, si ou vin pi fèb nan tande, ou dwe vin pi vilijan toujou pou antisipe kondisyon k ap chanje pandan w ap kondui. Ou pa janm dwe pran volan nan sikonstans ki vin apre yo:

- Si w gentan bwè alkòl
- Si w gentan pran medikaman doktè preskri w oswa medikaman ou achte san preskripsyon ki fè w gen dòmi nan je w
- Si w anba enfliyans nenpòt dwòg
- Si w fatige anpil
- Si w santi w gen anpil emosyon. Emosyon tankou kolè ak depresyon kapab fè w kondui yon fason neglijan.

Lè gen anpil solèy, ou dwe toujou mete linèt solèy.

---

## Tcheke Eta Machin ou

Yo dwe fè yon enspeksyon sekirite ak emisyon sou machin oswa moto w chak ane. Toujou suiv pwosedi mentnans fabrikan machin ou rekòmande. Chak fwa ou antre nan machin ou oswa ou monte sou moto w, fè yon ti gade pou wè si gen domaj oswa si kawotchou manke van.

### **Fren ak Kawotchou yo**

Byen prete atansyon sou chanjman nan machin ou lè w ap frennen. Si w panse gen yon pwoblèm, fè yo enspekte fren ou yo san pèdi tan. Si w santi machin ou ap rale yon bò, se posib ou bezwen repare oswa ajiste fren yo.

Tcheke kawotchou ou yo pou asire yo gen ase van e yo pa fini. Fè wotasyon kawotchou selon pwogram fabrikan machin nan rekòmande. Li danjere ak ilegal pou woule yon machin ki gen kawotchou ki fini oswa ki domaje. Kawotchou yo dwe gen omwen 2/32 pouz pwofondè dan nan kanal nòmal yo e pa gen okenn fant fabrik oswa kòd ki parèt.

**2/32 pouz egal 1.5 milimèt. Si w pran yon adoken 1 santim Ameriken, 1.5 milimèt reprezante distans ant tèt Lincoln ak bò adoken an. Pou tcheke si kawotchou yo toujou bon, mete yon adoken 1 santim nan vale po kawotchou a. Si w ka wè tèt tèt Lincoln, sa vle di kawotchou ou yo fini.**

### **Volan**

Volan an pa dwe santi lach. Pa dwe gen yon dele ant lè ou vire volan an ak lè kawotchou ou yo reyaji. Si machin ou gen èd-volan, ou dwe tcheke nivo likid èd-volan regilyèman. Si machin ou fè yon bri fò tankou l ap kriye lè w ap vire, ou dwe fè yo enspekte sistèm èd volan an.

### **Limyè ak Vit yo**

Tcheke limyè devan, limyè fren, ak limyè siyal yo regilyèman. Asire limyè w pa gen pousyè, nèj oswa glas ki kouvri yo. Kenbe vit ak miwa yo pwòp. Chanje esui vit yo si yo fè tras oswa si yo pa byen netwaye vit la.

### **Plak yo**

Ou dwe kenbe plak yo pwòp e pa dwe gen anyen ki bare yo. Fòk yo ka wè nimewo plak ou depi yon distans 60 pye nan nuit. Sèlman mete etikèt matrikilasyon anlè sou bò dwat plak la.

---

## **Distans Sekirite Ozalantou Machin ou**

Toujou asire gen ase espas ant machin pa w ak lòt machin yo pou w ka kanpe machin nan an sekirite oswa pou w ka evite danje.

- Sèvi ak règ "twa segonn" nan pou asire w gen ase espas ant ou menm ak machin ki devan w. Chwazí yon objè ki devan w, tankou yon pyebwa oswa yon poto. Lè machin devan w rive nan objè a, kontwole "yon segonn, de segonn, twa segonn". Si w rive nan objè a anvan ou kontwole twa segonn, w ap suiv machin ki devan w twò pre. Ralanti jiskaske gen ase distans ant ou menm ak machin devan w.

**Règ twa segonn nan reprezante minimòm distans lè kondisyon wout yo bon e pa gen twò trafik. Ajoute plis segonn pou sekirite, lè volim trafik la pèmèt sa.**

- Asire gen plis espas (omwen kat segonn) lè gen yon moto devan w.
- Asire gen plis espas ant machin ou ak gwo machin travay yo (tankou kamyon travay oswa traktè).
- Pa janm antre yon fason rapid devan yon gwo machin travay oswa yon kamyon ki gen trelè. Machin sa yo gén plis pwá e yó bezwen plis tan pou yó kanpe an sekirite.
- Pa janm suiv yon machin devan w twò pre. Sa se yon bagay ilegal e se pi gwo kòz yon machin frape yon lòt pa dèyè. Kontravansyon pou suiv machin devan w twò pre ka rive nan \$100.
- Si gen yon machin dèyè w k ap suiv ou twò pre, chanje liy trafik oswa rale sou bò wout la pou kite l pase.

Bay plis espas poutèt lòt chofè ki pa fò yo, ak nan sityasyon ki vin apre yo:

- Lapi, nèj, glas, oswa lè gen lòt kondisyon move tan ak lè kondisyon sou wout la pa bon
- Lè gen wout ki mennen nan kay oswa wout ki kache oswa ou pa wè fasil
- Lè gen chofè k ap fè bak pou soti nan pakin oswa nan wout ki mennen nan kay
- Lè gen timoun k ap jwe nan lakou oswa toupre wout la

## Frennen ak Kanpe Machin

Gade byen devan pou w ka gentan frennen e kanpe machin nan an sekirite. Kantite tan sa pran pou w reyaji, reflechi, ak frennen rele tan reyakson w.

Li pran anviwon twa ka yon segonn pou reyaji devan yon sityasyon e peze fren an. Yo kontwole tan sa a tou selon distans pye ou avanse, oswa distans reyakson an.

MPH	Distans pou Kanpe	Total
	22 pye      37 pye	59 pye
	44 pye      112 pye	156 pye
	66 pye      226 pye	292 pye
<b>Total Distans pou Kanpe</b>		

Statistik distans yo soti nan *Kòman pou Kondui*, Yon Tèks Pou Nouvo Chofè ki fèt pa Asosyasyon Otomobil Ameriken an (9yèm Edisyon). Chif ki nan kare blan yo reprezante distans tan reyakson an, e chif ki nan kare nwa yo reprezante distans machin nan avanse apre w

Si w ap vwayaje a 50 mil pa è, machin ou pral avanse yon lòt 55 pye ankò nan twa ka segonn sa pran pou w reyaji. Yonfwa ou frennen, ou ka rive yon lòt 160 pye oswa plis anvan machin nan kanpe.

Sa se distans frennen lè w ap kondui sou asfalt ki sèch, ki plat, e ki klè.

Total distans pou w kanpe se anviwon 215 pye (55 pye + 160 pye). Si kondisyon yo pa klè ak sèch, distans frennen w ap pi plis.

Si fren ak kawotchou ou yo mache byen e wout la sèch ak plat:

- A vitès 60 mil pa è, l ap pran 292 pye (prèske menm distans ak yon teren foutbòl) pou reyaji devan yon danje, peze fren an, e kanpe an sekirité.
  - A sèlman 30 mil pa è, total distans pou w kanpe machin nan se anviwon 104 pye.
- Chif sa yo la nan objektif edikasyon sèlman. Yo la pou demontre ke machin yo bezwen plis distans pou kanpe an sekirite pase sa w te imajine. An royalite, distans sa pran pou machin nan kanpe depann sou kondisyon wout, tan, ak machin yo. Ou bezwen plis tan pou kanpe yon machin ki pi gwo oswa pi lou, lè w ap desann yon mòn, oswa lè wout la mouye, glise, oswa pa plat. Asire w bay gwo kamyon yo anpil espas lè w ap antre devan yo. Gwo kamyon yo gendwa bezwen de fwa plis distans pou yo kanpe pase machin pasaje yo.

Suiv ti konsèy sa yo ki gen rapò ak frennen:

- Avèti pyeton, chofè bisiklèt, oswa lòt chofè yo si gen yon danje ki posib. Frennen bone dousman lè w ap prepare w pou viré oswa kanpe.
- Pa kite pye w apiye sou pedal fren an pandan w ap kondui. (Sa rele “riding the brakes” ann anglè).
- Si machin ou gen fren antilòk, pa janm ponpe fren yo. (Nan 2010, 89 % nouvo vвати ak 99% nouvo kamyonet te gen fren antilòk).
- Li pi pwobab pou machin ou kite wout la nan yon koub. Toujou ralanti lè w ap rive nah yon koub oswa lè w ap rive yon kote ou pa wé devan twò byen.

---

## Sèvi ak Klakson, Limyè, ak Siyal Ijans yo

Li enpòtan pou w konnen fason pou w itilize ekipman sekirite machin ou.

### Sèvi ak klakson w pou:

- Avèti pyeton oswa lòt chofè yo ke kapab gen yon danje
- Evite aksidan

### Pa sèvi ak klakson w pou:

- Montre w fache oswa plenyen poutèt erè lòt chofè yo
- Eseye fè yon chofè ki pi lan pou l woule pi rapid
- Eseye fè lòt machin yo avanse pandan yon blokis

### Ou dwe itilize limyè devan ak limyè dèyè yo:

- Depi 30 minit apre solèy la kouche rive 30 minit anvan solèy la leve
- Lè w pa byen wè moun oswa machin ki a distans 500 pye devan w poutèt mank limyè oswa kondisyon tan yo
- Lè w ap sèvi ak esui vit yo (limyè ki ouvri otomatik pandan lajounen yo pa sifi)
- Lè gen lapli, nèj, bwouya, oswa lòt tan ki fè l difisil pou w wè
- Nenpòt lè ou gen difikilite pou w wè lòt machin yo
- Pou avèti yon lòt chofè ke li dwe ouvri limyè devan pa l
- Pandan w ap pase anndan yon tinèl

Sèvi ak limyè ijans ak siyal ou yo lè machin ou anpann, konsa lòt chofè yo ap wè l. Retire machin ou sou wout la e mete l pi lwen wout la ki posib. Pou sekirite pa w, pa kanpe sou wout la. Pa janm chanje yon kawotchou nan liy trafik la. Tann èd rive.

Ou ka sèvi ak limyè ijan ou tou pou avèti chofè dèyè w ke gen yon danje oswa yon aksidan devan. Bay lòt chofè yo plis tan ke posib.

---

## Kondui nan Nuit

Li pi danjere pou kondui nan nuit pase pandan lajounen. Li ka pi difisil pou w wè lòt machin, pyeton, ak obstak yo. Ou dwe toujou pi vijilan nan nuit. Ou dwe itilize limyè devan yo depi 30 minit apre solèy la kouche rive 30 minit anvan solèy la leve. Ou dwe fè bagay ki vin apre yo pandan w ap kondui nan nuit:

- Pa pran volan si w fatige oswa si w gen dòmi nan je w.
- Diminye vîtes ou nan nuit, sitou lè w nan yon zòn ou pa abitye avèk li. Woule ak yon vîtes k ap pèmèt ou reyaji e kanpe an sekirite nan yon distans ki egal ak distans ou ka wè devan w.
- Asire gen plis espas ant machin pa w ak lôt machin yo.
- Ajiste retrouvizè w pou l rive nan pozisyon "nuit" lan. Sa ap fè limyè machin dèyè yo pa briye nan je w menmjan. Fèmen limyè ki anndan machin nan.
- Pa gade limyè lôt machin yo dirèk. Gade atè sou bò dwat liy pa w pito.
- Kenbe vit ou yo ak limyè devan machin ou pwòp.
- Si yon lôt chofè ba w kout limyè, sa gendwa vle di limyè devan ou yo pa limen oswa gwo limyè devan yo limen.

### **Gwo Limyè Devan**

Nòmalman, gwo limyè devan yo konn pèmèt ou wè anviwon 350 pye distans devan w. Limyè devan nòmal yo konn pèmèt ou wè 100 pye devan w.

- Sèlman sèvi ak gwo limyè devan lè w ap woule yon kote ki fènwa oswa lè ou pa ka wè sifas wout devan an.
- Ou dwe desann gwo limyè devan pou rive nan limyè nòmal lè gen yon machin k ap vini a 500 pye distans, oswa lè gen yon machin devan w a 200 pye distans.
- Si gen yon machin k ap vini e chofè a pa gentan desann gwo limyè devan yo, ou gendwa bay li kout limyè pou sonje l sèvi ak limyè nòmal yo. Si chofè a pa desann gwo limyè devan yo, rete sou bò dwat liy ou e pa ouvri gwo limyè devan pa w yo.

### **Kondui Pandan Ou Fatige**

Woule pandan w fatige oswa ou gen dòmi nan je w kapab bay lanmò. Gen 633 moun ki te mouri nan 2020 poutèt aksidan kote chofè te gen dòmi (sous: Administrasyon Sekirite Trafik Otowout Nasional la). Pi souvan, woule pandan ou gen dòmi nan je w:

- Fèt ant minwi a 6è am, oswa ta nan apre midi
- Enplike yon sèl chofè (san pasaje) ki soti sou wout la a gwo vîtes
- Fèt sou wout an pwovens ak otowout yo

SÈL vrè fason pou pwoteje tèt ou kont danje woule lè dòmi nan je w, se pou w jwenn kont dòmi ak pa woule pandan w fatige. Si w bwè kafe oswa rale arebò wout la yon kote an sekirite pou fè yon ti kabicha, sa kapab ede w, men sèlman pou yon ti tan kout.

Depi sa posib, evite kondui machin ant minwi ak 6è am. Si w oblige woule nan lè sa a, veye pou siy ki endike w gen dòmi, tankou si w travèse liy wout la oswa si w woule sou bann vibrant ki sou bò wout la. Pa pran volan apre w fin bwè alkòl, piske bwason alkòl yo kapab fè w pi fatige. Epitou, toujou tcheke etikèt medikaman yo (ni medikaman ou achte ak preskripsyon, ni medikaman san preskripsiyo yo) pou wè si yo ka fè w gen dòmi.

### **Kondui nan Lapli oswa nan Bwouya**

Lè gen lapli e wout yo mouye, li pi difisil pou w derape, kanpe, ak vire. Lè gen gwo lapli, bwouya, ak vapè dlo, sa kapab fè l pi difisil pou w wè tou. **Lalwa egzije w itilize limyè devan ak limyè dèyè ou yo nenpòt lè ou sèvi ak esui vit yo. Limyè otomatik lajounen yo pa sifi.**

Depi kòmanse gen lapli, ralanti sou vitès. Gen anpil wout ki vin glise lè dlo lapli a fèk kòmanse melanje ak pousyè ak lui ki sou wout la, ki fòme yon kouch glise sou wout la. Si wout la glise, dan kawotchou yo kapab pèdi efikasite yo, e machin nan gendwa vin glise san kontwòl sou wout la.

Glise san kontwòl sou wout la (“hydroplaning” ann anglè) se rezulta kondisyon wout, dlo ak vitès. Sa konn rive lè kawotchou yo ap woule sou dlo e yo pa rete an kontak ak wout la. Si machin ou kòmanse glise san kontwòl, sa vie di w ap woule ak twòp vitès. Retire pye w sou pedal gaz la dousman. Pa janm frennen oswa vire bridsoukou. Sa ka lakòz ou pèdi kontwòl e glise.

Men kèk konsèy pou si w ap woule pandan gen lapli oswa bwouya:

- Asire gen plis espas ant machin ou ak lòt machin yo. Ou bezwen gen plis espas pou w kanpe machin ou. Prepare w pou kanpe machin nan rapidman nan distans wout ou ka wè devan w.
- Veye pou fèy mouye ki sou wout la. Yo ka fè wout la glise menm jan ak glas.
- Kenbe esui vit ak debwouyaj vit yo nan bon kondisyon.
- Lè gen bwouya, sèvi ak limyè devan nòmal yo pou diminye refleksyon limyè a.
- Toujou sèvi ak endikatè ou yo.
- Si w pa kapab wè asfalt oswa poto siy yo, ralanti vitès ou epi chèche suiv liy ki pentire sou wout la pou gide w.
- Pa woule sou ti flak dlo ki chita sou wout la. Fren yo pa mache byen lè yo mouye. Si w woule nan mitan yon gwo flak dlo, tape fren yo osito ke posib pou seche yo, jiskaske ou santi y ap travay nòmal ankò.

**Divizyon Otowout la gen sèvis telefòn 511. Ou kapab sèvi ak nimewo sa a pou jwenn enfòmasyon ajou sou kondisyon tan ak trafik yo e sou pwojè konstriksyon yo. Epitou, ou kapab sèvi ak nimewo sa a pou rapòte yon pwoblèm sou wout la. Sèvis sa a disponib 24 sou 24, 7 sou 7.**

**Konpoze 511 nan telefòn selilè ou oswa 617-986-5511 (Metwo-Boston), 508-499-5511 (Massachusetts Santral), oswa 413-754-5511 (Massachusetts Alawès) avèk yon telefòn fiks.**

**Pou plis enfòmasyon, vizite [MassDOT.State.MA.US/Highway/TrafficTravelResources/About511Massachusetts.aspx](http://MassDOT.State.MA.US/Highway/TrafficTravelResources/About511Massachusetts.aspx)**

## Kondui nan lvè

Li difisil e danjere pou nouvo chofè ak chofè ki pa gen anpil eksperyans yo woule nan sezón ivè. Machin yo pa woule menm jan sou glas ak nèj ke sou asfalt ki sèch e ki pa frèt. Ou dwe pratike woule machin nan kondisyon tan ivè yo.

- Diminye vitès ou. Woule ak pridans e akselere dousman.
- Pa janm lòk fren w sou wout ki gen glas sou yo. Sa pral fè w pèdi kontwòl. Si machin ou glise, sonje pou w **vire nan direksyon w ap glise a** (gade *Ijans Pandan W ap Kondui yo ki nan Chapit Senk*).
- Asire gen plis espas ant machin pa w ak lòt machin yo. W ap bezwen gen plis espas pou w kanpe machin nan lè wout la glise.
- Veye pou machin ijans e sede devan machin k ap netwaye nèj yo. Pa kwense machin k ap netwaye nèj yo.
- Pon ak otowout ki pase anlè yo konn konjele anvan rès wout la, e yo gendwa glise anpil. Se paske pa gen tè anba yo pou pwoteje yo devan fredi.
- Si nèj ap tonbe, derape dousman. Tape fren ou yo dousman pou tcheke ki kantite traksyon kawotchou yo genyen.

- Kenbe esui vit ak deglasè vit yo nan bon kondisyon.
- Retire TOUT glas ak nèj sou machin ou anvan ou kòmanse woule. Netwaye tout vit, esui vit, limyè devan, ak limyè fren yo. Li trèzenpòtan pou l netwaye tèt, kapo, ak kòf machin nan pou asire pa gen glas oswa nèj machin ou voye sou machin dèyè yo. Si w pa fè sa, yo ka akize w pou woule ak néglijans.
- Kenbe omwen amwatye tank gaz pou asire tib gaz ou pa konjele.
- Kenbe resipyen likid pou netwaye vit devan ou a plen ak yon likid ki pap konjele.
- Kenbe yon lenn, yon flach, ak yon ti pèl nan kòf machin ou.

Si ou gen yon kamyon ki netwaye wout pou lajan, ou dwe gen plak komèsyal.

## Lwa Pou Pwoteje Moun Vilnirab K ap Itilize Wout yo

Selon lwa Massachusetts, ‘moun vilnirab k ap itilize wout’ yo se:

- Pyeton
- Moun k ap travay sou wout la
- Moun k ap woule bisiklèt
- Moun sou cheval oswa moun k ap woule charyo dèyè cheval
- Moun k ap sèvi ak:
  - Chèz woulant
  - Aparèy mobilite pèsonèl
  - Bisiklèt ki gen motè
  - Skoutè ki gen motè
  - Skoutè ki pa gen motè
  - Planch a woulèt
  - Paten a woulèt

Lè w pase yon moun vilnirab k ap itilize wout, ou dwe ba yo **omwen 4 pye distans** ant machin pa w ak yo menm. Si pa gen danje, ou gendwa sèvi ak tout oswa yon pati nan liy akote w e ou gendwa travèse liy ki nan mitan wout la li sa nesesè. Ou dwe obeyi limit vitès lè w ap pase yo.

Y ap poste siy ki nan imaj adwat la sou wout ki pa gen yon liy presi pou bisiklèt oswa ki pa gen yon chemen ki apa.



## Pyeton yo

Pou chak 5 aksidan kote yon moun mouri, gen 1 ki enplike yon pyeton. Sonje nou tout se pyeton pafwa. Pou n ede tout moun rete an sekirite, fè plis efò pou veye pyeton yo, sitou pyeton ki distrè sou telefòn yo oswa ki gen kas nan zòrèyo.

Si w vin distrè (menm pou kèk segonn), si w woule pandan w gen dòmi nan je, oswa si w soti nan liy ou, ou gendwa blese oswa touye yon pyeton.

Prete anpil atansyon nan zòn ki gen anpil pyeton. Veye plis pou:

- Timoun** – Timoun konn aji sanzatann e yo ka difisil pou w wè. Woule ak plis pridans lè w toupre zòn lekòl, plas publik, estasyon bis, ak plas rekreyasyon yo.

- **Djògè ak Moun sou Planch oswa Paten a woulèt yo** – Djògè ak moun k ap patine yo pa toujou suiv règ siyal trafik ak règ pasaj pyeton yo.
- **Pyeton, lè w ap fè bak** – Fè pridans lè w ap fè bak. Pa sèvi sèlman ak miwa oswa sansò machin ou yo. Gen bagay ki ka bloke vizyon w pou w pa wè moun oswa objè ki dèyè machin ou. Anvan w monte machin ou, gade si gen timoun oswa bêt dèyè machin ou. Ou dwe vire tèt ou gade nan vit la anvan ou kòmanse fè bak.
- **Moun ki pa wè byen oswa moun avèg yo** – Toujou kanpe pou yon moun avèg ki nan yon pasaj pyeton. Rèt kanpe jiskaske moun nan gentan travèse an sekirite. Pa klaksonen oswa fè jès ak men w pou di l pou l avanse. Pa janm pase yon lòt machin ki kanpe. Pyeton ki avèg yo gendwa sèvi ak yon ti baton blan oswa yon chen pou gide yo. Lwa Baton Blan an egzije w kanpe nèt pou yon moun avèg k ap travèse lari.
- **Moun ki tande di oswa moun soud yo** – Li enposib pou anik gade yon moun epi idantifye si li Tande Di oswa si li Soud. Pa mèt nan tèt ou ke yon pyeton, yon chofè bisiklèt, oswa yon lòt chofè kapab tande machin ou e ke l ap sede oswa deplase. Li toujou pi bon pou sede, menmsi se ou menm ki gen dwa pasaj, pase pou w kreye yon sityasyon ki pa an sekirite.

Si w vle gen plis enfòmasyon sou aparèy ki fèt pou ede Moun ki Tande Di oswa Moun Soud yo koute e adapte, kontakte Komisyon Massachusetts pou Moun Soud ak Moun ki Tande Di nan Mass.Gov/MCDHH oswa rele yo nan 617-740-1600.

- **Estasyon tren ak bis yo** – Prete anpil atansyon lè ou toupre estasyon transpò yo, kote kapab gen plis pyeton.
- **Sant retrèt yo** – Prete anpil atansyon nan zòn kote gen plis pyeton granmoun, tankou toupre sant retrèt ak rezidans granmoun yo. Moun ki gen laj avanse yo gendwa pa wè ak tande byen, yo ka mache pi lan, epi sa ka pran plis tan pou yo reyaji.

Pa bliye, ou dwe toujou ralanti e kanpe lè nesesè pou yon moun k ap mache nan lari. Toujou gade devan pou pyeton ki pa parèt fasil, tankou nan koub, sou tèt yon mòn, oswa nan mitan de machin ki pakin yo.

## Bisiklèt ak Bisiklèt ki gen Motè (Mopèd) yo



Chofè bisiklèt oswa mopèd yo gen menm dwa pou itilize wout publik ke lòt chofè yo (gen eksepsyon sèlman pou wout ki gen aksè limite oswa otowout ki gen siy poste ki di bisiklèt ak mopèd yo entèdi). Yo dwe obeyi menm lwa trafik ak lwa dwa pasaj yo. Li ka difisil pou wè chofè sa yo lè gen trafik, e yo pa gen anpil pwoteksyon pou lòt machin pa frape yo.

Chofè yo ka blese oswa touye chofè bisiklèt oswa mopèd yo sèlman si yo distrè yon ti kras, si yo fè yon ti soti nan liy yo, oswa si yo ouvri pòt machin sa yo pa gade.

Lè w ap pase yon bisiklèt oswa yon mopèd:

- Ralanti. Van machin ou voye sou chofè sa yo kapab destabilize yo.
- Kite anpil espas ant machin pa w ak chofè bisiklèt ak mopèd yo.
- Si w pa gen ase espas pou w double an sekirite, tann trafik pase oswa tann liy nan vin pi laj pou w pase.

Diminye nivo ekleraj limyè yo nan nuit si gen yon chofè bisiklèt k ap pwoche devan w. Pa bliye, yon chofè bisiklèt oswa mopèd gendwa oblje vire bridsoukou, menmjan ak nenpot lòt chofè. Toujou respekte dwa chofè bisiklèt ak mopèd yo genyen pou yo itilize wout la, menm jan ou ta respekte nenpòt lòt chofè.

Lè ou pakin machin ou arebò wout la, toujou byen veye pou asire pa gen chofè bisiklèt oswa mopèd k ap pase akote w anvan w ouvri pòt la. Gade seksyon *Danje Ouvri Pòt Devan Chofè Bisiklèt* yo ki sou paj 97 pou plis enfòmasyon.

## Motosiklèt yo

Gade 2 fwa, Sove Lavi Moun • Gen Moto Tout Kote

Motosiklèt se veyikil, menm jan ak vwati ak kamyonèt. Kantite moto ki gen nan Massachusetts ap ogmante dejouanjou. Nòmalman, sezon moto soti depi mwa mas rive nan mwa oktòb chak ane, men gen kèk moun ki woule moto pandan tout ane a. Ou dwe konsyan de moto yo e pataje wout avèk yo an sekirite.

Moto yo woule nan menm vitès ak vwati ak kamyonèt yo. Chofè moto yo fè fas ak plis danje poutèt tan ak kondisyon wout yo. Moto yo pa gen menm karakteristik sekirite ke machin genyen e gen plis chans pou moun blese nan aksidan moto.

Anviwon yon mwatye aksidan moto kote moun mouri se paske gen yon lòt machin ki frape moto a. Chofè yo dwe sitou vijilan pou moto k ap vini yo lè y ap antre nan trafik oswa lè y ap vire agòch (pa sèlman lè y ap vire nan kafou).

- **Chanje Liy** – Lè w ap woule sou otowout, pran plis pridans lè w ap chanje liy oswa lè w ap rantré nan trafik. Gen bagay ki ka apeche w wè moto yo piske yo piti. Toujou gade nan miwa ou yo e tcheke pou moto. Siyale bonè, e tcheke 2 fwa anvan w chanje liy.
- **Suiv Dèyè** – Kite plis espas ant machin ou ak moto ki devan w. Sèvi ak règ distans kat segonn (sèvi ak règ twa segonn lè w ap suiv lòt machin yo).
- **Pataje Liy Trafik** – Moto yo gen menm dwa ak machin pou yo sèvi ak tout gwosè liy nan. Menmsi yon moto gendwa sèvi ak yon pati nan liy nan ki pi piti, ou pa janm gendwa pataje liy ansanm avèk li. Chofè moto yo bezwen fè mouvman nan liy yo pou yo ka evite fatra, twou, oswa luil ki sou wout. **Pinga w janm antre nan menm espas liy ak yon moto, menmsi liy nan gwo e menmsi chofè moto a ap kondui sou yon sèl bò.** Li pa legal pou w kwense moto anndan liy trafik e sa se yon bagay ki danjere anpil.
- **Vire nan Kafou** – Vwati oswa kamyonèt k ap vire agòch pandan trafik ap vini sou yo lakòz anpil aksidan. Prete plis atansyon a moto yo lè w nan yon kafou. Moto yo pi piti e yo gendwa kache dèyè lòt machin. Li gendwa difisil pou jíje vitès ak pozisyon yo. Menmsi ou gen kont tan pou w vire ou menm, yon moto k ap vini gendwa pa gen kont tan pou l'ralanti an sekirite. Kite moto a pase nan kafou a anvan.
- **Kondisyon Wout ak Tan yo** – Kondisyon wout ki bay vwati ak kamyonèt ti pwoblèm gendwa prezante gwo danje pou moto yo. Gravye, twou, ak sifas glise yo gendwa lakòz yon chofè moto oblige chanje vitès ak direksyon tousuit. Moto yo bezwen plis distans pou yo kanpe pandan move tan. Toujou bay moto yo plis espas pou si li oblige kanpe bridsoukou.

Suiv konsey sa yo e pataje wout la an sekirite avèk moto ak lòt machin yo.



Li pa janm legal pou yon chofè moto fòfile moto li ant liy trafik yo.

## Sekirite Motosiklèt yo

RMV a gen yon Mànyèl pou Moto. Ou dwe li mànyèl sa a anvan ou ranpli aplikasyon pou yon pèmi moto. Mànyèl Moto a gen enfòmasyon an detay sou ekipman moto, operasyon, ekipman pwoteksyon, pote pasaje, ak règ wout yo.

Mànyèl Moto a disponib sou entènèt a Mass.Gov/RMV.

## Sekirite Bisiklèt ak Motè (Mopèd) yo

Yon mopèd (yo konn rele l bisiklèt ak motè tou) se swa yon bisiklèt ki gen pedal, men ki gen yon motè pou bay kout men tou, oswa yon bisiklèt san pedal ki gen motè. Vitès maksimòm li dwe 30 mil pa è (mph) oswa pi piti. Kapasite silend li dwe 50 santimèt kib (cc) oswa pi piti. Fòk li gen yon transmisyon otomatik.

Ou dwe gen yon lisans (nenpòt klasman) oswa yon pèmi aprantisaj pou kondui yon mopèd. Ou dwe suiv règ sa yo lè w ap woule yon mopèd:

- Pa depase 25 mph vitès.
- Pa woule sou wout ki gen aksè limite oswa otowout ekspres eta ki gen siy ki di bisiklèt entedi.
- Itilize siyal elektwonik ak siyal men ki apwopriye pou kanpe ak vire.
- Pa woule sou chemen rekreyasyon ki pa wout machin (ou gendwa sèvi ak liy bisiklèt ki arebò wout yo).
- Chofè ak pasaje yo dwe mete kas ki rive nan oswa ki depase standa US DOT yo.
- Obeyi tout lwa trafik ak règ yo.
- Lè w ap woule l ak yon pèmi aprantisaj, pa pote okenn pasaje.

Yo ka ba w kontravansyon ki rive nan \$100 si w dezobeyi youn nan règ sa yo.

## Sekirite Skoutè yo

Yon skoutè ki gen motè se nenpòt veiykil ki gen 2 oswa 3 wou, yon volan, ak yon motè elektrik oswa gaz ki kapab avanse veiykil la swa avèk fòs imen swa san fòs imen. Skoutè ak motè yo kapab fèt yon fason pou chofè a chita oswa kanpe.

**Biwo Matrikilasyon Veyikil yo a pap bay papye matrikilasyon pou skoutè ak motè yo.**

Ou dwe gen yon lisans (nenpòt klasman) oswa yon pèmi aprantisaj pou woule yon skoutè ak motè. Yo ka ba w kontravansyon sou w dezobeyi lwa veiykil yo.

Ou dwe suiv règ sa yo lè w ap woule yon skoutè ak motè:

- Pa depase 20 mph vitès.
- Pa woule sou wout ki gen aksè limite oswa sou otowout eksprés eta yo.
- Mete yon kas ki rive nan oswa ki depase standa US DOT yo.
- Toujou rete sou bò dwat wout la, menm lè w ap double yon lòt veiykil.
- Itilize siyal elektwonik ak siyal men ki apwopriye pou kanpe ak vire.
- Pa woule apre solèy la kouche oswa anvan solèy leve.
- Pa pote okenn pasaje.

- Obeyi tout lwa trafik ak règ yo.

Yo ka ba w kontravansyon ki rive nan \$25 (1ye Ofans); \$25-\$50 (2yèm Ofans); \$50-\$100 (3yèm Ofans oswa plis).

**Fre yo gendwa chanje nenpòt lè.**

## **Sekirite Machin ki Gen Izaj Spesifik**

Yon veyikil izaj spesifik gendwa gen 2 oswa plis wou. Li ka ale pi vit pase 30 mph, men li pa dwe depase 40 mph. Yon veyikil izaj spesifik kapab swa yon moto swa yon machin; sa depann de konbyen wou li genyen.

Fòk ou gen yon lisans valab oswa yon pèmi aprantisaj pou woule yon veyikil izaj spesifik. Si se yon moto, fòk ou gen yon lisans oswa pèmi Klas M. Si se yon machin, fòk ou gen yon lisans oswa pèmi Klas D.

Ou pa gendwa kondui yon veyikil izaj spesifik sou yon wout ki gen aksè limite oswa sou yon otowout eksprès eta a, oswa sou nenpòt wout ki gen limit vitès ki plis pase 40 mph.

## **Sekirite Machin ki Fè Vitès ki Lan**

Yon Veyikil Vitès Lan (LSV) gen 4 wou e li ka sèlman woule ant 20 a 25 mph. Li dwe gen kapasite pwa total ki pi piti pase 3,000 liv.

Fòk ou gen yon lisans oswa pèmi aprantisaj Klas D pou woule yon veyikil vitès lan.

Ou pa gendwa woule yon veyikil vitès lan sou yon wout ki gen aksè limite oswa sou yon otowout eksprès eta a, oswa sou nenpòt wout ki gen limit vitès ki plis pase 30 mph. Anplis, yo pa pèmèt ou woule veyikil vitès lan yo sou wout ki gen anpil trafik. Ou dwe obeyi tout lwa ak règ trafik yo. Yo ka ba w kontravansyon si w dezobeyi lwa yo.

## **Lwa Sekirite An Rapò ak Bisiklèt**

Pandan dènye ane ki sot pase yo, yo chanje lwa sekirite an rapò ak bisiklèt yo pou fè chofè bisiklèt, moto, ak moun k ap louwe bisiklèt yo pote plis responsabilite, toutpandan yo bay lapolis plis fòmasyon sou sekirite bisiklèt ak ranfòsman trafik. Kòm rezulta, ta dwe gen plis konpreyansyon sou pwoblèm sekirite ak ranfòsman lwa sekirite ki gen rapò ak bisiklèt.

Si lapolis wè yon chofè bisiklèt vyole yon lwa trafik, lapolis gendwa ba li yon kontravansyon menm jan yo bay chofè machin kontravansyon. Yo ka ba li yon kontravansyon, men li pap afékète lisans li. Yon chofè bisiklèt dwe bay lapolis vrè non ak adrèς li lè yo mande l sa, sinon yo ka ba li yon kontravansyon pou sa. Yo gendwa arete yon chofè bisiklèt poutèt li refize bay non li.

Konpayi ki louwe bisiklèt yo dwe ofri kliyan yo kas ki ranpli tout rekiz sekirite yo.

Epitou, lalwa pèmèt yo bay chofè machin kontravansyon poutèt yo vyole yon lwa trafik ki gen rapò ak konpòtman anvè bisiklèt yo. Sa dwe ankouraje chofè machin yo woule ak plis pridans.

Si w vle jwenn yon lis lwa pou chofè bisiklèt ak chofè machin ki an prezans bisiklèt yo, tanpri gade paj 94.

# Kenbe Lisans ou

Se yon privilèj pou moun kondui nan Massachusetts. Se pa yon dwa. Ou kalifye pou privilèj sa a lè w pase yon egzamen pèmi aprantisaj ak yon egzamen sou wout la. Tès sa yo pwouve ke ou gen kapasite pou w kondui yon machin an sekirite toutpandan ou suiv lwa yo. Yonfwa ou kalifye pou gen yon lisans, ou vin responsab aksyon ou yo antanke yon chofè, e ou vin responsab sekirite pasaje ou yo, pyeton yo, ak tout lòt moun ki sou wout la yo.

RMV a gen yon dosye sou istwa w antanke yon chofè.

Dosye sa a rele **dosye chofè**. Gen 3 kalite evènman ki ka fè w pèdi privilèj kondui:

- Enfrakson sivil pou machin
- Enfrakson kriminèl
- Aksidan machin kote yo jije w pote plis pase 50 pouzan responsabilite aksidan an

Chapit sa a esplike touletwa evènman sa yo. Anplis, li esplike kòman lalwa fonksyone e ki jan w ka evite pèdi privilèj kondui yo.

Pafwa, RMV a oblige mete yon sispansyon sou lisans ou oswa revoke l. Nan chapit sa a, y ap esplike sityasyon sa yo. Lè yo mete yon sispansyon oswa yo revoke lisans ou, sa vle di ou pèdi privilèj ou gen pou w kondui. Sa ka rive pou yon kantite tan limite oswa pou yon kantite tan san limit. (Gade seksyon *Mete yon Sispansyon oswa Revoke Lisans* ki pi devan nan chapit sa a.)

CHAPIT 3



Ou pa gendwa renouvre lisans ou si gen kontravansyon ou poko peye, taks endirèk ou poko peye, manda tribunal ki toujou ouvri, kontravansyon E-ZPass/Liy Rapid ou poko peye, oswa kontravansyon Pon Tobin ou poko peye. (Gade seksyon *Rezon pou Renouvre oswa Pa Renouvre Lisans* ki pi devan nan chapit sa a.)

## Enfraksyon ak Penalite Trafik yo

Lè w vyole yon lwa trafik, yo gendwa ba w yon kontravansyon. Kontravansyon an kapab gen ladan I peye yon amann, pèdi privilèj ou gen pou w kondui, ale nan tribunal, oswa ale nan prizon. Si w vyole yon gwo lwa trafik, sa se yon ofans kriminèl. Pa egzamp, se si w ta woule machin apre ou fin bwè alkòl oswa si w ta kite lokal yon aksidan. Enfraksyon sa yo pote gwo penalite e ou gendwa pèdi lisans ou. Ou ka pèdi lisans ou tou si w resevwa plizyè kontravansyon trafik. Sa gen ladan I depase limit vitès ak pa respekte siyal trafik yo.

Enfraksyon trafik yo kapab swa enfraksyon sivil swa enfraksyon kriminèl. Seksyon ki vini apre yo pral esplike diferans ki gen ant de kalite enfraksyon sa yo. Pou anpil enfraksyon, penalite yo pi di si w gen yon Lisans Nouvo Chofè, si w poko gen 21 an laj, si w gentan fè plizyè enfraksyon, oswa si w ap kondui ak yon Lisans Chofè Komèsyal (CDL).

**Selon enfraksyon an, ou gendwa resevwa plis pase yon sèl penalite. Sa ka gen ladan I yon kontravansyon, pèdi lisans, ak/oswa ale nan prizon.**

### Enfraksyon Sivil pou Machin

Enfraksyon sivil, tankou dezobeyi siyal trafik oswa depase limit vitès, pa kriminèl. Nòmalman ou regle sa lè w peye yon amann. Si w resevwa yon kontravansyon nan men lapolis pou yon enfraksyon sivil pou machin (CMVI), ou dwe peye amann nan oswa fè yon demann pou yon odyans pou dispite li. Yo ba w 20 jou pou w fè sa. Chak kontravansyon CMVI ki soti nan chapit 89 oswa 90 Lwa Jeneral Massachusetts la ap gen yon fre sekirite publik ki \$5 plis.

Si w fè demann pou yon odyans, ou dwe peye RMV yon fre enskripsyon ki se \$25. Ou kapab swa voye lajan ansanm ak fè yon kontravansyon lè w fè demann odyans, swa ou ka peye sou entènèt oswa pa lapòs lè w resevwa lèt RMV ki endike ou dwe yo fre a. Si tribunal jije w PA RESPONSAB pou TOUT enfraksyon ki site sou kontravansyon sivil, y ap remet ou fre enskripsiyon \$25.

Si w pa reponn yon kontravansyon anvan 20 jou pase, y ap jije w responsab epi y ap fè w peye yon fre paske w anreta. Si w pa peye kontravansyon ak fre anreta a, sa ap lakòz yo mete yon sispanson nan lisans ou. Lè w peye yon amann, sa vle di ou aksepte responsabilite pou enfraksyon sa a. Dosye chofè w pral montre w responsab si w peye kontravansyon an pa lapòs, si w fè demann pou yon odyans e tribunal la ba w lòd pou w peye amann nan, oswa si w pa reponn kontravansyon an anvan 20 jou pase.

RMV a ekri tout enfraksyon trafik ki fèt nan Massachusetts sou dosye chofè w. Enfraksyon trafik yo ka fè pri asirans machin ou monte. Epitou, yo ka lakòz yo mete yon sispanson sou lisans ou.

Enfraksyon pakin yo pa nan men kategori ak CMVI yo. Se vil oswa ti bouk ki te ba w enfraksyon oswa kontravansyon an ki jere sa a. Si w pa peye kontravansyon yo, ou pap kapab renouvre lisans ou oswa matrikilasyon machin ou.

Ou gendwa peye enfraksyon machin yo avèk kat kredi. Rele Sant Kontak RMV a oswa vizite sitwèb yo nan Mass.Gov/RMV. Oswa ou ka voye peman pa lapòs nan:  
RMV Citations - Processing Center, PO Box 55890, Boston, MA, 02205-5890

## **Enfraksyon Vitès yo**

Nan kòmansman *Chapit Kat* yo esplike lwa limit vitès yo pou Massachusetts. Penalite ki pi piti lè yon chofè depase limit vitès se \$105. Si w depase limit vitès pa plis pase 10 mil pa è (mph), ou dwe peye \$10 plis pou chak mph ki anplis premye dis mph ekstra yo. Pa egzanp, si limit vitès wout la se 55 mph, e w ap woule a 73 mph vitès, penalite a va \$185. Selon lalwa, tout amann ki gen rapò ak depase limit vitès tou enkli yon fre \$50. Kòb fre sa a ale nèt nan Fon Sèvis Tretman pou Moun Blese nan Tèt. Souvan, depase limit vitès mennen nan aksidan machin ki lakòz moun blese grav nan tèt. Yo te kreye fon sa a pou trete moun ki blese nan tèt. Yo ajoute anplis yon fre sekirite publik \$5 pou tout kontravansyon limit vitès yo.

Vitès Ou	73 mph
Limit Vitès	55 mph
	18 mph plis pase limit la
Premye 10 mph	\$105
Pwochen 8 mph (8 x 10) =	\$80
	185 amann total

## Zòn Travay

Si w depase limit vitès nan yon zòn travay kote gen yon siy ki poste, yo **double** amann nan.

Y ap revoke lisans ou pandan 30 jou si yo jije w koupab pou 3 enfraksyon vitès pandan yon peryòd 12 mwa. Si w gen yon Lisans Nouvo Chofè, 1ye ofans ap fè w pèdi lisans ou pandan 90 jou. Si gen plis ofans apre sa, y ap revoke lisans ou pou 1 an.

---

## **Enfraksyon Kriminèl pou Machin**

Enfraksyon trafik kriminèl se ofans ki grav anpil. Si w komèt yon enfraksyon trafik kriminèl, yo gendwa arete w lapoula, sezi machin ou, revoke lisans ou, e yo gendwa voye w nan prizon jiskaske yo mennen w nan tribunal. Si yo kondane w pou yon ofans trafik kriminèl, se tribunal la k ap deside ki amann oswa santans prizon w ap jwenn.

Enfraksyon kriminèl yo gen ladann kondui pandan lisans ou revoke, kondui pandan ou anba enflyans yon bagay (OUI), ak kite lokal yon aksidan. Seksyon Mete yon Sispansyon oswa *Revoke Lisans* ki nan chapit sa a gen tablo ki site ki penalite ki genyen pou yon varyete ofans trafik kriminèl.

Lapolis gendwa arete w, e ou ka fè fas ak akizasyon kriminèl, si w refize...

- Bay non ak adrès ou
- Bay non ak adrès mèt machin nan
- Montre lisans ou
- Montre sètifica matrikilasyon ki valab pou machin nan
- Siyen non w devan polisy a

## **Enfraksyon ki Fèt nan Lòt Eta yo**

Enfraksyon trafik ki fèt nan lòt eta yo gen menm enpak sou dosye w ke si yo te fèt Massachusetts.

- Pa inyore enfraksyon ki fèt nan lòt eta yo. Si w pa peye oswa pa parèt nan yon lòt zòn poutèt yon enfraksyon, sa ap gen yon enpak sou stati lisans ou ak dwa ou gen pou kondui machin nan eta Massachusetts.
- Enfraksyon ki fèt nan lòt eta yo kapab pote kèk oswa tout nan penalite sa yo: revoke lapoula oswa mete yon sispanson sou privilèj kondui w jiskaske ou ranpli obligasyon w yo; peye fre pou reyaktive privilèj ou yo; pri asirans machin ou monte; asiste kou rekalifikasyon chofè obligatwa; ak/oswa lisans ou revoke pou yon peryòd tan.
- RMV a aplike penalite revoke lisans Massachusetts yo pou enfraksyon ki fèt nan lòt eta yo. Nan kèk ka, penalite Massachusetts gendwa pi strik pase penalite lòt eta a.
- Si yo revoke privilèj kondui ou yo, ou dwe prezante RMV prèv ke ou te rezoud obligasyon w yo pou enfraksyon ki fèt nan lòt eta, e ou dwe peye Massachusetts yon fre pou reyaktive privilèj ou yo (minimòm \$100) anvan y ap reyaktive lisans Massachusetts ou a.

## **Aksidan Kote W Responsab**

Dosye chofè w afèkte tou si ou responsab yon aksidan machin. Ou pote plis pase 50 pouasan responsabilite aksidan an si konpayi asirans ou...

1. Twouve w responsab selon youn nan 19 Standa Responsabilite yo site sou pwochen paj la. Yon egzanp se si w lakòz yon aksidan paske w t ap kondui sou lòtbò lari a. Yon lòt egzanp se si w lakòz yon aksidan se si w frape yon lòt machin pa deyè.  
*epi*
2. Te peye plis pase \$1000 pou kolizyon, kolizyon limite, oswa domaj pou pwopriyete yon lòt moun, oswa si li te peye plis pase \$1000 pou yon moun ki blese (si pa gen kolizyon oswa domaj pwopriyete yon lòt moun ki plis pase \$1000 ki soti nan menm aksidan an).

Yo mete tout aksidan yo ba w responsab sou dosye chofè w. Aksidan ou responsab ak enfraksyon trafik yo konte nan kontwòl yo fè pou revoke lisans ou.

## **Evènman Sichajab yo**

Yo rele enfraksyon trafik ak aksidan ou responsab yo evènman sichajab. Chak evènman sichajab konte nan kontwòl yo fè pou petèt revoke lisans ou. Yo kontwole pifò enfraksyon ki fèt nan lòt eta yo kòmsi yo te fèt Massachusetts.

**Si yo kondane w pou twa enfraksyon vitès pandan yon peryòd 12 mwa, y ap revoke lisans ou pandan 30 jou otomatikman. Peryòd 12 mwa a kòmanse swa lè w peye amann nan swa lè yo twouve w koupab pou premye enfraksyon an.**

**Y ap revoke yon lisans Nouvo Chofè (pou chofè ki pokò gen 18 an) pandan 90 jou apre premye enfraksyon vitès, epi pou 1 an pou nenpòt enfraksyon ki vin apre yo.**

## **Standa Responsabilite yo**

- Frape yon machin ki pakin, kit li pakin yon fason legal kit li pa pakin yon fason legal
- Frape machin pa dèyè
- Frape yon bagay ki pa nan liy ou
- Neglige fè siyal
- Neglige avanse ak pridans apre yon limyè wouj oswa yon siy trafik
- Fè aksidan sou lòtbò wout la
- Woule machin nan move direksyon
- Fè aksidan nan yon kafou ki pa gen siy trafik
- Frape yon bagay pandan w ap fè bak
- Fè aksidan pandan w ap vire agòch oswa pandan w ap fè yon demi-tou (“U-turn”) ki travèse chemen veyikil k ap woule nan menm direksyon oswa nan direksyon anvès ou
- Derape oswa soti nan yon pozisyon estasyone, nan pakin, nan yon ale, oswa nan yon wout ki mennen nan kay
- Pòt machin ki ouvri oswa pandan w ap ouvri pòt machin ou (yo)
- Aksidan machin ki enplike yon sèl veyikil
- Neglige obeyi règ kondui yo
- Frape yon machin ki pa gen moun ladan I
- Fè aksidan pandan w ap antre sou yon otowout oswa sou yon wonpwen
- Chofè machin te lakòz aksidan malgre pa t gen kontak
- Neglige sede pou machin ijans ki gen dwa pasaj, lè lalwa mande sa
- Fè aksidan nan yon kafou “T” (ou te soti nan yon wout segondè)

Pou premye enfraksyon kous machin nan lari (“drag race”), y ap revoke lisans Nouvo Chofè pandan 1 an. Si li jwenn yon lòt kontravansyon kous machin nan lari pi devan, y ap revoke lisans li pandan 3 an.

**Si w gen 3 evènman sichajab pandan yon peryòd 2 an, yo gendwa mete yon sispanson sou lisans ou.** RMV a pral voye w yon lèt ki di ou dwe konplete yon kou Rekalifikasyon Chofè (gade pwochen seksyon). Ou dwe konplete kou rekalfikasyon an anvan 90 jou pase, sinon y ap revoke lisans ou jiskaske w konplete kou a.

**Si w gen 7 evènman sichajab pandan yon peryòd 3 an, y ap mete yon sispanson sou lisans ou pandan 60 jou otomatikman.**

Evènman sichajab yo gen yon enpak sou asirans machin ou tou. Komite Klasman Merit la responsab Plan Asirans Chofè An Sekirite a (SDIP). Anba SDIP a, pri asirans ou depann de dosye chofè w. Si w se yon chofè ki woule an sekirite, pri asirans ou gendwa bese. Pri asirans ou ap monte si w resevwa kontravansyon kondui, oswa si w pote plis pase 50 poustan responsabilite pou yon aksidan.

## **Kou Rekalifikasyon Chofè yo**

Si w gen 3 oswa plis evènman sichajab sou dosye chofè w pandan yon peryòd 2 an, ou dwe konplete Kou Rekalifikasyon Chofè Massachusetts. Si w pa fè sa, y ap revoke

lisans ou. Kou sa a pa anseye konpetans kondui machin yo. Li ede w aprann chanje konpòtman w pandan w ap kondui.

#### **Pou enskri nan yon kou Rekalifikasyon Chofè, rele Konsèy Sekirite Nasyonal nan 1-800-215-1581.**

Apre RMV a fin di w ou gen 3 oswa plis evènman sichajab, y ap voye w yon pake enfòmasyon sou kou rekalfikasyon chofè a. Pake sa a gen enfòmasyon ladan I konsènan kou a, fre kou a, ak fason w ka enskri ladan I. Pwogram rekalfikasyon an dire 8 èdtan, e yo bay kou a nan plizyè kote atravè tout eta a. Se 2 sesyon ki dire 4 èdtan. Sepandan, se posib gen sesyon samdi ki dire 8 èdtan ki disponib nan zòn ou a.

Konplete ou komplete kou Rekalifikasyon Chofè a pa retire enfraksyon oswa sichaj ki nan dosye chofè w. Anplis, li pa ranplase nenpòt lòt egzijans yo. Pa egzanp, si yo te kondane w poutèt ou te woule pandan w te sou, se posib yo ka egzije w komplete yon pwogram tretman alkòl oswa yon pwogram edikasyon sou alkòl.

### **Dosye Chofè yo**

Yon kopi sètifye Dosye Chofè Piblik Massachusetts lan apwopriye pou objektif ofisyèl yo e yo mete so sou li pou endike se yon dokiman otantik RMV. Ou ka kòmande yon dosye chofè sètifye sou entènèt nan Mass.Gov/RMV, nan tout Sant Sèvis RMV yo, pa lapòs, oswa nan Depatman Dosye Tribunal ki nan 136 Blackstone Street, Boston MA. Pri yon dosye chofè sètifye se \$20. Ou kapab peye sa pa mwayen chèk, manda labank, oswa kach nan yon sant sèvis, oswa pa mwayen kat VISA, MasterCard, Discover, oswa American Express sou entènèt. Pou fè kòmann pa lapòs, voye yon *Fòmilè Kòmann Dosye Chofè Piblik* avèk yon chèk oswa manda labank nan adrès ki ekri pi ba a. Si w pa bezwen yo sètifye dosye chofè a, ou kapab kòmande yon dosye chofè ki pa sètifye pou \$8 (opsyon sa a disponib sou entènèt sèlman).

**Driver Control/ Court Records, Registry of Motor Vehicles, P.O. Box 55896, Boston, MA 02205-5896**  
**Si w kòmande yon dosye chofè pa lapòs oswa pa telefòn, li ka pran 10 jou biznis pou l rive.**

Chèk ak manda labank dwe fèt nan non MassDOT. Asire non, adrès, ak nimewo lisans lan ekri sou chèk la. Si w pa viv nan eta sa a, tanpri endike ki kote ou ta renmen pou n voye dosye chofè a.

Seksyon Chapti 64 Akò 2016 la limite yo pataje ak piblik la kèk enfòmasyon sou ofans dwòg yo, ak enfòmasyon sou manda ekspire ak sou pansyon sipò timoun, ki te konn parèt sou Dosye Chofè Piblik yo anvan. Si w bezwen enfòmasyon sou fason w ka jwenn yon dokiman RMV ki enkli ofans sa yo, tanpri ekri Dosye Tribunal nan 857-368-8195 oswa vizite Dosye Tribunal àn pèsòn a Sant Sèvis RMV Haymarket, 136 Blackstone Street, Boston MA.

**Fre yo gendwa chanje nenpòt lè.**

### **Mete Sispansyon sou oswa Revoke Lisans**

Biwo Matrikilasyon Veyikil Motè gendwa mete yon sispansyon sou lisans ou oswa revoke lisans ou. Yo ka fè sa selon lalwa Massachusetts, oswa lè yo wè ou mete sekirite piblik la an danje. Gen kèk enfraksyon machin ki egzije yo mete yon sispansyon oswa revoke lisans ou lapoula. Epitou, yo ka mete yon sispansyon oswa revoke lisans ou si w komèt plizyè enfraksyon trafik oswa si w responsab plizyè aksidan.

## Sispansyon Lisans Otomatik (18 an laj oswa plis)

Sitiyasyon	Eksplikasyon	Peryòd Sispansyon an	Fre pou Reyaktive Lisans
<b>Twa Enfraksyon Vitès</b>	Twa enfraksyon vitès/ responsab aksidan pandan yon peryòd 1 an.	30 jou	\$100
<b>Twa Evènman Sichajab</b>	Nenpòt 3 evènman sichajab - gendwa enfraksyon trafik oswa aksidan sichajab – pandan yon peryòd 2 an.	Dwe konplete kou Rekalifikasyon Chofè anvan 90 jou pase oswa y ap revoke lisans li jiskaske kou a konplete	\$100
<b>Sèt Evènman Sichajab</b>	Nenpòt 7 evènman sichajab – gendwa enfraksyon trafik oswa aksidan sichajab – pandan yon peryòd 3 an.	60 jou	\$100
<b>Moun ki Abitye Vyole Lwa Trafik</b>	Yon total 3 gwo enfraksyon trafik oswa nenpòt 12 enfraksyon trafik (piti oswa gwo) ki fèt pandan yon peryòd 5 an.	4 an	\$500
<b>Yon Lòt Eta Revoke Lisans</b>	Yo revoke oswa mete yon sispansyon sou lisans ou nan yon lòt eta.	Jiskaske sispansyon lisans lòt eta a rezoud.	\$100

### Rezon pou yon Sispansyon Lisans

Pafwa RMV a **oblige** mete yon sispansyon sou, oswa revoke, lisans yon chofè. Tablo ki gen nan seksyon sa a montre kilè gen sispansyon otomatik. RMV a gendwa chwazi mete yon sispansyon sou oswa revoke yon lisans tou nan ka ki vin apre yo:

- Menas lavi imeda — Si RMV a kwè fason w kondui mete lavi publik an danje, yo ka mete yon sispansyon sou pèmi aprantisaj oswa lisans sou lapoula.
- Kondui moyè fason — Si ou te kondui yon machin yon fason mal, RMV a gendwa mete yon sispansyon sou priviléj ou gen pou w kondui.
- Fo Identifikasiyon (ID) — Menmsi ou pa kondane, RMV a gendwa mete yon sispansyon sou priviléj kondui ou yo pandan 6 mwa (oswa pandan 1 an apre yo kondane w) pou enfraksyon ki vin apre yo:
  - Transfere, chanje, oswa degrade yon lisans/ID
  - Pwodui, itilize, vann, oswa distribye yon fo lisans/ID
  - Sèvi ak lisans/ID yon lòt moun
  - Bay fo enfòmasyon pou jwenn yon lisans/ID

**Gen anpil ofans nan tablo a ki mande w ale nan prizon tou.**

Gen peryòd sispansyon adisyonèl ki aplikab pou anpil nan ofans yo si yon Nouvo Chofè komèt li e si ofans lan enplike alkòl ak dwòg. Pou plis enfòmasyon, gade seksyon **Ofans Alkòl pou Moun ki Poko Gen 21 an** ki pi devan nan chapit sa a.

**Kiliyan k ap gen yon sispansyon otomatik poutèt sètèn ofans vann dwòg yo gendwa chèche yon lisans bezwen nenpòt lè pandan peryòd sispansyon yo a.**

# Sispansyon PÈMI Otomatik

Nouvo Chofè yo Sèlman (16.5 rive nan 18 an laj)

Enfraksyon	Peryòd Sispansyon	Rekiz pou Rejwenn Lisans	Fre pou Reyaktive
Kondane pou kondui san pa gen yon chofè ki gen lisans avèk li (c. 90, §8B)	60 jou— premye ofans 180 jou— dezyèm ofans 1 an— ofans adisyonèl yo	Tout enfraksyon yo egzije w rekonoze egzamen pèmi aprantisaj. Dezyèm ofans egzije w suiv yon kou Refòmasyon Atitud Chofè.	\$100
Kondane pou kondui pandan restriksyon nuit la (c. 90, §10) (c. 90, §8B)	60 jou— premye ofans 180 jou— dezyèm ofans 1 an— ofans adisyonèl yo	Tout enfraksyon yo egzije w rekonoze egzamen pèmi aprantisaj. Dezyèm ofans egzije w suiv yon kou Refòmasyon Atitud Chofè.	\$100
Kondane pou twòp vitès (c. 90, §17) (c. 90, §17A) (c. 90, §18)	90 jou— premye ofans 1 an— dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo	Tout enfraksyon yo egzije w rekonoze egzamen pèmi aprantisaj.	\$100
Kondane pou fè kous machin nan lari ("drag racing") (c. 90, §17B)	1 an— premye ofans 3 an— dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo	Tout enfraksyon yo egzije w rekonoze egzamen pèmi aprantisaj ak suiv yon kou Refòmasyon Atitud Chofè. Anplis, yo gendwa egzije w suiv yon kou SCARR (Tribinal Eta Kont Kolè Sou Volan).*	\$500-premye ofans \$1000-dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo
Kondane pou itilizasyon aparèy elektwonik pòtab (tèks oswa telefòn) (c. 90, §8M)	60 jou— premye ofans 180 jou— dezyèm ofans 1 an— ofans adisyonèl yo	Pou premye enfraksyon an, fòk ou peye yon amann \$100, rekonoze egzamen pèmi aprentisaj, ak suiv yon kou Refòmasyon Atitud Chofè. Amann nan se \$250 pou dezyèm ofans ak \$500 pou twazyèm ofans.	\$100
Kondane pou woule avèk negligians ak blesi ki soti nan itilizasyon telefon pòtab (c. 90, §24)	180 jou— premye ofans 1 an— dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo	Pou dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo, fòk ou rekonoze egzamen pèmi aprantisaj la.	\$500

**Note:** Anplis nenpòt lòt penalite lalwa egzije, Lwa Jeneral Massachusetts chapti 90, seksyon 24p egzije nenpòt Nouvo Chofè ki kondane pou Woule Anba Enfiliyans (OUI), Woule Yon Fason Danjere, Kite Lokal yon Aksidan, Bwè Alkòl ki Soti nan Yon Boutèy Alkòl Ouvri, OUI ki köz Blesi Grav, Itilize yon Machin san Otorizasyon, Woule Yon Fason Neglijian/Danjere, Prete/Kite yon Lòt Moun Itilize Lisans Ou oswa Pèmi Aprantisaj ou, oswa Touye Moun Avèk Machin, dwe sibi yon sispansyon lisans li pandan 180 jou (anplis nenpòt lòt sispansyon lalwa egzije) pou premye ofans, oswa pandan 1 an pou lòt ofans adisyonèl yo. Sispansyon adisyonèl sa a aplikab pou Nouvo Chofè yo sèlman, e sèlman nan ka kote yo pa t resevwa yon sispansyon adisyonèl deja poutèt yo refize oswa yo pa pase egzamen respirasyon pou alkòl.

Anplis penalite ki site pi wo yo, y ap notifye paran oswa moun ki responsab ou de sispansyon an.

# Sispansyon LISANS Otomatik

Nouvo Chofè yo Sèlman (16.5 rive nan 18 an laj)

Enfraksyon	Peryòd Sispansyon	Rekiz pou Rejwenn Lisans	Fre pou Reyaktive Lisans
Kondane pou dezobeyi restriksyon pasaje oswa restriksyon kondui nan nuit (c. 90, §8) (c. 90, §10)	60 jou— premye ofans 180 jou— dezyèm ofans 1 an— ofans adisyonèl yo	Dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo egzije w suiv yon kou Refòmasyon Atitud Chofè. Twazyèm ofans ak ofrans adisyonèl yo egzije w rekonoze egzamen pèmi aprantisaj ak refè egzamen sou wout la.	\$100
Kondane pou twòp vitès (c. 90, §17) (c. 90, §17A) (c. 90, §18)	90 jou— premye ofans 1 an— dezyèm ofans oswa ofans adisyonèl yo	Tout enfraksyon yo egzije w rekonoze egzamen pèmi aprantisaj, suiv yon kou Refòmasyon Atitud Chofè, ak refè egzamen sou wout la. Anplis, yo gendwa egzije w suiv yon kou SCARR (Tribinal Eta Kont Kolè Sou Volan).*	\$500
Kondane pou fè kous machin nan lari ("drag racing") (c. 90, §17B)	1 an— premye ofans 3 an— dezyèm ofans oswa ofans adisyonèl yo	Tout enfraksyon yo egzije w rekonoze egzamen pèmi aprantisaj, suiv yon kou Refòmasyon Atitud Chofè, ak refè egzamen sou wout la. Anplis, yo gendwa egzije w suiv yon kou SCARR (Tribinal Eta Kont Kolè Sou Volan).*	\$500-premye ofans \$1000-dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo
Kondane pou Woule Machin yon Fason Neglijan oswa Danjere (c. 90, §24)	180 jou— premye ofans 1 an— dezyèm ofans oswa ofans adisyonèl yo (pandan yon peryòd 3 an)	Dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo egzije w rekonoze egzamen pèmi aprantisaj ak refè egzamen sou wout la.	\$500
Kondane pou itilizasyon aparèy elektwonik pòtab (tèks oswa telefòn) (c. 90, §8M)	60 jou— premye ofans 180 jou— dezyèm ofans 1 an— ofans adisyonèl yo	Pou premye enfraksyon an, fòk ou peye yon amann \$100, rekonoze egzamen pèmi apre ntisaj, suiv yon kou Refòmasyon Atitud Chofè, ak refè egzamen sou wout la. Amann nan se \$250 pou dezyèm ofans ak \$500 pou twazyèm ofans.	\$100
Kondane pou woule avèk neglijans ak blesi ki soti nan itilizasyon telefòn pòtab (c. 90, §24)	180 jou— premye ofans 1 an— dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo	Pou dezyèm ofans ak ofans adisyonèl yo, fòk ou rekonoze egzamen pèmi aprantisaj la ak refè egzamen sou wout la.	\$500

**Note:** Anplis nenpòt lòt penalite lalwa egzije, Lwa Jeneral Massachusetts chapti 90, seksyon 24p egzije nenpòt Nouvo Chofè ki kondane pou Woule Anba Enfiliyans (OUI), Woule Yon Fason Danjere, Kite Lokal yon Aksidan, Bwè Alkòl ki Soti nan Yon Boutèy Alkòl Ouvri, OUI ki köz Blesi Grav, Itilize yon Machin san Otorizasyon, Woule Yon Fason Neglijan/Danjere, Prete/Kite yon Lòt Moun Itilize Lisans Ou oswa Pèmi Aprantisaj ou, oswa Touye Moun Avèk Machin, dwe sibi yon sispansyon lisans li pandan 180 jou (anplis nenpòt lòt sispansyon lalwa egzije) pou premye ofans, oswa pandan 1 an pou lòt ofans adisyonèl yo. Sispansyon adisyonèl sa a aplikab pou Nouvo Chofè yo sèlman, e sèlman nan ka kote yo pa t resevwa yon sispansyon adisyonèl déjà poutèt yo refize oswa yo pa pase egzamen respirasyon pou alkòl.

\*Lalwa egzije yon Nouvo Chofè ki gen yon Pèmi oswa Lisans JOL Massachusetts e ki komèt yon enfraksyon machin ki fè pati kèk kategori, konplete pwogram SCARR. Anplis, yon tribal espesifik gendwa oblige yon chofè konplete pwogram SCARR. Y ap sèlman egzije yon Nouvo Chofè suiv program SCARR yon fwa. Vizite sitwèb Mass.Gov/RMV pou w jwenn plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon, oswa si w vle enskri nan kou Refòmasyon Atitud Chofè oswa nan kou Tribunal Eta Kont Kolè sou Volan (SCARR), vizite Mass.Gov/RMV epi klike sou "Teens and Parents."

### Ofans Kriminèl ak Sispansyon yo

Enfraksyon Trafik Kriminèl	Peryòd Sispansyon	Fre pou Reyaktive Lisans
Woule machin avèk yon lisans ki sou pòz oswa ki revoke	60 jou-1 an	\$500
Woule machin san otorite mèt machin nan/ volè machin	1-3 an	\$500
Kite lokal yon aksidan lè gen yon moun ki blese	1-2 an	\$500
Kite lokal yon aksidan lè gen pwopriyete ki domaje	60 jou-1 an	\$500
Woule machin yon fason danjere	60 jou-1 an	\$500
Asasinen yon moun avèk yon machin	15 an-Pou lavi	\$500
Touye yon moun avèk yon machin	15 an-Pou lavi	\$500
Woule anba enfliyans alkòl oswa dwòg	1 an (premye) 2 an (dezyèm) 8 an (twazyèm) 10 an (katriyèm) Pou lavi (senkyèm)	\$500 (premye) \$700 (dezyèm) \$1200 (twazyèm) \$1200 (katriyèm) P/A
Nenpòt kondanasyon kriminèl ki gen rapò ak vann dwòg (eksepte pou sibstans Klas D yo) (Pa oblige enplike woule machin)	1-5 an	\$100
Degrade pwopriyete pèsonèl oswa komèsyal, flite penti spre oswa mete stikéz oswa lòt graffiti (Pa oblige enplike woule machin)	1 an (oswa yon dele 1 an anvan w ka jwenn lisans)	\$100
Fè kous machin nan lari ("Drag racing") (pou chofè ki gen 18 an oswa plis)	30 jou-180 jou	\$500 - \$1,000
Woule ak neglijans ak blesi ki soti nan itilizasyon telefòn pòtab	60 jou-1 an	\$500

### Lòt Rezon ki Fè Yo Ka Mete yon Sispansyon sou Lisans ou

Piske posede yon lisans se yon privilèj, e se pa yon dwa, lalwa egzije RMV a mete yon sispansyon sou lisans kèk chofè pou rezon ki pa gen rapò ak fason yo woule. Pa egzanp, y ap mete yon sispansyon sou lisans ou si:

- Ou neglige peye pansyon sipò timoun ki obligatwa
- Gen yon manda pou yo arete w oswa yon manda poutèt non-peman
- Ou neglige enskri antanke yon delekan seksyèl
- Yo kondane w pou sètèn krim vann dwòg yo
- Ou neglige peye taks revni Massachusetts
- Peman ou te bay RMV a pa t bon (pa egzanp, ou te peye ak yon chèk, men labank te rejte chèk la, oswa ou te peye ak yon kat kredi men pi dévan ou te rele labank pou anile peman an.)

Si yo mete yon sispansyon sou lisans ou poutèt yon peman ou te bay ki pa t bon, ou dwe peye fre orijinal la, yon fre pou rejwenn lisans ou, ak yon fre \$15 poutèt move peyman an. Ou gendwa fè yon rezèvasyon pou peye nan nenpòt Sant Sèvis Konplè RMV. Ou dwe itilize swa lajan kach swa yon chèk labank sétifye ki adrese a MassDOT.

**Si w gen nepòt kesyon sou...**

- Pansyon sipò timoun, kontakte Biwo Pansyon Sipò Timoun Depatman Revni nan 1-800-332-2733.  
Enskri kòm yon delikan seksyèl, kontakte Komite Enskripsiyon Delikan Seksyèl yo nan 978-740-6503.

### **Sispansyon ki Fèt nan Lòt Eta yo**

Si w jwenn yon sispansyon lisans oswa lisans ou revoke nan yon lòt eta, sa pral afekte lisans Massachusetts ou a. Y ap **mete yon sispansyon** sou lisans Massachusetts ou jiskaske sispansyon oswa revokasyon lisans ou ki te fèt nan yon lòt eta fin regle. Lè lòt eta a fin remèt ou lisans ou, ou dwe vini ak swa yon lèt reyaktivasyon swa dosye chofè aktyèl ou pou eta sa a avèk ou nan yon Sant Sèvis Konplè RMV. Ou gendwa oblige bay lòt enfòmasyon toujou. Lèt reyaktivasyon ou oswa dosye chofè w pa gendwa gen plis pase 30 jou depi yo te ekri I.

Chak eta nan peyi Etazini dwe notifye RMV Massachusetts sou nepòt enfrakson trafik ou komèt nan teritwa pa yo. **Y ap trete enfrakson sa yo komsi yo te fèt Massachusetts si se yon ofans “parèy”** yon ofans nou gen isi a.

Pou yo detèmine si yon ofans se yon ofans “parèy”, RMV a pral gade sa lalwa lòt eta a konn entèdi. Sa pa gen enpòtans si lòt eta a deside ba yon penalite ki pi wo oswa pi ba, oswa si lòt eta a trete I kòm yon enfrakson sivil oswa kriminèl.

RMV a dwe aplike règ sispansyon lisans Massachusetts yo pou enfrakson ki fèt nan lòt eta yo, menmsi enfrakson an pa t fè chofè a resevwa yon sispansyon nan lòt eta a.

### **Lè Yo Mete yon Sispansyon oswa Revoke Lisans ou . . .**

Si RMV a mete yon sispansyon sou lisans ou oswa yo revoke I, fòk ou sispansyon kondui lapoula. Ou gentan pèdi privilèj ou gen pou w kondui. Li ilegal pou w kondui nepòt veiykil.

#### **Woule San Lisans**

Li ilegal pou woule machin nan Massachusetts san w pa gen yon lisans oswa yon pèmi ki valab.

#### **Woule ak Yon Lisans Ki Gen Sispansyon Sou Li**

Si yo te mete sispansyon oswa te revoke lisans oswa pèmi w pou nepòt rezon, li pa valab. Ou pa gendwa kondui nan Massachusetts oswa okenn lòt kote. **Si w kondui machin pandan lisans ou sou sispansyon oswa apre yo revoke I, sa se yon enfrakson trafik kriminèl.** Ou gendwa fè w peye yon gwo amann ak/oswa mete w nan prizon, epitou kapab gen lòt penalite toujou.

#### **Reyaktive Lisans Ou**

Pou w rejewenn lisans ou oswa dwa ou gen pou w woule machin, se posib w ap oblige asiste yon odyans. Ou gen dwa asiste yon odyans avèk yon Ofisyè Odyans. Vizite sitwèb Mass.Gov/RMV pou w jwenn plis enfòmasyon sou odyans e pou w pwogramme youn. Apre sa, Ofisyè Odyans lan ap rele w e l ap dirije odyans lan sou telefòn.

Pandan odyans lan, Ofisyè Odyans lan pral fè yon repase sou ka pa w. Sa gen ladan I dosye chofè w, ak tout lwa ak règ ki aplikab yo. Pifò nan sispansyon yo se sispansyon otomatik, konsa objektif odyans lan se pou asire y ap aplike lalwa yon fason ki kòrèk.

Yonwa yo jije w koupab oswa responsab, detay ka yo pa enpòtan ankò. Ofisyè Odyans lan pap kapab anpeche w resevwa yon sispansyon ki valab. Ofisyè Odyans lan gendwa pran jiskaske 10 jou biznis anvan li pran yon desizyon.

## Penalite pou Woule Machin Anba Enfliyans Alkòl oswa Dwòg

Kondanasyon	Amann	Santans Prizon	Sispansyon Lisans
Premye Ofans	\$500–\$5,000	Maksimòm 2 an edmi	1 an
Pou premye ofans ou, tribunal la gendwa pèmèt ou konplete yon kou edikasyon sou alkòl pou redui peryòd sispansyon lisans ou a.			21 an laj oswa plis, 45–90 jou, Pi piti pase 21 an, 210 jou
Dezyèm Ofans	\$600–\$10,000	Minimòm 30 jou Maksimòm 2 an edmi	2 an
Twazyèm Ofans (Feloni)	\$1,000–\$15,000	Minimòm 150 jou Maksimòm 5 an	8 an
Katriyèm Ofans (Feloni)	\$1,500–\$25,000	Minimòm 1 an Maksimòm 5 an	10 an
Senkyèm Ofans (Feloni)	\$2,000–\$50,000	Minimòm 2 an Maksimòm 5 an	Pou lavi

Ou dwe peye yon fre pou rejwenn lisans ou apre yo revoke l oswa mete l sou sispansyon. Pifò fre yo se \$100. Fre pou sispansyon poutèt ofans serye yo gendwa rive nan \$1,200.

**Pou sispansyon lisans ki dire 2 an oswa plis tan, ou dwe pase yon egzamen pèmi aprantisaj e pran yon egzamen kondui pou rejwenn lisans ou tou.** Ou dwe founi dokiman idantifikasyon pou w konpoze egzamen pèmi aprantisaj ak egzamen sou wout la (gade Mass.Gov/ID).

**Fre yo gendwa chanje nenpòt lè.**

## Alkòl, Dwòg, ak Kondui

Verite yo trè senp. Ou pa kapab woule an sekirite apre w fin bwè alkòl oswa pran dwòg. Alkòl se yon dwòg. Se yon kalman ki gen efè sou vizyon w, kantite tan sa pran pou w reyaji, kowòdinasyon w, ak jjiman w. Mem yon ti kantite alkòl oswa lòt dwòg kapab redui kapasit mantal ak fizik ou bezwen pou w kondui an sekirite. Sa tou gen ladan l kèk medikaman ou ka achte san preskripsyon. Ou pa oblige sou oswa entoksike nèt pou w woule an danje.

Woule an sekirite dwe toujou rete premye responsabilite w. Si w pran nenpòt sibstans ki gen yon efè sou pèsepsyon ak refléks ou yo, ou pa kapab kondui an sekirite ankò.

Chak ane nan Etazini, prèske 40 poustan aksidan ki fèt sou otowout kote moun mouri, se poutèt alkòl. Chif sa a pa enkli milye de chofè, pasaje, ak pyeton ki blese grav oswa ki andikape akòz aksidan sa yo. Li pa enkli plizyé milyon dola domaj ki fèt. Li pa enkli tout soufrans fanmi ak zanmi viktim yo dwe andire. Tout sa a lakòz chofè k ap woule anba enfliyans (OUI) alkòl oswa dwòg.

## Peryòd Sispansyon Lisans pou Tès Chimik ki Pa Pase

Pa gen okenn chofè ki pral pase yon tès chimik si Kantite Alkòl nan San I (BAC) se 0.08 oswa plis. Yo sèvi ak menm estanda parapò ak ofans kriminèl pou chofè ki poko rive nan 21 an laj, men jèn chofè sa yo gendwa fè fas ak penalite administratif pou tès BAC ki rive nan 0.02.

LAJ	SISPANSYON LISANS
Chofè ki gen <u>plis pase 21 an laj</u>	Y ap mete yon sispansyon sou lisans lan pandan 30 jou oswa jiskaske ka tribinal la témime, sa ki pi kout. Y ap leve sispansyon an si ka a témime swa anvan swa pandan peryòd 30 jou a. Si yo jije w koupab, w ap fè fas avek nenpòt penalite tribinal la deside.
Chofè ki gen <u>18 a 21 an laj</u>	Y ap mete yon sispansyon sou lisans lan pandan 30 jou, e y ap ajoute 180 jou anplis selon MGL c.90, s. 24P. Si se premye fwa w jwenn yon kontravansyon pou woule anba enfiyans, yo gendwa anile sispansyon 180 jou a depi w asiste yon pwogram edikasyon sou alkòl Depatman Sante Piblik (DPH) apwouve.
Chofè ki <u>poko gen 18 an laj</u>	Y ap mete yon sispansyon sou lisans lan pandan 30 jou, e y ap ajoute 1 an anplis selon MGL c.90, s. 24P. Si se premye fwa w jwenn yon kontravansyon pou woule anba enfiyans, yo gendwa redui sispansyon 1 an an pou 180 jou pito, depi w asiste yon pwogram edikasyon sou alkòl Depatman Sante Piblik (DPH) apwouve.

**Note:** Objektif sispansyon adisyonèl ki dire 180 jou oswa 1 an ke yo bay chofè ki poko gen 21 an laj e ki kondane pou woule anba enfiyans, oswa ki kondane pou yon BAC ki 0.02 oswa plis, se pou ede jèn sa yo jwenn edikasyon sou alkòl. Rezulta ka tribinal ou a pa enpòtan. Menmsi w genyen, w ap toujou oblige suiv kou edikasyon sou alkòl.

Poutèt woule anba enfiyans sitèlman danjere, Massachusetts gen penalite grav pou kontravansyon OUI yo. Tablo sou paj anvan an montre ki penalite ki genyen pou chak kondanasyon OUI.

### Alkòl

Tout kalite bwason alkòl, kit se byè, diven, oswa tafya, se yon kalman. **Li fè reflèks ou yo vin pi lan, li fè w pran plis tan pou w reyaji, e li deranje vizyon ak bon jijman w.**

Epitou, souvan alkòl konn fè w santi w gen plis konfyans. Sa gendwa fè w pran plis chans pandan w ap kondui, chans ou pa t ap pran nòmalman. Anplis, lè w ap bwè alkòl, li pi fasil pou w blyie mete senti sekirite w, pou w woule ak twòp vitès, ak pou w soti nan liy trafik ou. Lè w mete tout bagay sa yo ansanm, souvan sa mennen nan aksidan machin ki grav, kote moun mourri yon fason trajik. Lè chofè a bwè alkòl, gen 5 fwa plis chans pou l fè aksidan. Si li sèvi ak ni alkòl ni marigwana, gen 12 fwa plis chans pou l fè aksidan.

Anplis amann ki site nan tablo sa a, w ap oblige peye fre reyaktivasyon RMV yo anvan w rejwenn lisans ou.

Menm yon sèl ti bwason kapab gen yon enpak sou fason w ap kondui. Li ka pi rèd toujou si w fatige, grangou, oswa si emosyon ap anvayi w. Tout moun nèt siseptib devan alkòl. Apre w fin bwè, kapasite ou gen pou w kondui an sekirite redui. Menmsi w fè anpli efò pou w konsantre w oswa woule ak pridans. Kanmenm gen yon dwòg nan kò w k ap afèkte w ni nan domèn fizik ni nan domèn mantal.

Si w gentan bwè, oswa si w panse ou pral bwè alkòl, asire w gen yon plan pou w tounen lakay w an sekirite. Chwazi yon chofè deziyen ki pap bwè, pran yon taksi, sèvi ak yon apli tankou Uber oswa Lyft, oswa rele yon zanmi oswa manm fanmi w pou vin chèche w.

### **Kantite Alkòl nan San w**

Lè w bwè alkòl, kò w konn travay di pou l retire l nan sistèm ou. Ou pa dijere alkòl menmjan w dijere manje. Alkòl se yon bagay ki ki pase nan fwa ak ren ou yo pou kò w ka filtre l. Sa pran tan. Pa gen okenn metòd pou fè alkòl soti nan kò w pi rapid pou w pa sou ankò. Si w bwè kafe, pran douch ak dlo frèt, fè spò, oswa manje yon bagay, sa ka fè w santi w pi alèt apre w fin bwè alkòl. Sepandan, pa gen youn nan bagay sa yo ki kapab fè alkòl soti nan kò w pi vit.

Nòmalman, si w bwè *nenpòt* bwason ki gen alkòl ladan l, ou pa dwe pran volan. Li kapab difisil pou w konnen ki kantite alkòl se "twòp". Yo rele kantite alkòl ki gen nan kò w ki poko filtre **kantite alkòl nan san w (BAC)**. Yo kapab mezire l pa mwayen yon tès san oswa yon tès respirasyon. BAC ou depann sou plizyè faktè diferan:

- Pwa kò w
- Kantite alkòl ou te bwè
- Kantite manje ou te manje anvan ou te bwè alkòl
- Pandan konbyen tan w ap bwè alkòl
- Vitès kò w filtre alkòl (chak moun filtre alkòl yon fason diferan)

*Kalite* bwason ou bwè a pa enpòtan. Sa ki konte plis se kantite alkòl ou bwè pandan yon peryòd tan. **Chak nan bwason sa yo gen anviwon menm kantite alkòl** (anviwon ½ ons) (sous: Enstiti Nasyonal Sante):

- 12 ons byè
- Vè diven 5 ons
- 1.5 ons tafya 40 poustan alkòl (menmsi li melanje ak gazèz)

Nenpòt nan bwason sa yo kapab monte BAC yon moun pa 0.02. Si w bwè plis pase 1 bwason alkòl nan 1 édtan, BAC ou pral monte. Se sèlman pandan tan pase efè alkòl yo ap diminye.

### **Tès Alkòl yo**

Massachusetts gen yon Lwa Otorizasyon Enplike. Chak chofè ki gen lisans nan eta a dwe dakò bay otorizasyon l pou yo fè yon tès respirasyon oswa yon tès san sou li nan sètèn ka. Si lapolis panse w ap woule anba enfliyans alkòl, yo gen dwa mande w...

- Fè yon tès sou plas pou pwouve w pa sou
- Fè yon tès respirasyon oswa yon tès san pou kalkile BAC ou, si yo gentan arete w

**W ap woule machin depase limit legal si BAC ou se 0.08 oswa plis. Massachusetts gen yon lwa "zewo tolerans" pou chofè ki poko gen 21 an laj. Nenpòt chofè ki poko gen 21 an e ki gen yon BAC ki se 0.02 oswa plis, ap jwenn penalite.**

**Si BAC ou depase limit legal OSWA si w refize yon tès respirasyon oswa yon tès san, polisyè a dwe pran lisans ou. Y ap ba w yon avi sispansyon, ki kòmanse imedyatman. Gade tablo sou paj 57 ak 59 pou konnen peryòd sispansyon yo.**

## Peryòd Sispansyon Lisans Lè w Refize yon Tès Chimik

Note: Pou tablo sa a, lè y ap pale sou yon ofans woule anba enflyans (OUI) ou te gen anvan sa, yo vle di lè w te resewva yon kondanasyon tribunal pou OUI oswa yon tribal te pase w lòd pou w asiste yon pwogram edikasyon sou alkòl. Lè w refize fè yon tès chimik pou alkòl, yo pa kontwole sa antanke yon ofans OUI ou te fè anvan.

LAJ	SISPANSYON LISANS	
<u>Chofè ki gen plis pase 21 an laj</u>	Pa gen Ofans OUI anvan sa	180 jou
	1 Ofans OUI anvan sa	3 an
	2 Ofans OUI anvan sa	5 an
	3 oswa plis Ofans OUI anvan sa	Pou lavi
<u>Chofè ki gen 18 a 21 an laj</u>	Pa gen Ofans OUI anvan sa	3 an + 180 jou
	1 Ofans OUI anvan sa	3 an + 180 jou
	2 Ofans OUI anvan sa	5 an + 180 jou
	3 oswa plis Ofans OUI anvan sa	Pou lavi

Note: Objektif sispansyon adisyonèl ki dire 180 jou pou chofè ki pokò gen 21 an laj, se pou ede jèn sa yo ki kondane pou OUI, men ki refize fè yon tès chimik, jwenn edikasyon sou alkòl. Rezulta ka tribal ou a pa enpòtan. **Menmsi w genyen, w ap toujou oblige suiv kou edikasyon sou alkòl.** Si sa se premye ka OUI ou, yo gendwa anile sispansyon 180 jou a si w asiste yon pwogram edikasyon alkòl Depatman Sante Piblik (DPH) apwouve.

<u>Chofè ki pokò gen 18 an laj</u>	Pa gen Ofans OUI anvan sa	3 an + 1 an
	1 Ofans OUI anvan sa	3 an + 1 an
	2 Ofans OUI anvan sa	5 an + 1 an
	3 oswa plis Ofans OUI anvan sa	Pou lavi

Note: Objektif sispansyon adisyonèl ki dire 1 an pou chofè ki pokò gen 18 an laj, se pou ede jèn sa yo ki kondane pou OUI, men ki refize fè yon tès chimik, jwenn edikasyon sou alkòl. Rezulta ka tribal ou a pa enpòtan. **Menmsi w genyen, w ap toujou oblige suiv kou edikasyon sou alkòl.** Si sa se premye ka OUI ou, yo gendwa redui sispansyon 1 an ou a 180 jou si w asiste yon pwogram edikasyon alkòl Depatman Sante Piblik (DPH) apwouve.

## **Ofans Alkòl pou Moun ki Poko Gen 21 An Laj**

Chofè ki pokogen 21 an laj gen 2 fwa plis chans pase lòt chofè yo pou fè aksidan ki enplike alkòl. Sa se youn nan rezon lwa yo pi strik pou chofè ki pokogen 21 an laj yo.

Massachusetts gen yon lwa "zewo tolerans". Si w pokogen 21 an laj e yo pran w pandan w ap woule machin ak yon BAC ki se 0.02 oswa plis, w ap pèdi lisans ou.

---

## **Sistèm Lòk Motè a**

Si w gentan gen 2 oswa plis ofans pou woule anba enfliyans e ou kalifye pou yon lisans bezwen oswa pou yo reyaktive lisans ou, ou dwe gen yon Aparèy Sistèm Lòk Motè sou machin ou. Se ou menm k ap peye pou yo enstale l nan machin ou.

Si w resi jwenn yon lisans bezwen an, ou dwe itilize aparèy lòk la **pandan toutan ou gen lisans bezwen an**. Ou dwe kontinye sèvi ak aparèy la **pandan 2 an ankò apre yo reyaktive lisans ou**.

RMV rekòmande seryèzman pou w rive anvan 4:00 p.m. pou yon odyans sou Aparèy Sistèm Lòk Motè a.

## **Egzamen Kondui Pou Chofè ki Gen Aparèy Sistèm Lòk Motè**

Si w oblige sèvi ak yon Aparèy Lòk Ignisyon an e ou bezwen pwograme yon egzamen kondui, ou gendwa pwograme randevou a sou entènèt nan Mass.Gov/RMV si w kapab itilize yon machin ki gen aparèy la enstale, ki gen yon fren pakin ant syèj devan yo, e ki gen yon syèj pou sponsò a.

Si w gen yon machin ki gen yon Aparèy Sistèm Lòk Motè a enstale, men li pa gen yon fren pakin ant syèj devan yo, oswa li pa gen yon syèj pou sponsò a, ou pa kapab pwograme egzamen sou wout la sou entènèt. Ou dwe rele Sant Kontak RMV a epi mande yon sipèviziè rele w bak pou pwograme egzamen sou wout la.

---

## **Achte, Posede, oswa Transpòte Alkòl**

Si w pokogen 21 an laj, li pa legal pou w...

- Achte alkòl oswa fè yon lòt moun achte alkòl pou ou
- Posede, pote, oswa transpòte alkòl, eksepte si paran w oswa responsab ou la ansanm avek ou

Y ap mete yon sispansyon sou lisans ou pandan 90 jou rive nan 1 an si w dezobeyi youn nan lwa sa yo. Epitou, gen amann ak lòt penalite. **Si w pokogen 21 an laj e ou achte, oswa eseye achte, alkòl, y ap mete yon sispansyon 180 jou sou lisans ou.**

## **Lwa sou Boutèy Ouvri**

Ou pa gen dwa bwè alkòl pandan w ap kondui. Ou pa gen dwa gen yon boutèy alkòl ouvri anndan machin ou, menmsi yon lòt moun ap kenbe l. Si yo kondane w pou enfrakson sa a, w ap oblige peye yon amann \$100 rive nan \$500. Si w pokogen 21 an laj, y ap arete w, ba w yon amann, epi y ap mete yon sispansyon sou lisans ou.

---

## **Fo Lisans/Kat Idantite ak Lisans/Kat Idantite yo Manipile**

Li ilegal pou itilize yon fo lisans oswa yon fo kat idantite, pou chanje yon lisans oswa yon kat idantite, oswa pou sèvi ak lisans oswa kat idantite yon lòt moum. Anplis, li ilegal pou itilize fo enfòmasyon pou jwenn yon lisans oswa yon kat idantite. Nan pifò ka, sa se yon

krim feloni ki pote penalite serye. Ou ka jwenn penalite menmsi w pa eseye achte alkòl. Lwa M.G.L.c.90,§22(e) a pèmèt RMV mete yon sispansyon sou lisans ou, oswa sou dwa ou gen pou w woule machin nan eta Massachusetts pou jiska 6 mwa. **Yo pa oblige kondane w pou yo ba w penalite sa a.** Si w kondane, y ap mete yon sispansyon sou lisans ou pandan 1 an.

Tanpri sonje li danjere anpil pou achte yon fo lisans oswa kat idantite sou entènèt e souvan sa lakòz yo volè idantite w.

## Dwòg Ilegal, Medikaman, ak Lòt Sibstans ki Kontwole

Lwa ki gen rapò ak woule machin anba enfiliyans alkòl yo aplikab pou dwòg tou. Prèske tout dwòg yo nèt gen yon enpak sou konpetans ou gen pou w kondui. Dwòg ilegal, medikaman doktè preskri w, ak medikaman ou ka achte san preskripsyon yo tout kapab fè l danjere pou w pran volan.

### **Marigwana**

Lè w fimen oswa manje marigwana, sa fè l pi difisil pou w reponn devan sa w wè ak sa w tande. Sa fè w vin tounen yon chofè danjere. Li diminye kapasite ou gen pou w jere yon seri tach byen vit. Pi gwo pwoblèm, se si gen yon bagay ki fèt sanzatann, tankou si yon machin soti nan yon ti chemen pou l antre nan wout la, oswa si yon timoun kouri antre sou lari a. Pwoblèm sa yo vin pi mal apre fènwa paske marigwana tou fè moun pèdi sans vizyon yo nan nuit.

Lwa Massachusetts gentan di kèk aksyon parapò ak posede ak/oswa itilize marigwana pa yon krim ankò. Sepandan, woule yon machin pandan w anba enfiliyans marigwana toujou ilegal!

Li trèzenpòtan pou chofè tout laj konnen ke woule yon machin pandan w anba enfiliyans marigwana se toujou yon ofans kriminèl.

Tablo “Penalite pou Woule Machin Anba Enfiliyans Alkòl oswa Dwòg” ki nan chapit sa a TOUJOU APLIKAB POU MARIGWANA e ou dwe analize enfòmasyon an avèk anpil swen.

### **Lòt Dwòg yo**

Gen anpil lòt dwòg ak sibstans kontwole ki kapab diminye kapasite w gen pou w kondui:

- Dwòg fò ilegal, tankou dyatilamid asid lizejik (LSD), èwowin, ak opyòm, konn fè w santi w pa konnen ki kote w ye. Anplis, yo fè w santi kimele m.
- Sedatif ak kalman doktè preskri w konn fè w gen dòmi nan je w. Sa fè w vin tounen yon chofè danjere.
- Pifò medikaman ou ka achte pou grip, rim, alèji pousye, oswa tèt fè mal gendwa fè w gen dòmi nan je w. Konprime antidoulè ak medikaman ki gen kodeyin ladan yo gendwa trè danjere.

**Medikaman doktè preskri w gendwa fè w vin yon moun yo konsidere OUI. Li ilegal pou w woule machin anba enfiliyans *nenpòt* sibstans ki andikape w.**

- Stimilan yo, tankou konprime enèji, dwòg spid, kokayin, ak konprime dayèt yo gendwa fè w santi w pi alèt pou yon ti kantite tan. Sepandan, apre sa, yo fè w santi w fatige, kè w ap bat fò, ou santi w sou, e ou pa ka konsantre. Yo gendwa gen yon enpak sou vizyon w tou.
- Si w respire sibstans tankou chimik likid ak gaz, oswa vapè kol, sa trè danjere pou sante w. Sibstans sa yo gendwa fè w pa kapab woule machin an sekirite.

Asire w byen li enfòmasyon ki sou po medikaman doktè preskri w ak sa w ka achte san preskripsiyo yo tou. Mande doktè oswa famasyen plis enfòmasyon si w pa fin sètèn.

**Si w pran alkòl ansanm ak lòt dwòg, sa ogmante efè negatif yo. Pinga w melanje alkòl, dwòg, ak kondui. Sa se yon erè ki touye moun.**

## Rezon pou yo Refize Renouvre Lisans

RMV a pral refize renouvre lisans ou si w gen...

- Amann pou kontravansyon pakin ou poko peye
- Enfraksyon pou veyikil abandone
- Taks endirèk ou dwe kominote lokal ou
- Manda tribinal ouvri
- Kontravansyon E-Zpass/Liy Rapid Massachusetts, Maine, oswa New Hampshire ou poko peye
- Kontravansyon Tobin Bridge ou poko peye

Anvan yo renouvre lisans ou, ou dwe prezante **fòmilè dechaj** ofisyèl yo. Fòmilè sa yo dwe montre ou gentan peye tout amann ak taks ou dwe kominote lokal yo oswa tout manda ouvri yo gentan rezoud. Si gen yon manda tribinal ouvri, fòk ou prezante yon avi rapèl ki soti nan tribinal. RMV a pap aksepte okenn lòt dokiman.

---

## Sispansyon Lisans

Ou pa gendwa renouvre lisans ou si w sou sispansyon oswa si yo revoke lisans ou. Gade seksyon *Mete yon Sispansyon oswa Revoke Lisans* ki nan chapit sa a pou plis enfòmasyon.

# CHAPITRE 4

# Règ Sikilasyon yo

Gen siy, siyal, mak sou wout, ak lwa kondui ki kontwole sikilasyon sou wout piblik yo. Kèlkeswa machin w ap kondui ak wout w ap pran, fòk ou obeyi “règ sikilasyon” sa yo.

Ou dwe aprann kòman pou kondui yon fason apwopriye sou:

- Ri, wout, ale, ak aveni yo
- Sèk trafik yo (wonnpwen)
- Otowout ak otowout eksprès yo

Anplis, ou dwe aprann kòman pou kondui an sekirite devan:

- Kafou espesyal yo
- Kafou yo
- Danje trafik yo



## Danje nan Fè Twòp Vîtes


Vîtes jwe yon gwo wòl nan aksidan yo. Anviwon 1 sou 3 aksidan ki fêt kote gen yon moun ki mouri enplike twòp vîtes. Toutpandan vîtes ap ogmante, gravite aksidan ak kantite moun ki mouri yo ogmante tou. Chofè k ap woule ak twòp vîtes pa wè byen, yo pa ka kanpe rapid, e gen plis chans pou yo pèdi kontwòl machin nan. Epitou, ekipman sekirite machin ou an pa mache byen menmjan lè gen twòp vîtes. Gade seksyon *Frennen ak Kanpe* ki nan Chapit 2 pou plis enfòmasyon sou fason vîtes machin ou gen yon efè sou tan reyakson w.

Menm anvan w gen chans kòmanse frennen, tan reyakson w ap vale teren. Plis vîtes ou genyen, se plis distans machin nan ap avanse, e se plis tan machin nan ap pran pou l kanpe. Se nan ti tan enpòtan sa a ou gendwa evite fè aksidan.

Pi gwo menas sekirite pyeton yo se vîtes machin yo. Lè yon machin frape yon pyeton pandan l ap fè 20 mph, 13% pyeton yo blese grav oswa mouri nan aksidan an. Lè machin nan ap fè 30 mph, chif la monte nan 40%, e a 40 mph chif la rive nan 73%.

Depase limit vîtes se yon menas serye pou sante ak sekirite publik la. Li pa sèlman mete lavi ak sekirite pa w an danje, men li mete lavi ak sekirite pasaje, pyeton, chofè bisiklèt, ak tout moun sou lari toutotou w an danje. Se responsabilite pa w antanke yon chofè pou pwoteje tout moun lè w asire w woule a yon vîtes ki an sekirite.

Depase limit vîtes koute chè tou. Machin ou ap bwè plis gaz lè w ap woule ak gwo vîtes. Epitou, yo ka fè w peye amann pou twòp vîtes e yo gendwa ogmante pri asirans ou.



## Limit Vîtes yo

Woule ak twòp vîtes (depase limit vîtes) se youn nan pi gwo kòz aksidan yo. Pou pwoteje lavi moun, yo fè anpil efò pou ranfòse lwa vîtes yo nan Massachusetts. Si w woule ak twòp vîtes, gen penalite serye. (gade *Chapit 3*).

- Ou pa janm dwe woule a yon vitès ki sitèlman vit ke ou pap woule an sekirite. Sa se lalwa fondamantal sou vitès. Menmsi limit vitès la pi wo pase vitès w ap fè, ou dwe baze vitès machin ou sou faktè ki vin apre yo:
  - Kondisyon trafik yo** – kantite machin ki gen sou wout la ak vitès yo
  - Kondisyon wout yo** – si sifas wout la swa oubyen pa swa; kantite dlo, glas, oswa nej ki gen sou wout la; ak lajé wout la
  - Kondisyon tan ak vizibilite** – sityasyon ki fè l difisil pou wè, tankou lapli, nèj, glas, pousyè, ak van
  - Pyeton oswa moun sou bisiklèt** – moun sa yo k ap suiv oswa travèse wout la pa gen pwoteksyon e li pi fasil pou yo mouri oswa blese grav si gen yon aksidan ki fèt ak gwo vitès

Ou dwe ralanti vitès ou si kondisyon kondui yo pa bon oswa si gen danje. Sa pa enpòtan si limit vitès ki poste a plis pase vitès machin ou.

- Pa janm woule a yon vitès ki **depase limit vitès ki poste**. Yo montre w kèk egzanp siy limit vitès pi ba a. Tout limit vitès yo baze sou bon kondisyon. Si kondisyon yo danjere, ou dwe diminye vitès ou.

Pifò wout nan eta a gen limit vitès poste sou yo. Limit vitès yo chanje pandan w ap kondui sou diferan kalite wout oswa lè w ap antre sou oswa soti nan otowout yo. Otowout ki gen aksè limite, tankou wout antre eta yo, gen limit vitès ki soti nan 50 rive nan 65 mph. Otowout ki pi piti yo gen limit vitès 55 mph oswa pi piti.

Gen kèk wout ki gen limit vitès minimòm. Sou Massachusetts Turnpike, gen yon minimòm vitès ki se 40 mph. Nan tinel Boston Harbor yo (Callahan, Sumner, ak Ted Williams) minimòm vitès se 20 mph. Menm lè pa gen yon minimòm vitès ki poste, yon polisyé gendwa pase yon chofè lòd pou l kanpe arebò yon otowout eta si chofè a ap deranje sikilasyon an.

- Sof si gen siy ki di yon lòt bagay, **vitès ou pa t ap rezonab oswa awopriye si w ta woule** plis pase...

- 20 mph nan yon zòn lekòl
- 30 mph nan yon zòn ki gen anpil bilding oswa yon zòn biznis (sof si gen siy ki montre limit vitès se 25 mph)
- 40 mph deyò zòn ki gen anpil bilding oswa zòn biznis
- 50 mph sou otowout deyò zòn ki gen anpil bilding oswa zòn biznis

**Si w ap fè 40 mph anba gwo lapli sou yon otowout ki gen yon limit vitès 50 mph, yo ka ba w yon kontravansyon poutét ou t ap woule ak twòp vitès.**

**Yon “zòn ki gen anpil bilding” se yon zòn kote bilding yo gen pi piti pase 200 pye distans ki separe yo pandan 1/4 mil oswa plis.**

Limit vitès nan zòn ki gen anpil bilding nan kèk kominate se 25 mph, sòf si gen siy ki di yon lòt bagay (selon M.G.L. c90, Seksyon 17c). Yo poste siy limit vitès lè w ap antre nan vil ak ti bouk sa yo.



Limit Vitès Redui Pi Devan



## Zòn Lekòl

Limit vitès sou wout ki toupre lekòl yo se 20 mph. Yo gendwa poste limit sa a diferan fason. Siy limit vitès yo gendwa gen limyè jòn k ap flache, oswa yo ka poste limit ki aplikab pou sètèn lè pandan jounen an. Veye anpil pou siy ki di w ap pwoche oswa w ap antre nan yon zòn lekòl.

Woule ak pridans lè w nan yon zòn lekòl. Veye pou timoun k ap travèse lari oswa k ap woule bisiklèt. Veye pou moun k ap ede timoun yo travèse lari an sekirite.

## Siyal Trafik yo

Siyal trafik yo se limyè ki kontwole mouvman machin ak pyeton yo, e nòmalman w ap jwenn yo nan kafou yo. Ou dwe konnen ki sa chak limyè vle di e toujou obeyi siyal yo.



### Siyal pou Machin yo

Nòmalman, siyal trafik yo gen 3 limyè won: wouj anlè, jòn nan mitan, ak vèt anba. Gen lòt kalite siyal tou, tankou limyè k ap flache, diferan koulè flèch, ak siyal ki gen 4 oswa 5 seksyon.



### Limyè wouj an sèk ki stab

Yon sèk wouj ki stab vle di "kanpe." Pa derape jiskaske limyè a chanje pou koulè vèt. Ou gendwa vire adwat sou limyè wouj sèlman apre w fin kanpe nèt e ou kite pyeton oswa lòt machin k ap pase devan w yo pase. Ou pa gendwa vire sou limyè wouj si gen yon siy poste ki di "**NO TURN ON RED**" ann anglè (PA VIRE SOU LIMYÈ WOUJ).

Ou gendwa vire agòch sou limyè wouj si w ap woule sou yon ri sans inik e w ap vire agòch pou rive sou yon lòt ri sans anik. Kanpe e kite pyeton ak lòt machin yo pase anvan w vire.

### Limyè wouj an flèch ki stab

Yon flèch wouj ki stab vle di menm bagay ak yon siyal sèk wouj ki stab (gade seksyon anvan an ki rele *Limyè Wouj Stab*). Sepandan, li sèlman aplikab pou machin k ap fè menm direksyon ak flèch la. Menm règ pou "vire sou limyè wouj" yo aplikab nan Massachusetts. Sepandan, lè w ap kondui nan yon lòt eta, règ sa a mèt pa aplikab paske chak eta gen pwòp lwa trafik pa l.





### **Limyè wouj an sèk k ap flache**

Yon sèk wouj k ap flache vle di menm bagay ak yon siy **STOP**. Ou dwe kanpe machin nan nèt. Obeyi lwa dwa pasaj yo epi avanse lè w ka fè sa an sekirite. Si gen yon liy stop blan ki pentire atè oswa yon liy pasaj pyeton, ou dwe kanpe **anvan** liy nan. Si pa gen okenn liy, ou dwe kanpe ase pre kafou a pou w ka wè trafik k ap vini nan toulede direksyon yo. Ou pa dwe antre nan kafou a jiskaske w fin kanpe machin nan nèt.



### **Limyè jòn an sèk ki stab**

Yon sèk jòn ki stab vle di siyal trafik la pral chanje nan vèt rive nan wouj. Ou dwe kanpe si w ka fè sa an sekirite. Si w déjà kanpe devan yon kafou oswa dèyè yon liy stop, ou pa gendwa avanse.



### **Limyè jòn an sèk k ap flache**

Yon sèk jòn k ap flache se yon avètsisman. Avanse ak pridans, e byen veye. Gade adwat agòch pandan w ap travèse kafou a.



### **Limyè jòn an flèch k ap flache**

Yon flèch jòn k ap flache vle di ou gendwa vire adwat oswa agòch nan direksyon flèch la, lè se trafik anfas ou ki gen limyè vèt men gen yon moman kote pa gen trafik kote w ka pase. Ou dwe sèvi ak pridans lè w ap deside si gen ase tan anvan yon lòt machin vini pou w vire e ou dwe asire pa gen pyeton nan wout anvan w vire.



### **Limyè vèt an sèk ki stab**

Yon sèk vèt ki stab vle di "ale". Men anvan w derape, ou dwe kite lòt machin, bisiklèt oswa pyeton yo ki nan lari yo pase. Si w ap travèse yon kafou, asire gen ase espas devan w pou w travèse kafou a nèt. Pa jamn bloke yon kafou. Ou gendwa vire depi gen ase espas pou w konplete vire a san w pa kreye yon danje. Si w ap vire agòch sou yon limyè vèt ki stab, ou dwe sede devan trafik k ap vini anfas ou. Veye pou chofè ki pa obeyi siyal trafik yo oswa ki kouri travèse kafou yo.



### **Limyè vèt an flèch**

Yon flèch vèt vle di ou gendwa vire yon fason "pwoteje" nan direksyon flèch la. Lè yon flèch vèt parèt pou liy trafik pa w, pyeton ak trafik anfas ou yo dwe gen limyè wouj. Veye pou siy ki di liy sa a se sèlman pou machin k ap vire nan direksyon flèch la.



### **Avi rektang ak limyè k ap flache rapid**

Se pyeton yo ki aktive Avi Rektang ak Limyè k ap Flache Rapid yo lè yo peze yon bouton oswa lè sistèm nan detekte gen pyeton. Souvan w ap jwenn yo nan kafou ki pa gen siyal trafik oswa devan pasaj pyeton ki pa fèt nan kafou yo. Lè yo aktive, gen yon limyè jòn ki flache yon fason rapid. Ou dwe kanpe pou pyeton yo lè limyè nan avi sa a ap flache.

## Règ Trafik

ALL WAY	Sede		Vire adwat entèdi	Vire agoch entèdi	Demi-tou entèdi
	LEFT LANE MUST TURN LEFT	Kamyon entèdi	Pyeton entèdi	Bisiklèt entèdi	8:30 AM TO 5:30 PM Pakin entèdi pandan lè ki poste yo
Sans Inik - trafik suiv direksyon flèch la sèlman	Double lòt machin entèdi	Ou pa gendwa vire adwat apre w fin kanpe pou limyè wouj	Tout trafik dwe vire agoch	Rete sou bò dwat barikad oswa ti mi ki separe liy yo k ap vini	

## Avètisman

Pasaj elèv	Pasaj elèv	Pasaj pyeton	Plas rekreasyon	Otowout divize fini	Kafou pi devan
Pasaj pyeton	Wopwen pi devan	Trafik gendwa pase sou toulede bò siy nan			
					Wotè maksimòm

## Direksyon



Non Otowout  
Ki Travèse  
Eta yo



Non otowout  
Massachusetts



Pi devan gen  
yon jonksyon  
ak yon wout  
nimewo



Siy ki make mil  
otowout yo



Enfòmasyon



Gaz



Telefòn



Manje



Hospital



Lojman



Aksè pou moun  
ki andikape yo



Campus  
Siy wout bisiklèt yo



Enstriksyon pou rive  
nan destinasyon w



Zòn Piknik



Boston

2 MILES

Avi sou sot

otowout yo, nan mil

Chemen Bay State

Plimoth  
Plantation  
NEXT RIGHT

Yon kote enteresan



Sèvis sou wout



Pas elektronik sèlman



Pakin



Siy entèchanj otowout



Kote pou repoze

Rekonèt siy yo grasa fòm yo, konsa w ap ka rekonèt yo menm lè w byen lwen.



Stop



Sede



Gid/Enfòmasyon



Zòn double entèdi



Zòn lekòl



Avétisman




Pasaj  
Tren



Règ Sikilasyon



Otomout ki  
travèse eta



## Avi Pyeton Ibrid

Yon Avi Pyeton Ibrid (PHB) pèmèt pyeton yo travèse yon wout an sekirite. Yon PHB mache sèlman lè yon pyeton aktive l. Lè tout limyè yo fèmen, ou mèt avanse avèk pridans. Lè limyè jòn anba a ap flache, ou dwe ralanti. Lè limyè jòn anba a lime stab sa vle di ou dwe mete w pare pou w kanpe.

Lè 2 limyè wouj anlè yo lime stab, ou dwe kanpe pou pyeton yo. Lè 2 limyè anlè yo ap flache, sa vle di ou dwe kanpe epi avanse ak pridans si pa gen pyeton.



## Siyal Bisiklèt

Siyal bisiklèt se limyè ki fèt pou chofè bisiklèt yo. Gen limyè koulè wouj, jòn ak vèt nan fòm bisiklèt. Lè limyè a vèt, chofè bisiklèt yo kapab pase nan kafou pandan machin yo kanpe, konsa yo jwenn pwoteksyon kont machin k ap vire yo.

## Si Siyal Trafik yo Anpann

Si siyal trafik yo anpann, y ap jis flache koulè wouj oswa jòn. Lè sa rive, suiv règ limyè kap flache yo. Si siyal yo tou nwa e yo pa fonksyone ditou, fè anpil atansyon e avanse komsi gen yon siy stop nan toulekat direksyon yo. Derape lè ou ka fè sa an sekirite.

## Siyal pou Pyeton yo

Souvan gen siyal ak limyè espesyal nan pasaj pyeton pou fè pyeton yo konnen kilè yo gendwa travèse lari. Pyeton yo dwe obeyi siyal koulè blan ak jòn yo ki di “**DON'T WALK**” (PA MACHE) ak “**WALK**” (MACHE) ann anglè. Gen kèk siyal pyeton ki gen yon kwonomèt k ap desann. Pyeton ki deja nan pasaj pyeton lè kwonomèt rive nan zewo gen dwa pasaj.



## Lwa pou Chofè yo

- Ou dwe sede devan pyeton k ap antre nan, oswa ki deja nan, yon pasaj pyeton
- Pa janm kite machin ou bloke yon pasaj pyeton.
- Ou dwe sede devan pyeton si siyal trafik pa w ap bay limyè wouj oswa si li ni wouj ni jòn.
- Pa janm double yon veyikil ki kanpe oswa k ap ralanti pou yon pyeton.
- Ou dwe sede devan pyeton lè w ap vire antre nan wout yon kay oswa nan pakin.

## Lwa pou Pyeton yo

- Sèvi ak yon pasaj pyeton si genyen.
- Lè w devan yon pasaj pyeton ki gen siyal, peze bouton ki sou poto a epi tann siyal di **MACHE**. Kafou ki pa gen bouton yo konn bay siyal **MACHE** tou otomatik.
- Lè siyal la di MACHE, ou mèt kòmanse travèse lari. Lè siyal la di PA MACHE, ou pa dwe travèse; si w deja nan pasaj pyeton, ou dwe fin travèse.
- Anvan w travèse lari, kanpe sou twotwa epi gade adwat agòch pou tcheke si gen machin k ap vini. Fè atansyon. Veye sitou pou machin k ap vire antre sou wout wap travèse a.

## Siy Trafik yo

Siy trafik yo kontwole trafik, avèti w lè gen danje, ede w rive kote w prale, e yo ba w enfòmasyon sou sèvis ki gen sou wout la. Fòm ak koulè siy trafik yo enpòtan. Men ki sa koulè siy yo vle di:

**WOUJ**—kanpe oswa entèdi

**VÈT**—direksyon, li montre w kote w kapab ale

**JÒN**—avètisman jeneral

**NWA/BLAN**—règ trafik

**BLE**—sèvis sou wout (pa ezanp, gaz, manje, otèl yo), wout evakyasyon

**MAWON**—yon kote pou rekreyasyon, yon kote istorik, oswa yon kote ki bèl

**ORANJ**—avètisman sou konstriksyon oswa antretyen

**JÒN-VÈT KLERE**—avètisman pou zòn lekòl, bisiklèt, pyeton, ak koub k ap vini

**WOZ KLERE**—siy pou jere ensidan

**VYOLÈT**—siy pou wout peye

## Siy Stop ak Siy Sede yo

Yon siy STOP toujou vle di “kanpe machin ou nèt” e li aplikab pou tout veykil ki vin devan I. Lè w ap pwoche yon siy stop, ou dwe kanpe anvan pasaj pyeton oswa liy stop ki pentire sou asfalt la. Kanpe machin nan nèt, kite pyeton oswa lòt machin pase, epi avanse ak pridans. Jis ralanti machin nan pa sifi. Si gen yon siy anba siy STOP ki di “4-WAY” (4 direksyon) oswa “ALL WAY” (tout direksyon), sa vle di tout trafik k ap vini nan kafou a dwe kanpe. Premye veykil ki rive nan kafou a, oswa devan siy stop 4 direksyon, gen dwa pasaj.

Lè w wè yon siy “YIELD” (SEDE), ou dwe ralanti e prepare pou w kanpe. Kite machin, bisiklèt, ak pyeton yo pase anvan w kontinye. Ou dwe kanpe nèt si kondisyon trafik yo merite sa.

## Siy Règ Trafik yo


Siy règ trafik yo fèt swa nan koulè wouj swa nan koulè blan e yo fè chofè yo konnen lwa trafik oswa règ yo. Gen kèk, tankou siy “SPEED LIMIT” yo (LIMIT VITÈS) ki kapab gen mo ekri sou yo sèlman. Gen lòt, tankou siy “NO U-TURN” yo (DEMI-TOU ENTÈDI), ki sèvi ak imaj sèlman. Siy ki gen yon sèk wouj ak yon slach nan mitan li vle di gen yon bagay entèdi.

## Siy Avètisman yo

Siy ki fèt an koulè jòn ak koulè jòn-vèt klere yo ap avèti w gen yon danje oswa yon chanzman kondisyon pi devan. Tras wout la gendwa ap chanje, gendwa gen yon zòn lekòl k ap vini, oswa kapab gen yon sityasyon espesyal pi devan. Ralanti epi obeyi siy lan.

## Siy Direksyon yo

Nan kategori “siy direksyon” yo, gen siy ki make wout la, siy ki endike distans ak destinasyon, ak siy enfòmasyon yo. Siy vèt yo bay enstriksyon sou otowout e yo gide w nan entéchanj otowout yo. Siy ble yo site sèvis ki gen sou wout yo, tankou gaz, manje, ak lojman. Siy mawon yo montre w lè gen kote rekreyasyon piblik, plas nasyonal ak plas eta, kote enteresan, ak kote ki bèl yo.



Nan Massachusetts, yo poste enfòmasyon sou otowout eta ki gen nimewo ki idantife yo sou siy fòm rektang ki gen ekriti nwa ak ankadreman nwa sou yo. Siy otowout ki travèse eta yo fèt nan fòm yon ti boukliye nan koulè ble, wouj, ak blan.

## Pasaj Tren yo

Nòmalman, gen yon siy avètisman ki gen fòm yon sèk devan yon pasaj tren. Lè w wè siy sa a, ralanti epi prepare pou w kanpe. Si ou wè oswa tande yon tren k ap vini, pa peze gaz pou eseye travèse pasaj la anvan tren an rive.



Kote ray tren yo travèse lari gen yon siy blan ki gen fòm yon X. Si gen plis pase 1 ray k ap travèse lari, y ap poste yon siy pi ba siy X la pou di konbyen ray ki genyen.

**Pasaj Tren** Yon pasaj tren gendwa gen limyè wouj k ap flache, yon klòch, ak yon manch baryè wouj e blan ki desann atravè wouj la lè gen yon tren k ap pase. Si limyè yo kòmanse flache, ou dwe kanpe machin yon distans 15 pye anvan poto limyè oswa manch baryè a. Epitou, ou dwe rèt kanpe jiskaske manch baryè a leve e limyè yo sispann flache. Si w pa kanpe, se yon kontravansyon ki vini ak yon gwo amann. Menmsi ou pa wè gen yon tren k ap vini, pa janm pase arebò manch baryè ki gentan desann oswa inyore limyè k ap flache yo.

## Konstriksyon/Antretyen Wout yo (Zòn Travay)

Nenpòt wout nan Massachusetts gendwa anba konstriksyon oswa antretyen nenpòt lè. Yo deziyen ak pwoteje seksyon wout sa yo pa mwayen siy avètisman ak aparèy ki kontwole trafik. Yo la pou ede w pase nan yon zòn travay ak pase nenpòt danje an sekirite. Gen plizyè règ oswa pratik ou dwe konnen pou pwoteje tèt ou ak travayè sou wout yo.

Lè w ap pwoche yon zòn travay, ralanti vitès ou. Teni kont de trafik ki toutotou w ak nenpòt obstat oswa danje ou wè sou wout la oswa arebò wout la. Si yon polisyè oswa yon travayè siyal trafik prezan, suiv ak obeyi enstriksyon yo bay. Ou dwe toujou obeyi enstriksyon yon ofisyè trafik, menm lè li di yon bagay ki diferan parapò ak siy, siyal, oswa sa ki make sou asfalt la. PINGA w kite travay y ap fè nan zòn travay la distrè w.

Yo endike kòmansman yon zòn travay grasa yon siy avètisman oswa yon siy mesaj elektwonik. An jeneral, siy sa a endike ki distans ki genyen anvan travay sou wout oswa itilite yo kòmanse.



Nòmalman, yo sèvi ak Travayè Siyal Trafik yo sou wout ki gen vitès lan kote pa gen anpil trafik. Yo la pou kontwole mouvman trafik nan zòn travay ak pou ede lòt moun k ap sèvi ak wout la navige zòn nan.



Gen yon Travayè Siyal  
Trafik pi devan (500 pye)



Yon travayè siyal trafik  
nan zòn travay

Siy avètisman yo fè w konnen ki kote y ap travay, ak fason w dwe pase nan zòn travay la. Li siy sa yo e suiv mesaj ki gen sou yo.



Siy sa montre ki liy  
trafik ki fèmen



Siy sa a vle di liy dwat fèmen pi devan  
e trafik dwe ale nan liy gòch la



Siy sa a vle di liy trafik yo ap  
chanje pou direksyon adwat

Gen kèk bagay (tankou dwoum, kòn, ak poto makè) yo itilize pou fè trafik la evite zòn travay lè gen yon kote arebò wout la oswa yon liy trafik ki fèmen. An jeneral, yo mete yo yon fason pou mennen trafik la nan liy adwat oswa agòch piti a piti. Ou dwe antre nan liy trafik ki akote w avèk pridans lè ou wè bagay sa yo sou wout la. Lè gen yon liy trafik ki fèmen, souvan y ap mete yon barikad pou bloke aksè.



Dwoum



Kòn yo



Poto makè



Barikad

Nan kèk ka, yo oblige fèmen tout liy trafik k ap mache nan yon direksyon, oswa tout wout la nèt. Nan ka sa yo, y ap poste siy devyasyon. Siy sa yo bay enstriksyon sou kòman pou w evite zòn travay epi retounen sou wout oriijinal ou.



Siy devyasyon ki poste toutotou  
wout devyasyon an



Siy devyasyon ki poste nan  
kòmansman wout devyasyon an

Sou wout ki gen plizyè liy trafik, yo sèvi ak siy flèch pòtab pou avèti chofè yo gen yon liy trafik oswa yon kote arebò wout la ki fèmen, e yo tou endike ki liy trafik ki ouvri. Yo mete aparèy sa yo anvan zòn travay la ak anndan zòn travay la pou fè w konnen ou dwe antre nan lòt liy trafik lè ou ka fè sa an sekirite.



Liy dwat fèmen – antre nan liy agòch



Liy nan mitan fèmen – antre nan liy  
adwat oswa agòch

Gen anpil lòt kalite aparèy pou kontwole trafik ou gendwa rakontre. Fè atansyon, woule ak pridans, byen veye, e sèvi ak bonsans lè w ap pase nan zòn travay yo. Gen gason kou fi kap travay pou amelyore wout yo pou publik la e siy ak aparèy sa yo la ni pou gide chofè yo ni pou pwoteje travayè sa yo.

Lè w ap pwoche yon zòn travay, PREMYE bagay ou dwe fè se RALANTI epi veye pou enstriksyon sou kòman w dwe pase an sekirite nan zòn nan.

**Divizyon Otowout la gen sèvis téléfòn 511.** Ou gendwa rele nimewo sa a pou jwenn enfòmasyon aktyèl sou kondisyon trafik ak tan yo e sou pwojè konstriksyon yo. Anplis, ou ka sèvi ak nimewo sa a pou rapòte pwoblèm sou wout la. Sèvis sa a disponib 24 sou 24.

Rele nan 511 pou téléfòn sellè oswa nan 617-986-5511 (Metro-Boston), 508-499-5511 (Central Mass), oswa 413-754-5511 (Western Mass) pou téléfòn fiks.

Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb Mass.Gov/Traffic-Information


## Makè sou Wout yo

Souvan yo pentire liy, senbòl, ak mo sou wout yo pou gide chofè ak kontwole trafik. Ou dwe konnen siyifikasyon differan liy ak koulè yo e ou dwe obeyi yo.

Yo sèvi ak liy blan ak liy jòn sou limit wout asfalt yo ak ant liy trafik yo pou asire veyikil yo rete nan liy pa yo. Liy sa yo gendwa solid oswa koupe (tras ki long), yon sèl liy oswa yon liy doub. Yon liy blan solid oswa yon liy jòn solid ki vin tounen yon liy koupe (tras ki kout) vle di liy trafik la ap kontinye pandan li travèse yon kafou oswa yon entèchanj otowout.

Eksepte si w ap vire, soti sou yon otowout, oswa chanje liy, toujou woule nan mitan liy yo.

### Liy Blan yo



Liy blan koupe separe trafik k ap mache nan menm direksyon.

Liy blan yo se liy ki separe liy trafik k ap mache nan **menm** direksyon yo. Yon sèl liy blan solid gendwa make limit asfalt la tou.

#### Liy Blan Koupe

Liy blan koupe separe liy trafik k ap mache nan menm direksyon.

Yonfwa ou fin siyale, e depi ou ka fè sa an sekirite, ou mèt travèse liy sa a pou w chanje liy.


#### Liy Blan Solid

Yon liy blan solid make limit dwat wout la, oswa li separe liy trafik k ap mache nan menm direksyon, san wete liy bisiklèt yo. Ou gendwa woule nan menm direksyon sou toulede bò liy sa a (eksepte pou liy ki arebò wout la), men ou pa dwe travèse li sòf si w oblige fè sa pou evite danje.

#### Doub Liy Blan Solid

Yon doub liy blan solid separe 2 liy trafik k ap mache nan menm direksyon. Yo pa pèmèt ou travèse yon doub liy blan solid.

## Liy Jòn yo



Liy jòn yo separe liy trafik k ap mache nan sans **kontré**. Yon sèl liy jòn solid gendwa make limit bò gòch asfalt la sou otowout divize ak sou wout sans inik yo.

### Liy Jòn Koupe

Yon liy jòn koupe separe liy trafik k ap mache nan sans kontré. Rete sou bò dwat liy nan, sòf si w ap double yon machin ki devan w. Lè w ap double, ou gendwa travèse liy sa a, depi ou ka fè sa an sekirite.

Pa travèse yon doubl liy jòn, sòf si w ap vire agòch.


### Doub Liy Jòn yo: Youn Solid, Youn Koupe

Yon liy jòn solid ansanm ak yon liy jòn koupe separe liy trafik k ap mache nan sans kontré. Si liy jòn *solid* la pi pre w pase liy jòn koupe a, ou pa gendwa travèse liy nan. Si liy koupe a pi pre w pase liy solid la, ou gendwa travèse liy nan *sèlman* pou double machin devan w, depi ou ka fè sa an sekirite.

### Doub Liy Jòn yo: Toulede Solid

Doub liy jòn solid vle di yo entèdi veyikil travèse pou double yon lòt machin. Ou pa gen dwa travèse liy sa yo, eksepte si w ap vire agòch lè ou kapab fè sa an sekirite.

## Pawòl ak Senbòl yo



Yo gendwa pentire mo ak senbòl sou sifas wout yo pou gide, avèti, oswa regle chofè yo. Souvan yo sèvi ak mo ak senbòl ansanm ak siy trafik, siyal trafik, ak lòt mak sou asfalt. Flèch blan yo montre direksyon liy trafik oswa restriksyon yo.

Nan imaj pi wo ki montre 3 liy trafik, liy trafik agòch nêt rezève pou veyikil ki pote anpil pasaje (HOV yo), tankou machin prive ki pote plizyè moun oswa pou bis yo.

Yon senbòl dyaman blan vle di gen yon restriksyon espesyal pou liy trafik la, tankou "sèlman veyikil ki pote anpil pasaje" (HOV ann anglè) oswa "bis sèlman".

### Mak Liy Trafik Pataje yo ("Sharrows" ann anglè)

Mak Liy Trafik Pataje yo (yo rele yo "Sharrows" tou) ede chofè bisiklèt byen pozisyon yo nan liy kòrèk ak nan sans kòrèk lè y ap pataje liy nan ak lòt veyikil. Grasa mak sa yo, chofè bisiklèt yo kapab evite moun frape yo lè yon machin ki pakin ouvri pòt li, e yo ka evite machin kwense yo nan yon liy ki jis. Lè ou wè Mak Liy Trafik Pataje yo, ou dwe veye pou chofè bisiklèt e asire w kite yo ase espas lè w ap pase yo. Mak Liy Trafik Pataje yo pa menm bagay ak senbòl bisiklèt ki make liy trafik bisiklèt yo menm.



## Liy Trafik Bisiklèt

Liy trafik bisiklèt se yon pòsyon nan wout la ki rezève pou chofè bisiklèt. Nòmalman yo make liy trafik sa yo ak liy blan solid sou asfalt e ak siy. Yo mezire 5 pye gwosè. Lót vezikil mèt woule nan liy sa yo sèlman lè y ap vire antre oswa soti nan wout la. Anvan w travèse yon liy bisiklèt, ou dwe byen veye pou bisiklèt yo, e ou dwe travèse ak pridans.



## Liy Trafik Bisiklèt Okazyonèl

Nou kòmanse wè plis liy bisiklèt okazyonèl sou wout ki twò jis pou yon liy bisiklèt nòmal, men ki toujou gen anpil moun k ap woule bisiklèt sou yo. Gen yon liy koupe ki pentire atè sou youn oswa toulede bò liy bisiklèt lan, e sa fè chofè machin yo konnen yo gendwa sèvi ak espas sa a lè nesesè, toutpandan yo toujou sede devan chofè bisiklèt yo.

## Asfalt Koulè Vèt


Yo sèvi ak asfalt koulè vèt nan zòn kote kapab gen konfli ant machin ak bisiklèt k ap pataje wout la. Ou dwe prete anpil atansyon e veye pou chofè bisiklèt anvan w travèse asfalt vèt. Lè w gen limyè wouj, ou pa dwe kanpe sou asfalt vèt. Pou plis enfòmasyon sou asfalt vèt, gade seksyon *Lwa pou Chofè Bisiklèt ak Chofè Machin ki nan Prezans Chofè Bisiklèt* yo ki pi devan nan chapit sa a.

## Liy Stop, Liy Sede, ak Pasaj Pyeton yo


Yon kafou oswa yon pasaj pyeton ki gen yon siy stop, oswa yon siyal trafik, gendwa gen yon liy blan solid **STOP** ki pentire atè. Yon kafou ki gen yon siy sede gendwa gen yon liy **SEDE** pentire atè. Yon liy **SEDE** sanble yon seri triyang ki pentire youn akote lòt.

Yon pasaj pyeton se 2 liy blan, oswa lòt mak espesyal oswa materyèl sou asfalt la, ki pentire devan liy trafik pou gide pyeton yo soti sou yon bò lari a rive sou lòt. Anplis, yon pasaj pyeton ki pentire atè avèti chofè yo ke pyeton gendwa ap travèse lari. Pasaj pyeton gendwa gen liy dyagonal oswa vètikal ki pentire ant 2 liy prensipal yo. Souvan gen pasaj pyeton nan kafou yo, men w ap jwenn yo lòt kote tou, tankou devan arèt bis, lekòl, pasaj chemen, distri komèsyal, ak nan zòn ki gen anpil pyeton.

Ou dwe kanpe **anvan** liy stop, liy sede, ak liy pasaj pyeton yo si gen yon siy stop, siy sede, siyal trafik ki di w kanpe, oswa si gen yon pyeton k ap mache nan pasaj pyeton an.



Liy stop



Pasaj Pyeton



Liy sede

## Zile Kanalizasyon yo

Yon zile kanalizasyon se yon zile ki fèt ak beton, oswa yon mak sou asfalt, k ap gide trafik la selon yon chemen an patikilye, e li anpeche moun kondui sou kèk pati nan wout la. Ou pa gendwa woule sou oswa pakin machin ou sou nenpòt zile kanalizasyon, eksepte si yon polisyé di w fè sa.

## Moun ki Ede Timoun Travèse Lari

Pandan denyè ane sa yo, gen plizyè moun k ap ede timoun travèse lari ki mouri oswa ki blese lè yon machin frape yo pandan y ap fè travay sa a. Antanke yon chofè, ou dwe veye kèk siy ki endike kapab gen timoun ak moun k ap ede timoun travèse lari yo ki nan mitan lari a, e ou dwe prepare w pou kanpe. Moun ki ede timoun travèse lari yo konte sou chofè yo pou yo wè ak obeyi siyal yo. Woule ak pridans lè ou wè bagay ki vin apre yo:

- Pasaj Pyeton/ Siy Pasaj Pyeton yo – Sa se pasaj pyeton blan ki pentire sou asfalt la, oswa siy pasaj pyeton yo ki nan mitan oswa arebò wout la.
- Jilè Reflechisan – Moun ki ede timoun travèse lari yo konn mete rad koulè vif ak rad ki briye anpil pou asire moun ka wè yo fasil.
- Siy Stop pòtab – Sa se ti siy stop moun ki ede timoun travèse lari yo pote nan men yo pandan y ap travèse lari. Yo leve siy sa yo pou avèti chofè yo gen timoun k ap travèse lari.

## Liy Trafik, Kafou ak Vire

Seksyon sa a esplike règ kondui ki aplikab pou nenpòt wout oswa kafou. Anplis liy trafik nòmal yo, genyen...

- Liy espesyal pou vire
- Liy pou bis, machin prive ki pote plizyè moun, ak bisiklèt yo
- Liy pou machin anpan sou bò dwat arebò otowout yo

## Fè siyal

Lè w ap woule sou yon wout, lòt moun atann pou w woule toudwat devan, sòf si w montre yo ou pral fè yon lòt bagay. Se poutèt sa a ou dwe toujou sèvi ak siyal yo lè w kanpe oswa fè *nenpòt* lòt bagay nan trafik. Siyal ou yo fè pyeton ak lòt chofè yo konnen sa w ap fè e sa ba yo tan pou yo reyaji.

Ou dwe sèvi ak siyal yo pou nenpòt veyikil w ap woule. Si siyal elektrik veyikil ou yo anpan, ou dwe itilize 3 siyal màyèl yo montre w la. Ou dwe mete men w deyò vit chofè a pou fè siyal yo. Ou dwe konnen siyal sa yo pakè pou pase egzamen sou wout la.



Vire agoch

Ou dwe fè siyal pandan sètèn sityasyon:

- Chanje liy trafik
- Vire nan yon kafou oswa pou antre nan wout yon kay
- Derape kite bò twotwa wout la
- Vire machin pou rive arebò wout la
- Antre oswa soti sou yon otowout



Vire adwat



Ralanti oswa kanpe

Yonfwa w fin konplete sa w t ap fè, ou dwe fèmen siyal ou a. Nenpòt lè ou vle vire, antre sou yon liy trafik, derape antre nan trafik, oswa chanje liy trafik, ou dwe...

1. Gade nan miwa ou yo pou wè si gen trafik dèyè w epi tcheke akote w sou bò direksyon w ap deplase.
2. Fè siyal pou fè konprann ou gen entansyon deplase.
3. Deplase.

**Chofè bisiklèt yo gendwa itilize nenpòt men pou fè siyal.**

## Sèvi ak Liy Trafik yo

Toujou sèvi ak liy trafik yo selon mak ki pentire atè ak siy wout yo. Gen anpil kafou ki gen liy espesyal ki make pou machin k ap vire. Suiv règ sikilasyon yo, san wete itilize liy trafik kòrèk pandan w ap vire ak lè w ap avanse toudwat.

Pou wout ki gen 2 oswa plis liy trafik k ap mache nan menm direksyon avè w, sèvi ak liy adwat pou w kondui, eksepte...

- Si w ap double yon lòt machin.
- Si w ap vire agòch.
- Si liy trafik adwat bloke.

Men kèk règ anplis an rapò ak itilize liy trafik yo yon fason kòrèk:

- Pa janm chanje liy nan mitan yon kafou. Li ilegal e li danjere.
- Kòm yon règ jeneral, pa itilize liy pou machin anpann pou kondui oswa pou double. Sepandan, sou kèk otowout, ou gendwa sèvi ak liy machin anpann yo pandan kèk moman presi yo.
- Si w rive nan yon koub e ou pa ka wè sa ki devan, rete sou bò dwat epi ralanti.

**Itilizasyon liy machin anpann yo trè limite, e yo poste siy ki di byen klè kilè ou mèt sèvi avèk yo.**

Règ espesyal pou motosiklèt yo:

- Pa woule sou liy ki pentire sou asfalt ant liy trafik yo.
- Plis pase 2 chofè moto pa dwe woule ansanm (kòtakòt).
- Pa woule sou otowout oswa wout eksprés yo sòf si moto w gen kapasite pou l woule nan vitès minimòm ki poste an sekirite.

## Liy Trafik Limite yo

Ou pa dwe woule nan liy ki gen siy poste ki di se liy limite yo, eksepte lè w ap prepare w pou vire. Veye pou siy ki sanble ak siy ki nan imaj adwat yo.



## Kondui sou Otowout yo

Yon otowout divize gen wout apa pou trafik k ap mache nan sans kontrè. Souvan gen plizyè liy trafik sou chak bò. Nòrmalman limit vitès otowout yo rive ant 45 a 65 mph.

Gen kèk otowout ki travèse lòt wout yo e gen siyal trafik ki kontwole kafou sa yo. Gen lòt otowout ki gen "aksè kontwole", ki vle di pa gen siyal trafik oswa kafou nan wout sa yo.

Ou antre oswa soti sou otowout sa yo grasa ranp. Otowout sa yo rele "expressway" oswa "freeway" ann anglè, e ou antre oswa soti sou otowout sa yo pa mwayen "entèchanj" yo. Nan Massachusetts, otowout ki travèse eta tankou Wout 90 ak Wout 495 e Otowout Eta 128 se kék egzanp otowout eksprès yo.

Woule sou otowout ka fè nouvo chofè yo pè. Men kék konsèy pou woule sou otowout yo:

### **Antre ak Soti sou Otowout**

- Asire w nan liy kòrèk byen alavans pou w ka antre oswa soti nan otowout la an sekirite.
- Bay chofè ki déjà sou wout la dwa pasaj.
- Lè w ap antre sou yon otowout, monte vitès ou pou rive nan menm vitès ak lòt machin ki déjà sou wout la.
- **Si w rate sòti a, pinga w kanpe. Pa janm fè bak sou otowout.** Pran pwochen sòti sou otowout la epi chèche siy k ap montre w fason pou w retounen sou otowout, men nan lòt direksyon an.
- Asire w fè siyal pou endike ou pral vire omwen 500 pye distans anvan w rive nan ranp sòti a.
- Lè gen anpil trafik, gendwa gen yon gwo liy trafik k ap tann ranp sòti a. Sitou veye pou trafik k ap woule dousman oswa ki kanpe bò ranp yo.
- Pandan w ap kite otowout sou ranp sòti a, desann vitès ou pou respekte limit vitès ki poste nan ranp sòti a.

### **Woule sou Otowout**

- Asire w veyikil ou nan bon eta e li kapab woule nan vitès otowout.
- Rete sou bò dwat e sèlman sèvi ak liy göch pou double. Lè w ap kondui sou yon otowout eksprès ki gen 3 oswa plis liy trafik k ap suiv menm sans avè w, sèvi ak liy dwat nèt si w ap woule pi dousman, liy mitan pou vitès mòdere, ak liy göch pou double lòt machin.
- Woule nan mitan liy trafik ou, rete nan mitan liy pentire atè yo.
- Sèvi ak retrouvizè w, tcheke zòn avèg yo, epi sèvi ak siyal ou yo lè w ap chanje liy. Sonje 3 etap sa yo: (1) **gade**, (2) **fè siyal**, (3) **ale**.
- Pa woule nan zòn avèg yon lòt chofè. Si w nan zòn avèg yon lòt chofè, pase nan zòn avèg la osito ke posib.
- Veye pou veyikil k ap antre sou otowout la ak nenpòt veyikil oswa pyeton ki nan liy trafik machin anpannan nan.
- Pa antre soti rapidman nan trafik.
- Veye pou siy konstriksyon, travayè sou wout, ak siy ki egzije w desann vitès ou oswa chanje liy.
- Evite "fatig otowout". Si sa fè lontan w ap woule machin e ou santi w fatige, ou dwe soti sou otowout la nan pwochen sòti, nan yon kote pou repoze, oswa nan yon zòn sèvis.



Imaj sa a montre "zòn avèg" ki ozalantou veyikil ou a, zòn ou pa ka wè nan miwa ou yo.

**Fè plis pridans lè w ap soti sou yon otowout ki itilize liy machin anpannan pou liy trafik. Gade adwat ou e tcheke zòn avèg ki sou bò dwat ou anvan w soti.**

- Si w prale lwen, kanpe machin nan e fè yon mouvman kò w apre chak 2 èdtan oswa chak 100 mil distans.
- Si machin ou tonbe anpann, ale nan liy machin anpann nan oswa ale arebò wout la pi lwen liy trafik ke posib. Rete nan machin ou. Pa kanpe bò liy trafik la oswa nan liy machin anpann nan. Gen anpil moun ki mouri pandan yo kanpe toupre machin yo oswa pandan y ap travay sou machin yo.

**Divizyon Otowout la gen sèvis telefòn 511.** Ou gendwa rele nimewo sa a pou jwenn enfòmasyon aktyèl sou kondisyon trafik ak tan yo e sou pwojè konstriksyon yo. Anplis, ou ka sèvi ak nimewo sa a pou rapòte pwoblèm sou wout la. Sèvis sa a disponib 24 sou 24.

Rele nan 511 pou telefòn selilè oswa nan 617-986-5511 (Metro-Boston), 508-499-5511 (Central Mass), oswa 413-754-5511 (Western Mass) pou telefòn fiks.

Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb Mass.Gov/Traffic-Information

## Kafou yo

Yon kafou se yon kote gen 2 oswa plis wout ki kontre. Souvan gen siyal, siy, ak/oswa mak sou asfalt ki kontwole trafik nan kafou yo. Pwochen 2 seksyon nan chapit sa a, Vire yo ak Règ Dwa Pasaj yo, eslike règ ak pwosedi ou dwe suiv nan kafou yo.

**Gen kèk wout ki gen plizyè liy trafik k ap vire. Pandan w ap woule sou wout sa yo, ou dwe suiv siy oswa mak wout ki aplikab yo.**

Kafou yo trèzenpòtan pou sikilasyon ak sekirite trafik. **Li ilegal pou bloke yon kafou ak veyikil ou.** Lè w ap travèse yon kafou, ou dwe obeyi tou siy oswa siyal trafik yo. **Ou dwe sèl'man antre yon kafou oswa woule sou yon pasaj pyeton si gen ase espas pou w pase an sekirite.** Li danjere anpil pou w bloke chemen lòt veyikil nan yon kafou oswa pyeton nan yon pasaj pyeton. **Sa lakòz blokis e se yon kontravansyon lwa trafik yo.**

Lè w ap travèse yon kafou, sitou veye pou chofè bisiklèt yo. Ba yo anpil espas e toujou tcheke 2 fwa pou chofè bisiklèt k ap vini anvan w travèse. Si w ap vire, ou dwe sede devan chofè bisiklèt ki prale toudwat nan yon kafou. Pa janm vire koupe yon chofè bisiklèt.


## Vire yo

Gen anpil aksidan machin ki fèt akòz moun ki pa vire byen. Suiv enstriksyon ki vini apre yo pou vire an sekirite.


1. Planifye anvan w vire. Pa vire bridsoukou.
2. Fè siyal omwen 100 pye distans anvan w vire. Sou yon otowout, fè siyal omwen 500 pye distans anvan w vire. Li pi bon pou w fè siyal anvan w frennen, konsa lòt chofè yo ap konnen ki sa w vle fè.
3. Ralanti.
4. Tcheke miwa ou yo pou trafik ki dèyè w e tcheke zòn avèg ki sou bò w ap vire a.
5. Sede dwa pasaj lè sa awopriye (gade seksyon Dwa Pasaj la).
6. Konplete vire a avèk pridans; asire w vire nan liy trafik awopriye.

Imaj pi ba yo montre kòman pou vire yon fason kòrèk. Li trèzenpòtan pou w soti nan liy trafik ki apwopriye epi antre sou liy trafik ki apwopriye lè w ap vire. Veye liy jòn oswa blan ki pentire sou wout kote w ap vire a. Si w bezwen chanje liy trafik, fè sa *apre* w fin vire. Men kèk règ pou w suiv:


- Soti nan liy trafik ki pi pre liy trafik ou vle antre. Pou vire adwat, soti nan liy trafik ki adwat nèt la. Pou vire agoch, soti nan liy trafik ki pi pre liy trafik nan mitan an.
- Pa depase limit liy ou lè w ap vire travèse kafou a. Kenbe machin ou nan mitan liy trafik w ap soti ak antre yo.
- Yonwa w kòmanse travèse yon kafou pou w vire, ou dwe kontinye. Pa kanpe machin ou pandan w ap vire epi chanje direksyon. Si w deside ou pa vle vire, jis konplete vire a epi kontinye jiskaske w rive nan pwochen kafou, kote w ka chanje direksyon.




Vire adwat



Vire agoch soti nan yon ri 2-sans  
rive nan yon ri 2-sans



Vire agoch soti nan yon ri 2-sans  
rive sou yon ri sans inik.



Vire agoch soti nan yon ri sans inik  
rive sou yon ri 2-sans

### ***Vire sou Limyè Wouj***

Ou dwe kanpe nèt lè w rive devan limyè wouj. Apre sa, ou gendwa vire *adwat* eksepte si gen yon siy poste ki di "**NO TURN ON RED**" (PA VIRE SOU LIMYÈ WOUJ). Ou dwe bay pyeton ak lòt veykil yo dwa pasaj anvan. Ou gendwa vire *agoch* sou limyè wouj sèlman si w ap soti nan yon ri sans inik pou rive sou yon lòt ri sans inik. Menm règ ki aplikab pou vire adwat yo aplikab pou vire agoch.

### ***Demi-tou ("U-Turn")***

Yon demi-tou se yon vire agoch 180 degré ki mete w nan sans kontré.

Ou gendwa fè yon demi-tou si wout la klè e ou ka fè l an sekirite. Ou pa gendwa fè yon demi-tou si gen yon siy NO U-TURN ki poste.


- Ou sèlman gendwa fè yon demi-tou lè w nan liy trafik ki pi pre mitan ri a.



- Asire w gen ase espas pou w konplete vire a. Pa kreye yon danje pou machin k ap vini yo.
- Pa fè yon demi-tou sou tèt yon mòn, toupre yon koub, oswa nenpòt lòt kote ou menm oswa lòt chofè yo pa kapab wè 500 pye distans.

### **Vire Agòch nan Liy Trafik Mitan yo**

Gen kèk ri 2-sans ki gen yon liy trafik nan mitan wout yo make ke toude direksyon trafik mèt sèvi pou fè vire agòch yo. Ou pa gendwa woule toudwat nan liy trafik ki nan mitan wout la.



### **Vire 3-Pwen yo**

Lè pa gen kont espas pou fè yon demi-tou, ou gendwa chwazi fè yon vire 3-pwen. Sa ap mete w nan sans kontré. Ou dwe itilize kalite vire sa a sèlman nan kondisyon ki in apre yo:

- Wout la jis
- Ou kapab wè trè byen
- Pa gen wout piblik ki mennen nan kay ou ka sèvi pou vire
- Pa gen anpil trafik
- Se yon vire legal
- Pa gen lòt opsyon

Men yon lis etap vire 3-pwen yo:

- Mete machin ou pi pre bò dwat wout la ke posib. Fè siyal ou pral vire agòch. Tcheke pou trafik ak pyeton nan toulede direksyon (san wete nan zòn avèg ou). Tann pou lè w gen 20-30 segonn anvan yon lòt machin ap vini pou w konplete vire a.
- Ale dousman epi vire volan rapidman nan direksyon agòch. Sa ap fè veiyik ou rive pèpandikilè liy trafik la, e anviwon 2 pye distans a limit wout la. Kanpe machin nan.
- Vire volan an adwat nèt. Tcheke pou trafik nan toulede direksyon (san wete nan zòn avèg ou). Mete machin ou nan mòd fè bak epi kòmanse fè bak, toutpandan w ap gade anlè dèyè zepòl dwat ou.
- Fè bak pou rive nan lòt limit wout la, e kanpe jis anvan w rive nan limit la.
- Tcheke ankò pou trafik k ap vini nan toulede direksyon (san wete nan zòn avèg ou). Fè siyal gòch. Mete machin ou nan mòd avanse (oswa mete l nan premye, si se yon machin chif) epi peze gaz pou rive nan vitès nòmal.

## Règ Dwa Pasaj yo

“Règ dwa pasaj yo” ede chofè yo jere sityasyon trafik lè pa gen siy oswa siyal pou kontwole trafik. Règ sa yo baze sou sekirite ak koutwazi. Yo pa ba w okenn “dwa”. Sonje, dwa pasaj se yon bagay ou bay, se pa yon bagay ou pran. Si yon lòt chofè pa suiv règ sa yo, ou dwe toujou ba li dwa pasaj.

Seksyon sa a esplike anpil règ dwa pasaj. Y ap kouvri lòt règ, tankou bay veyikil ijans dwa pasaj, pi devan nan chapit sa a.

### Pyeton yo

Ou dwe toujou bay pyeton dwa pasaj lè yo nan lari. Epitou, note règ ki vin apre yo konsènan pyeton yo:

- Si w kanpe devan yon limyè trafik ki vin tounen koulè vèt, ou dwe sede devan pyeton ki déjà nan yon pasaj pyeton.
- Lè w ap vire, veye pou pyeton. Pyeton yo gen dwa pasaj lè y ap sèvi ak yon twotwa oswa lè y ap travèse yon ale oswa yon wout ki mennen lakay moun.
- Toujou sede devan moun ki gen andikap wè (moun avèg yo) k ap travèse lari. Ou dwe rèt kanpe jiskaske moun nan gentan travèse lari an sekirite. Pa klaksonen oswa fè jès ak men w pou di l pou l avanse. Pa janm pase yon lòt machin ki kanpe. Pyeton ki avèg yo gendwa sèvi ak yon ti baton blan oswa yon chen pou gide yo. Lwa Baton Blan an egzise w kanpe nèt pou yon moun avèg k ap travèse lari.
- Lè w ap woule sou yon wout ki gen plizyè liy trafik, pa janm double yon lòt veyikil ki kanpe devan yon pasaj pyeton san w pa veye pou pyeton anvan.




### Kafou ki Pa Gen Siy oswa Siyal k ap Kontwole yo

Ralanti lè w ap rive nan yon kafou ki pa kontwole. Gade agòch adwat pou trafik k ap vini epi avanse sèlman si wout la klè.

Sepandan:

- Ou dwe bay nenpòt veyikil k ap vini sou bò dwat ou oswa ki gentan antre nan kafou a sou bò dwat ou dwa pasaj.
- Veye pou trafik k ap vini sou bò gòch ou. Menmsi se ou menm ki gen dwa pasaj selon lalwa, asire w lòt chofè a ap sede anvan w avanse.



Ou dwe bay dwa pasaj lè lòt trafik pa gen siy stop.

### Stop 4-Direksyon

Nan yon kafou ki gen yon siy stop pou toule 4 direksyon, ou dwe bay dwa pasaj a...

- Yon lòt veyikil ki déjà gentan kanpe nèt
- Yon veyikil ki sou bò dwat dirèk ou e ki kanpe nan menm moman avè w



Kafou ki gen siy stop pou toule 4 direksyon yo konn bay konfizyon. Eseye gade nan je lòt chofè yo pou jije sa yo pral fè e pou evite aksidan.

**Nan yon kafou kote gen siy stop pou toule 4 direksyon trafik, veyikil yo avanse selon lòd yo kanpe. Premye chofè ki kanpe, se li ki prale an pwochen. Si w gen dout, bay chofè ki sou bò dwat ou dwa pasaj.**

## **Vire Agòch**

Lè w ap fè *nenpòt vire agòch*, ou dwe sede dwa pasaj a *nenpòt...*

- Veyikil k ap vini
- Veyikil ki déjà nan mitan kafou a
- Pyeton oswa chofè bisiklèt k ap travèse chemen ou vle pran

## **Wout Prive, Wout ki Mennen nan Kay, ak Wout ki pa Asfalte yo**

Lè w ap soti nan yon wout prive, wout ki mennen lakay moun, oswa yon wout ki pa asfalte pou antre sou yon wout asfalte, ou dwe kanpe. Ou dwe bay pyeton, chofè bisiklèt, oswa lòt veyikil ki sou wout w ap antre a yo dwa pasaj.

## **Wout ki pa gen siy stop yo**


Lè w ap antre sou yon wout ki deziyen pou ale nèt san kanpe, ou dwe bay trafik ki déjà sou wout sa a dwa pasaj anvan w vire antre sou li.

## **Kafou nan Wout 1 Liy Trafik, 2 Liy Trafik, ak Plizyè Liy Trafik yo**

Si w ap woule sou yon wout 1 Liy oswa 2 Liy Trafik, epi w rive nan yon kafou ki travèse yon otowout divize oswa yon wout ki gen 3 oswa plis liy trafik, ou dwe sede dwa pasaj.

## **Gwo Wonpwen**

Gen plis gwo wonpwen nan Massachusetts pase nan lòt kote nan peyi a. Yon gwo wonpwen se yon kafou kote wout ki soti nan plizyè direksyon vini ansam. Yon wonpwen pèmèt ou kontinye san w pa oblige kanpe devan yon siy STOP oswa yon siyal trafik. Gen siy sede nan antre gwo wonpwen yo. Gen yon baryè fizik (zile santral) nan mitan ki fose trafik la vire toutotou wonpwen an. Gwo wonpwen yo fêt pou jere trafik k ap voyaje jiska 40 mph vitès.



Nan yon gwo wonpwen, trafik suiv direksyon kont sans zegui.

## **Règ Trafik Wonpwen yo**

Nan yon gwo wonpwen, trafik suiv direksyon kont sans zegui. Toujou sede devan veyikil ki déjà nan gwo wonpwen an (sof si yon siy oswa lapolis di yon lòt bagay) ak devan pyeton yo. Utilize siyal ou yo menm jan w konn fè sa nan lòt kafou yo. Avanse nan gwo wonpwen an epi, lè w vle soti, sèvi ak endikatè dwat ou.

## **Chwazi yon Liy**

Si gwo wonpwen an gen yon sèli liy trafik, ou dwe antre ladan l sou liy trafik bò dwat wout w ap kite a. Lè w ap kite wonpwen an, ou dwe soti sou liy trafik bò dwat kote w prale a.


Si gwo wonpwen an gen plizyè liy trafik, veye pou siy k ap ede w chwazi ki liy trafik ki apwopriye pou ou. Si pa gen siy, men ki sa w dwe fè:

- Si w ap pran premye sòti a (1/4 wonn), oswa si w prale toudwat, pran liy trafik dwat pou antre sou wonpwen an. Lè w nan wonpwen an, rete nan liy trafik dwat la epi soti sou liy trafik dwat ki sou wout kote w prale a.
- Si w ap pran denyè sòti a (3/4 wonn), oswa si w ap fè yon demi-tou, pran liy trafik gòch pou antre sou wonpwen an. Lè w nan wonpwen an, woule nan liy trafik ki nan mitan. Soti sou liy trafik dwat ki sou wout kote w prale a. Si w ap soti sou yon wout ki gen yon sèl liy trafik pou antre nan wonpwen an, ou dwe rete nan liy dwat wonpwen an pandan tout vire a.

Lè w ap pase nan yon gwo wonpwen ki gen plizyè liy trafik, kapab gen trafik sou toulede bò machin ou. Pa eseye soti nan liy pa w jiskaske ou ka fè sa an sekirite. Si w rate soti ou te vle pran, pa panike. Gade trafik ki toutotou w. Si ou ka fè sa an sekirite, jis vire wonpwen an yonfwa ankò e pozisyoné machin ou yon fason pou w ka soti nan wonpwen an sekirite. **Pinga w kanpe nan gwo wonpwen an.**

### Ti wonpwen yo

Ti wonpwen yo sanble ak gwo wonpwen. An jeneral, yo pi piti pase gwo wonpwen yo e baryè ki nan mitan yo pi piti. Pifò ti wonpwen yo gen liy sede ak pasaj pyeton ki pentire atè. Yo sèvi ak ti wonpwen sou ri ki gen anpil trafik, e piske yo piti, veiykil yo oblige ralanti vitès yo pou rive nan 25 mph oswa pi piti. Ti wonpwen yo redui bezwen pou chanje liy trafik. Lè w ap pwoche yon ti wonpwen, veye pou siy k ap esplike w ki liy trafik ou dwe ladan l. Lè w ap antre nan yon ti wonpwen e w ap chwazi yon liy, ou dwe suiv menm règ ak yon gwo wonpwen. Piske vitès ti wonpwen yo redui, chofè bisiklèt yo mèt itilize yo an sekirite.



### Aksidan Nan Fè Janti

Pafwa, lè chofè yo eseye fè janti, sa ka lakòz konfizyon, e konn gen "aksidan nan fè janti" kòm rezulta.

Si w fè jès pou di yon chofè antre lè trafik kanpe, oswa si w antre nan trafik lè yon lòt moun fè w jès sa, sa kreye yon sitasyon danjere e sa gendwa bay aksidan fasil. Vire ou chwazi vire a dwe depann sou trafik ki genyen ak sa w ka wè. Si ou wè pa gen trafik k ap vini, oswa trafik k ap vini yo kanpe, ou gendwa vire san danje. Pa bliye, trafik k ap vini yo gen dwa pasaj, kit yon moun fè w jès kit li pa fè w jès.

### Règ pou Double

An jeneral, lalwa egzije w woule sou bò dwat wout la. Lè yo pèmèt moun double, ou dwe double sou bò gòch. Yo sèlman pèmèt moun double sou bò dwat nan kèk sitasyon presi.

Ou dwe double yon pyeton, chofè bisiklèt, oswa yon lòt veiykil sèlman lè sa nesesè e lè w ka fè sa an sekirite. **Ou pa gendwa depase limit vitès pandan w ap double.** Si w gen nenpòt dout, pa pase.

*Pa janm sèvi ak liy machin anpann, arebò wout la, oswa twotwa pou double yon lòt machin.*

### Double sou Bò Gòch

Lè w ap woule sou yon wout ki gen plizyè liy trafik k ap fè yon sèl direksyon, ou dwe sèvi ak liy nan mitan ak liy gòch pou double. Yon liy jòn koupe ki pentire sou wout 2-sans pèmèt ou antre sou liy bò gòch pou double yon machin, **depi w ka fè sa an sekirite.**

Etap ki vini apre yo mache ak imaj adwat la:

- Kenbe yon distans an sekirite ant ou menm ak veyikil ou vle double. Gade nan liy trafik ou pral itilize pou double pou asire pa gen machin k ap vini. Si w pral travèse yon liy jòn koupe pou w double, fòk ou kapab wè byen **omwen 400 pye distans** devan w. Tcheke retwovizè ak zòn aveg ou.
- Fè siyal pou vire agòch epi antre nan liy double a piti a piti.
- Kenbe menm vitès jiskaske w fin double lòt machin nan an sekirite, epi fè siyal pou vire adwat.
- Asire w gen ase espas ant ou menm ak lòt machin nan anvan w retounen nan liy trafik dwat la. Tann omwen jiskaske w kapab wè limyè devan lòt machin nan nan retwovizè w.
- Ou dwe retounen nan liy dwat anvan machin k ap vini yo rive a yon distans 200 pye devan w. Fèmen siyal ou yonfwa w gentan tounen nan liy trafik dwat la.

### **Double sou Bò Dwat**

Yo sèlman pèmèt ou double sou bò dwat nan kèk sikorstants presi. Ou gendwa fè sa lè wout la klè e ase laj pou 2 oswa plis liy trafik. Ou gendwa pase sou bò dwat nan sikorstants ki vini apre yo:

- Veyikil w ap double a ap vire agòch oswa li pral vire agòch tousuit.
- W ap woule sou yon ri sans inik.
- W ap woule sou yon wout kote trafik ap fè yon sèl direksyon (tankou yon otowout ki gen plizyè liy trafik).



Si w ap woule yon moto, ou gendwa double sèlman yon dèyè lòt.

### **Lè Lòt Veyikil ap Double w**

Si gen yon lòt veyikil k ap double w, ou dwe ralanti e rete sou bò dwat liy trafik ou. Kite lòt chofè a pase an sekirite. Pa monte vitès ou.

“Lwa deplase a” (Chapit 418 Akò 2008 la) egzije w woule ak pridans e ralanti pou w rive nan yon vitès rezonab e ki an sekirite pou kondisyon wout yo lè w ap pwoche yon veyikil ijans ki kanpe e ki gen limyè k ap flache. Si w ap woule sou yon otowout ki gen omwen 4 liy trafik (omwen 2 ki prale nan menm direksyon avè w), ou dwe sede dwa pasaj la epi “deplase” ale nan yon lòt liy trafik ki pa akote liy trafik kote veyikil ijans, veyikil otowout, oswa veyikil sekou a ye.

Sa vle di, kite yon liy trafik vid ant veyikil pa w ak veyikil ijans ki kanpe a. Selon kote veyikil ijans lan kanpe, ou gendwa oblje deplase swa adwat swa agòch. Si li pa posib pou w “deplase”, ou dwe toujou avanse ak pridans e ralanti pou w rive nan yon vitès rezonab e ki an sekirite pou kondisyon wout yo.

## **Double Veyikil ki Kanpe yo**

Pa double veyikil ki kanpe oswa k ap vire (ni nan kafou ni lè pa gen kafou). Se posib y ap kanpe poutèt yon lòt veyikil, yon moun, oswa yon bèt ou pa wè.

## **Montre Respè ak Pataje Wout yo**

Wout yo fèt pou chofè machin, chofè bisiklèt ak pyeton yo. Tout moun k ap sèvi ak wout la dwe respekte youn lòt. Chofè machin yo dwe pi pridan toujou paske yo ka blese oswa touye moun ki pi vilnirab yo. Nou mande pou w respekte moun k ap pataje wout la ansanm avèk ou. Pa kite kolè w mennen w.

*Kijan w ka idantifye Chofè Agresif yo?*

Souvan, chofè agresif yo fè bagay ki vin apre yo:

- Koupe antre devan lòt chofè yo
- Depase limit vitès
- Chanje liy trafik san fè siyal
- Kole ak machin devan
- Pa kanpe pou limyè wouj
- Anpeche lòt chofè pase yo

*Ki sa w dwe fè si w kontre avèk yon Chofè Agresif?*

- Eseye soti nan wout yo.
- Pa ankouraje yo.
- Evite gade yo nan je.
- Evite fè jès malelve.
- Mete senti sekirite w. Sa ap pèmèt ou kenbe kontwòl machin ou e l ap pwoteje w si gen aksidan.

*Pa vin tounen yon Chofè Agresif!*

Metrice kolè w e pa fè anyen pou sityasyon an vin pi mal. Pa mande nan ki degré chofè a se yon chofè agresif. Si w gen yon telefòn selilè, rele Lapolis Eta a nan 911 pou rapòte yon sityasyon ijans.


Lapolis Eta a konn veye otowout yo pandan yo nan machin ki parèt kòm machin nòmal. Yo konn chèche chofè agresif ki mete lavi tout moun an danje. Si yo arete w poutèt konduit agresif, RMV a gendwa analize ka pa w. RMV a gendwa mete yon sispansyon sou lisans ou ak matrikilasyon w anvan dat tribalou rive, si yo jije w se yon menas pou sekirite publik.

Woule an sekirite, respekte lòt moun, e toujou trete lòt chofè yo jan ou ta renmen yo trete w. Antanke chofè yon machin, minibis, kamyonèt oswa moto, ou dwe toujou pataje wout la ak lòt machin ak moun.

## **Bis Lekòl yo**

Bis lekòl jòn yo gen limyè wouj k ap flache, ak siy stop ki soti sou bò gòch bis la. Veyikil transpò lekòl tankou minibis, vwati long, oswa vwati fanmi, gen limyè wouj k ap flache ak yon siy ki di SCHOOL BUS (BIS LEKOL) sou tèt machin nan. Chofè yo konn sèvi ak siyal avètisman sa yo lè elèv yo ap monte oswa desann machin nan.

Si limyè bis lekòl oswa veyikil transpò lekòl yo ap flache e siy stop la desann, ou dwe kanpe. Se yon lwa. Sa aplikab pou toulede bò trafik yo. Rèt kanpe jiskaske limyè yo sispann flache oswa yo retire siy stop la.



Toulede bò trafik yo dwe obeyi siyal bis lekòl yo.

Yo gendwa mete yon sispanyon sou lisans ou e fè w peye yon amann \$250 pou premye kontravansyon lwa sa a.


Menm apre limyè avètisman yo sispann flache, ou dwe avanse ak pridans e toujou veye pou timoun.

Sèl eksepsyon ki gen pou lwa sa a, se si bis lekòl la kanpe sou lòt bò otowout la e gen yon ti mi ki separe liy trafik pa w ak liy trafik lòt direksyon yo. Nan ka sa a, ou pa oblige kanpe.


### **Kamyon ak Lòt Gwo Machin yo**

Youn nan pi gwo pwoblèm "pataje wout la" ki genyen, se ant gwo machin, tankou kamyon ak bis, e ti machin yo, tankou vwati ak moto yo. Men kek règ k ap ede w woule an sekirite pami kamyon ak bis yo:

- **Zòn Avèg yo** — Li trè fasil pou yon vwati oswa yon moto kache akote gwo machin yon fason pou chofè gwo machin pa wè yo. Konsa, **pinga** w suiv toupre yon kamyon oswa bis. Lè w ap woule bò kote yon gwo machin, sonje gen yon zòn avèg sou bò dwat, göch, ak dèyè machin nan.
- **Kole ak Machin Devan** — Si w pa kapab wè miwa yon kamyon, ou twò kole avè l. Woule twò kole ak machin devan w trè danjere. Lè w suiv twò pre, ou pèdi ti distans sekirite ou bezwen si veykil ki devan w kanpe rapid.
- **Koupe Devan** — Chofè gwo machin yo ese耶 kenbe yon espas sekirite toutotou yo. Yon gwo machin gendwa bezwen 2 fwa plis distans pou l kanpe pase yon vwati oswa moto, sitou lè gen dlo oswa glas sou wout la. Pa antre nan espas ki toupre gwo machin yo. *Pinga* w koupe antre devan yon gwo machin epi ralanti oswa kanpe bridsoukou. Chofè a pap gen ase tan pou l kanpe e li pral frape w pa dèyè, oswa gen risk pou trelè kamyon an kouri glise devan bloke tout wout la poutèt chofè a frennen di bridsoukou.



Imaj sa a montre diferan zòn avèg ki gen bò kote e dèyè yon kamyon.




Si w vle double, sonje ke yon kamyon gendwa gen plis pase yon sèl trelè l ap rale dèyè l.

- **Woule Twò Lan** — Kamyon ak bis yo sèlman gendwa woule nan 2 liy trafik adwat yo lè yo sou otowout ki gen plizyè liy. Yo itilize liy ki adwat nèt pou yo woule nòmal, e yo itilize dezyèm liy adwat pou yo double. Si w ap woule nan dezyèm liy nan, woule nan menm vitès ak rès trafik yo, e pa woule pi dousman pase vitès minimòm nan.  
Si w woule twò lan nan liy trafik sa a, sa ka lakòz yon blokis gwo machin. Sa gendwa fè gen plis danje trafik. Si chofè kamyon oswa bis la anvi double w, chanje liy lè w ka fè sa an sekirite, epi kite l pase.
- **Double sou bò gòch** — Li pran plis tan pou double yon kamyon oswa yon bis pase pou double yon vwwati oswa moto. Sonje ke gwo machin yo ale pi dousman lè y ap monte yon mòn e pi vit lè y ap desann.
- **Double sou bò dwat** — Pa double yon kamyon oswa bis sou bò dwat sòl si li absoliman nesesè. Gwo machin yo fè gwo vire, e pafwa yo konn ale agòch pou pozisyone yo jis anvan yo vire adwat. Si w akote yon kamyon oswa bis, sandout ou nan yon zòn avèg. Veye pou gwo machin yo vire adwat, e rete dèyè yo an sekirite jiskaske w konnen ki sa chofè a ap fè.
- **Yon Kamyon oswa Bis ap Pwoche** — Si yon gwo machin ap vini sou yon wout ki pa gen baryè nan mitan, rete sou bò dwat la. Sa ap ede w evite frape ak evite pèdi kontwòl machin ou lè gwo van ki suiv gwo machin yo pase. Lè w nan kafou, pran san w pou w byen jije vitès veiykil k ap vini an. Kamyon ak bis yo pa kapab ralanti fasil si w koupe devan yo pou w vire.

### Bis ak Charyo yo

Fè anpil atansyon lè w ap woule toupre bis ak charyo transpò pubblik yo. Bis yo kanpe souvan. Fè respè w e kite bis ki fè siyal yo antre nan liy trafik ou lè yo fin pran moun. Veye pou pyeton k ap monte oswa desann bis ak charyo yo.   
Lwa eta a trè presi parapò ak woule toupre charyo ak ray yo:

- Ou pa dwe woule pi pre pase 8 pye distans eskalye pasaje yon charyo lè pasaje yo ap monte oswa desann. 
- Veye pou charyo k ap vini anvan w travèse ray yo. Pa vire devan yon charyo si gen youn k ap vini.
- Si w ap pataje wout la ak yon charyo, asire gen yon distans an sekirite ant veiykil pa w ak charyo a.

Pa blyie, charyo a pa kapab kite ray la. Yon chofè charyo pa kapab vire pou evite **ou menm**.

### Veykil Lan yo

Pifò veykil fèm, konstriksyon, ak lòt veykil lan yo gen siy avètisman koulè oranj sou do yo. Si w ap pwoche youn, ralanti epi avanse ak pridans. Trete yo menmjan ak chofè bisiklèt ak pyeton yo. Si w vle double yo, ba yo anpil espas lè w ap pase.

### Pwosesyon Antèman yo

Yon pwosesyon antèman se 2 oswa plis machin, san wete yon machin k ap gide yo, k ap vwayaje pandan lajounen e k ap pote yon kadav oswa sann yon kadav. Se M.G.L. Ch. 85, Seksyon 14A ki bay règ konsènan woule nan, oswa woule bò kote, yon pwosesyon antèman.

Pwosesyon antèman yo gen dwa pasaj nan kafou yo, MEN yo dwe sede dwa pasaj lè gen yon veykil ijans avèk limyè k ap flache oswa sirèn k ap rele k ap pase, oswa lè lapolis di yo pou yo sede. Si machin k ap gide pwosesyon antèman an (li gendwa yon kòbiya oswa yon machin lapolis) pase nan kafou a legalman, tout veykil ki fè pati pwosesyon an mèt pase nan kafou a, menmsi limyè trafik chanje oswa gen yon siy stop.

### Si w ap kondui nan yon pwosesyon antèman, ou dwe:

- Toujou woule ak pridans. Ou gendwa suiv machin devan w pwòch men an sekirite.
- Veye pou pyeton ak lòt veykil lè w ap antre nan yon kafou. Depi ou ka fè sa an sekirite, ou mèt suiv machin k ap gide pwosesyon an pandan l ap pase nan yon kafou, menmsi gen yon siy stop oswa limyè trafik.
- Pa depase 55 MPH sou yon otowout ki gen limit vitès 55 MPH oswa plis. Epitou, ou pa dwe woule plis pase 5 MPH pi dousman pase limit vitès sou nenpòt lòt wout piblik.
- Toujou gen limyè devan ak limyè dèyè you ouvri.
- Gen limyè ijans ou yo limen, si w se premye oswa denyè machin nan pwosesyon an.

### Si veykil ou pa fè pati pwosesyon antèman an:

- Ou pa gendwa woule ant veykil pwosesyon yo, sòf si lapolis dirije w pou w fè sa oswa si w ap woule yon veykil ijans ak sirèn ak limyè ki flache yo ouvri.
- Ou pa gendwa antre fè pati pwosesyon an.
- Lè w sou yon otowout ki gen plizyè liy trafik, ou pa gendwa double yon pwosesyon sou bò dwat la, sòf si pwosesyon an nan liy trafik bò gòch nèt la.
- Ou pa gendwa travèse yon kafou, menmsi w gen limyè vèt pandan pwosesyon antèman an gen limyè wouj, sòf si w ka fè sa san w pa travèse chemen pwosesyon an.

Yon veykil mòg gendwa gen limyè koulè mòv k ap flache (men pa lòt koulè) sou li, lè se mèt mòg la oswa yon anplwaye oswa kontraktè mòg la k ap kondui, pandan yon pwosesyon antèman.

### Travayè Wout ak Ekip Travay yo

Pandan ane 2020, 857 moun te mouri nan peyi a akòz aksidan ki te fèt nan zòn travay yo.

ROAD WORK  
NEXT 5 MILES

Byenke souvan zòn konstriksyon ak zòn antretyen wout yo byen make ak siy avètisman yo, fòk ou fè plis atansyon pou asire sekirite nenpòt moun k ap travay sou wout la. Nòmalman, siy avètisman ak ekipman travay koulè oranj yo vle di gen moun k ap mache apye toupre. Suiv siy travay yo avèk swen, e prete atansyon. Veye pou chanjman nan kondisyon oswa direksyon wout la ki fèt bridsoukou. Prepare w pou w kanpe. **Si w jwenn yon kontravansyon twòp vitès nan yon “zòn travay”, pri amann nan double.**

### Bèt ak Veykil Cheval Rale yo

Toujou bay moun k ap mennen oswa kondui bèt yo dwa pasaj. Machin konn fè bèt yo pè fasil. Lè w vin toupre yon veykil yon bèt oswa yon cheval ap rale, woule ak pridans epi suiv etap ki vin apre yo:



- Ralanti.
- Kanpe si bêt oswa veyikil la ap vin devan w oswa si l ap travèse chemen w. Kite bêt la pase.
- Si bêt oswa veyikil la ap mache nan menm direksyon avè w, ba li anpil espas lè w ap double li. Woule a yon vitès rezonab.
- Pa klaksonnen oswa fè yon bri fò.
- Si bêt w ap pase a sanble pè, ou dwe mete machin ou arebò wout la epi kanpe.
- Avanse sèlman lè w ka fè sa an sekirite.
- Ou dwe kanpe si moun k ap kondui bêt la fè w siyal pou w fè sa.

**Lwa sa a aplikab pou cheval, bèf ak nenpòt lòt animal k ap pòt chay.**

Nan zòn andeyò yo, woule ak plis pridans lè w ap pase charyo yo. Nòmalman, se bêt k ap rale yo e yo gen anpil pasaje ladan yo.

## Pakin



Gen règ ki egziste konsènan fason w kanpe ak pakin machin ou. Sa enpòtan pou asire gen sekirite e pou asire trafik byen sikile. Ou dwe pratike fason pou w pakin machin e ou dwe konnen lwa pakin yo.

Men kèk règ an jeneral parapò ak kanpe ak pakin:

- Ou pa dwe kreye yon danje pandan w ap pakin oswa pandan veyikil ou kanpe.
- Ou dwe toujou asire w kite omwen 12 pye distans akote w pou lòt machin kapab pase.
- Lè w kite machin ou poukонт li, lalwa eta a egzije w etenn motè a, aktive fren pakin, asire w pase kle pou l ka pa start, retire kle machin ou, epi lòk pòt yo.
- Lè w derape, ou dwe tann lòt veyikil ki nan liy trafik la yo pase. Apre sa, ou dwe fè siyal pou montre ou vle soti, epi antre dousman nan liy trafik ou.
- Si w pakin nan yon distri biznis oswa rezidansyèl, pa dwe gen plis pase 12 pou distans ant machin ou ak twotwa. Sèl eksepsyon an, se si yo pèmèt moun pakin nan fòm ang.

### Pakin Paralè

1. Chwazi yon espas ki ase long pou machin ou. Asire li legal pou w pakin nan zòn nan.
2. Avanse epi mete machin ou akote machin ki nan espas devan an. Kite anviwon 2 oswa 3 pye distans ant machin pa w ak machin ki pakin nan. Pozisyone machin ou yon fason pou defansè dèyè machin pa w nan menm liy ak defansè dèyè pa lòt la, oswa syèj devan pa w nan menm liy ak syèj devan lòt la.
3. Gade dèyè w nan *toulede* direksyon pou tcheke pou pyeton ak lòt trafik.
4. Fè bak dousman epi vire volan an nèt nan direksyon twotwa a. Apiye pye w dousman sou fren an. Gade dirékteman nan vit dèyè w. Pa itilize miwa ou yo.




Etap pakin paralèl yo

- Lè defansè devan machin pa w pase defansè dèyè lòt machin nan, vire volan an nan lòt direksyon an epi kontinye fè bak. Pa frape machin ki pakin dèyè w.
- Lè w fin fè bak ase lwen, pozisyon kawotchou ou yo toudwat epi avanse. Asire w kite ase espas ni devan ni dèyè w pou lòt machin yo kapab soti.

### Pakin sou Pant

Si machin ou gen transmision chif, toujou aktive fren pakin ou e kite machin ou sou vitès lè w ap pakin sou yon pant. Si w gen transmision otomatik, aktive fren pakin e mete machin ou nan mòd pakin. Ou dwe vire kawotchou devan yo nan direksyon kòrèk pou anpeche machin nan woule desann pant lan si fren pakin nan echwe.

- Pa gen twotwa** — Vire kawotchou yo nan direksyon akote wout la.
- Monte pant, avèk twotwa** — Vire kawotchou yo nan direksyon *mitan* wout la.
- Desann pant, avèk twotwa** — Vire kawotchou yo nan direksyon akote wout la, nan direksyon twotwa.



### Règ Pakin yo

An jeneral, se lwa eta ki deside règ pakin yo e se vil yo ki aplike yo. Lè vil yo adopte règ sa yo, souvan, men se pa toutan, yo itilize menm règ ak eta yo. Souvan yo sèvi ak liy blan ki pentire atè pou make espas pakin yo. Ou dwe pakin machin ou ant liy sa yo. Ou pa dwe pran 2 espas pakin. Nan Massachusetts, gen kèk kote ou *pa gendwa* pakin machin ou:

- Nan zòn ki gen siy poste ki di NO PARKING (pakin entèdi), NO STANDING (estasyone entèdi), oswa NO STOPPING (kanpe entèdi)
- Nan yon liy trafik pou bisiklèt
- Nan yon arèt bis (penalite pou pakin nan yon arèt bis se \$100)
- Nan yon estann taksi
- Nan yon zòn e nan lè yo poste pou netwaye lari
- Nan yon zòn ki gen siy ki poste pou zòn chaje machin ("loading zone")
- Pi piti pase 20 pye distans yon kafou
- Nan yon pasaj pyeton, devan yon wout ki mennen lakay moun, oswa devan yon ranp pou moun andikape
- Nan yon zòn ki gen siy poste ki di pakin pou moun andikape yo sèlman (eksepte si w gen yon plak/kat moun oswa ansyen militè andikape). Pri premye kontravansyon se \$300. Pri kontravansyon pou malsèvi ak yon moun, yon ansyen militè, oswa yon plak/kat andikape, se \$500 minimòm.
- Nan yon zòn akote yon espas pakin moun andikape ki gen liy dyagonal pentire atè, menmsi w gen plak/kat moun andikape
- Pi piti pase 10 pye distans bouch dlo oswa liy trafik ponpye
- Sou yon twotwa, yon zile trafik, oswa yon medyàn trafik
- Lè gen ijans tan oswa ijans wout
- Sou lòtbò lari a, anfas trafik k ap vini
- Sou yon otowout eta a oswa yon otowout ki mennen nan lòt eta, sòf si w gen otorizasyon
- Sou Massachusetts Turnpike (kontravansyon yo soti nan \$15 rive nan \$100)

- Sou wout ki andeyò oswa sou wout deyò yon distri ki gen anpil biling
- Nan liy trafik bò kote machin yo pakin ("pakin an doub")
- Pou fè reparasyon ki pa ijan sou machin ou

Yo ka ba w yon kontravansyon ak yon amann si w vyole yon règ pakin. Se vil yo ki deside pri amann pou pifò kontravansyon ki site pi wo yo, e amann yo gendwa diferan pou chak vil. Si w pa peye kontravansyon yo, yo gendwa refize renouvre lisans oswa matrikilasyon veykil ou.



### **Mèt Pakin yo**

Gen anpil espas pakin kote w peye pa mwayer mèt pakin ki aksepte adoken yo. Nòmalman, gen règ ak limit tan ki aplikab pandan jou ak lè ki poste yo.

Si w depase limit tan pakin oswa si w pa peye fre mèt makin nan, yo gendwa ba w yon kontravansyon.

### **Pèmi Pakin yo**

Gen anpil vil ki bay rezidan yo pèmi pakin espesyal yo. Gen kèk ri ki gen siy **RESIDENT PERMIT PARKING ONLY** (PAKIN POU REZIDAN YO SELMAN). Si w pa gen yon pèmi oswa yon kat espesyal pou vizitè yo, ou pa gendwa pakin la. Kontakte vil la pou aprann kòman w ka jwenn yon pèmi.

## **Lòt Règ Sikilasyon yo**

Men yon lis lwa nou poké pale de yo. **Li ilegal pou w...**

- Kondui antanke yon pati nan yon jwèt aza
- Fè kous machin nan lari (oswa "Drag race" ann anglè)
- Jete bagay sòti nan vit machin nan pandan w ap kondui
- Jete fatra oswa vè sou lari oswa sou tè prive oswa publik
- Jete sigarèt tou limen, oswa nenpòt bagay ki ka kòz dife, toupre yon forè oswa yon chan
- Retire sistèm möflè oswa fè devyasyon pou anile sistèm möflè yon veykil

Ou dwe remèt lul machin, likid transmisyon, ak lòt materyèl ize danjere yo bay magazen ki te vann ou li. Garaj oswa magazen ki te vann ou bagay sa a gen responsabilite jete yo.

## **Règ Pyeton yo**

Pyeton yo dwe sonje règ suivan yo:

- Lwa eta a egzije w sèvi ak pasaj pyeton lè gen youn ki disponib. Si yon kafou gen yon siyal trafik, peze bouton an epi tann siyal **MACHE** a. Kafou ki pa gen bouton pou peze yo bay siyal **MACHE** tou otomatikman. Pran pasyans!

- Pa travèse lari si siyal la di **PA MACHE**.
- Anvan w travèse lari, kanpe sou pwent twotwa, gade agòch, gade adwat, epi gade agòch ankò. Fè sa menm lè w sou yon ri sans inik. Prete atansyon pandan w ap travèse. Prete plis atansyon toujou lè w nan kafou ki pèmèt machin vire sou limyè wouj.
- Si w ap soti ant 2 machin ki pakin pou antre sou lari a, kanpe epi gade anvan w travèse.
- Ou dwe sèvi ak twotwa si gen youn ki disponib. Lè pa gen twotwa, ou dwe mache arebò wout la **anfas** trafik k ap vini an.
- Pa janm mache sou otowout, otowout eksprès, otowout ki mennen nan lòt eta, oswa turnpike yo.
- Mete rad ki gen koulè vif oswa liy materyèl ki briye sou yo, sitou nan nuit.



## Lwa pou Chofè Bisiklèt ak Chofè Machin ki nan Prezans Bisiklèt yo (selon revizyon Chapit 525 pou Akò 2008)

Chofè bisiklèt yo gendwa itilize tout chemen publik nan eta sa a, eksepte wout ki gen aksè limite oswa otowout eksprès kote gen siy poste ki di bisiklèt yo entèdi. Lè y ap woule sou chemen publik yo, chofè bisiklèt yo dwe obeyi menm lwa ak règ trafik fondamantal ki aplikab pou chofè machin yo. Men yon lis règ bisiklèt (san wete revizyon yo).

### Antanke yon chofè bisiklèt: (soti nan Chap. 85, Seksyon 11B)

- Ou gendwa itilize **tout lajè liy trafik** la nenpòt lè, nenpòt kote, e sou nenpòt ri (eksepte wout ki gen aksè limite oswa otowout eksprès kote gen siy poste ki di bisiklèt yo entèdi), menmsi gen yon liy trafik espesyal pou bisiklèt yo.
- Ou dwe woule nan menm direksyon ak rès trafik la, sòf si gen siy ki di w fè yon lòt bagay.
- Ou dwe kanpe devan limyè wouj ak siy stop yo.
- Ou gendwa rete sou bò dwat lè w ap double yon machin ki nan liy trafik la.
- Ou dwe fè siyal ak youn nan men w anvan w kanpe oswa vire. Sepandan, ou pa oblige fè siyal pou ampil tan, e ou pa oblige fè l ditou si w bezwen toulede men ou yo pou w kondui bisiklèt ou an sekirite.
- Pou rezon sekirite, ou gendwa woule sou twotwa nan zòn ki pa fè pati distri komès yo, eksepte si gouvènman lokal entèdi sa.
- Si w ap woule sou twotwa oswa sou yon chemen pyeton konn itilize, ou dwe bay pyeton yo dwa pasaj e ou dwe fè yon siyal yo ka tande anvan w double oswa pase yo (men siyal la pa dwe yon souflèt oswa yon sirèn).
- Pa dwe gen plis pase 2 bisiklèt k ap mache kòtakòt. Lè y ap woule sou yon wout ki gen plis pase yon sèl liy trafik k ap mache nan yon sèl direksyon, chofè bisiklèt k ap mache kòtakòt yo dwe retè nan yon sèl liy trafik e yo pa dwe anpeche machin double yo.
- Ou pa dwe woule twò pwòch lòt chofè bisiklèt yo, sitou lè w ap rive nan kafou.

- Ou dwe ralanti lè w ap pwoche pasaj pyeton yo, sitou lè gen anpil trafik.
  - Ou dwe chita sou, oswa gen yon pye sou chak bò, yon syèj pèmanan ki fikse sou bisiklèt la. Yon pasaje dwe chita sou yon syèj pèmanan ki fikse sou bisiklèt la tou, oswa nan yon trelè bisiklèt ap rale dèyè l.
  - Ou pa gendwa pòte yon moun ki gen ant 1 a 4 an laj oswa ki peze 40 liv oswa pi piti sou bisiklèt, eksepte si yo chita nan yon "syèj tibebe" ki fikse sou bisiklèt la. Moun nan dwe gen yon senti sekirite sou li, li dwe chita dwat, e men ak pye li dwe pwoteje pou yo pa frape reyon yo.
  - Yon moun gendwa chita sou, oswa gen yon pye sou chak bò, yon syèj bisiklèt tandem, si men l ka rive sou volan an e pye l ka rive sou pedal yo. Ou pa dwe pòte yon timoun ki poké gen 1 an laj sou yon bisiklèt.
  - Yon chofè bisiklèt, oswa pasaje li, ki poké gen 16 an laj dwe mete yon kas ki apwouve pa Komisyon Sekirite Pwodui Kliyan Etazini a. Fòk kas la mare sou tèt moun nan lè lap woule sou wout pubblik oswa chemen bisiklèt, sòf si pasaje a chita nan yon trelè fèmen ki pwoteje tet li.
  - Ou dwe fè yon siyal moun ka tandé (li pa dwe yon sirèn oswa souflèt) lè sa nesesè pou asire w woule an sekirite.
  - Ou gendwa pakin bisiklèt ou sou yon chemen oswa twotwa, men sèlman si li pa deranje trafik pyeton oswa chofè machin yo.
  - Ou pa gendwa kite yon lòt veyikil rale bisiklèt la, e ou sèlman gendwa rale yon trelè bisiklèt.
  - Ou pa gendwa pòte okenn objè k ap deranje w pandan w ap kondui bisiklèt an sekirite, e fòk ou toujou gen omwen 1 men sou gidan an.
  - Ou dwe gen yon sistèm fren ki mache. Li dwe pran, pou pi plis, 30 pye distans pou kanpe bisiklèt la lè l ap fè vitès 15 MPH.
  - Depi 30 minit apre solèy kouche rive 30 minit anvan solèy leve, ou dwe gen yon limyè blan devan moun ka wè depi 500 pye distans ak yon limyè wouj dèyè, oswa materyèl briyan, moun ka wè depi 600 pye distans.
  - Depi 30 minit apre solèy kouche rive 30 minit anvan solèy leve, ou dwe gen yon materyèl briyan sou chak pedal oswa sou chak chevi w, oswa sou ou menm oswa sou bisiklèt la. Fòk moun toutotou w ka wè materyèl sa a depi 600 pye distans.
  - Gidan an pa gendwa rive pi wo pase zepòl ou lè w ap kenbe yo, e ou pa gendwa monte couchèt la plis pase konstriksyon oriinal konpayi bisiklèt la.
  - Ou dwe rapòte nénpòt aksidan kote gen moun blese ak nénpòt aksidan kote gen domaj pwopriye ki depase \$100 a lapolis nan vil kote aksidan an te fét.
- Anplis lwa ki site pi wo yo, chofè bisiklèt yo pa dwe fè bagay ki vin apre yo:
- Woule nan yon liy toudwat pou lòt chofè ak pyeton yo konnen kote w prale.
  - Woule nan vitès ki apwopriye sou woule nan menm vitès ak moun k ap mache apye yo e ou dwe sede devan pyeton yo.
  - Mete telefòn ou nan valiz ou pandan w ap woule bisiklèt. Pa voye tèks pandan w ap kondui.
  - Sede devan pyeton yo. Prete atansyon e mete w pre pou w kanpe pou yo.
  - Ralanti pandan w ap pwoche pasaj pyeton yo.
  - Pa woule nan "zòn pòt" (omwen 3 pye distans machin ki pakin yo) e veye pou moun k ap ouvri pòt machin yo.
  - Bay lòt chofè bisiklèt yo espas. Double yo sou bò gòch, pa sou bò dwat. Pa koupe devan lòt chofè bisiklèt ki kanpe nan kafou yo.

- Nan kafou yo, tou met nan tèt ou chofè machin yo pa wè w. Ralanti epi eseye gade nan je chofè yo. Chèche konnen si chofè yo ap vire. Pa eseye fè kous ak yon chofè machin nan yon kafou. Woule ak yon vitès ki an sekirite.
- Bay bis, kamyon, ak lòt gwo machin yo espas, e evite woule akote yo oswa double yo. Yo konn fè vire laj, yo pran tan pou yo kanpe, e yo gen zòn avèg ki gwo. Sitou fè atansyon lè w nan zòn avèg ki dèyè yon gwo machin, e pa panse chofè a kapab wè w. Pa janm double yon gwo kamyon sou bò dwat li.
- Pa double bis yo sou bò dwat. Ou gendwa frape yon moun k ap desann bis la oswa bis la gendwa kwense w. Si w ap pase yon bis sou bò gòch li, prete atansyon e attan pou bis la retounen nan liy nan.
- Pa pòte kas mizik oswa bagay nan zòrèy w lè w ap woule bisiklèt.

**Si w mete yon bon kas bisiklèt, sa redui chans ou genyen pou w mouri oswa andikape nan yon aksidan bisiklèt.**

### **Antanke yon chofè machin nan prezans bisiklèt yo:**

- **Pa koupe yo apre w fin pase:** Lè w ap double yon bisiklèt k ap mache nan menm direksyon avè w e ki sou bò dwat ou, ou pa dwe retounen sou bò dwat la jiskaske w fin pase bisiklèt la. (Chapit 89, Seksyon 2)
- **Pa vire bridsoukou apre w fin pase:** Lè w ap double yon bisiklèt toupre yon kafou oswa yon wout kay kote w vle vire adwat antre, ou dwe sèlman vire si bisiklèt la ase lwen e si w kapab vire nan yon vitès ki rezonab ak apwopriye. (Chapit 90, Seksyon 14)
- **Pa kwense bisiklèt yo lè liy trafik la jis:** Si yon liy trafik twò jis pou w double yon bisiklèt an sekirite, ou dwe pran **PASYANS** jiskaske w kapab sèvi ak yon lòt liy, oswa **TANN** jiskaske gen ase espas nan liy w ap pataje a pou w double li an sekirite. (Chapit 89, Seksyon. 2) Dwe gen 4 pye distans ant ou menm avè l lè w ap double l.
- **Pa neglige sede lè w ap vire agòch:** Lè w ap vire agòch nan yon kafou, oswa pou antre nan yon ale, ri prive, oswa wout ki mennen lakay moun, ou dwe bay vezikil k ap vini nan lòt direksyon an, sa gen bisiklèt ladan l, dwa pasaj, si li nan kafou a oswa si li tèlman pre l ap kreye yon danje imedya. (Chapit 90, Seksyon 14)
- **Veye pou bisiklèt sou bò dwat ou:** Chofè bisiklèt yo gen dwa legal pou yo woule sou bò dwat lòt vezikil yo. Selon lalwa a, si yon machin kòz yon aksidan ak yon bisiklèt, li pa ka plenyen bisiklèt la te sou bò dwat lòt trafik yo pou l defann tèt li. (Chapit 85, Seksyon 11B)
- **Pa ouvri pòt machin san w pa gade anvan:** Yo gendwa bay chofè ak pasaje yo peye amann ki rive nan \$100 poutèt yo ouvri pòt yon machin devan yon bisiklèt k ap vini. (Chapit 90, Seksyon 14) Anvan w ouvri pòt ou, ou dwe toujou gade dèyè w pou asire pa gen chofè bisiklèt k ap vini.
- **Sonje 2 chofè bisiklèt yo gendwa woule kòtakòt.** Sepandan, lè yo sou yon wout ki gen plis pase yon sèl liy k ap mache nan menm direksyon, yo dwe rete nan yon sèl liy trafik. (Chapit 85, Seksyon 11B)
- **Sonje bisiklèt yo pa toujou oblige fè siyal lè y ap vire!** Chofè bisiklèt yo dwe fè siyal ak men yo lè yo anvan yo kanpe oswa vire. Sepandan, yo pa oblige fè siyal la pandan anpil tan e yo pa oblige fè l ditou si yo bezwen toulede men yo pou yo kondui bisiklèt la an sekirite. (Chapit 85, Seksyon 11B)



## Danje Pòt Ouvri yo Poze Pou Chofè Bisiklèt yo

Pòt veiykil ki ouvri yo se yon gwo menas pou chofè bisiklèt yo. Lè yo ouvri pòt machin, chofè ak pasaje yo dwe fè bagay ki vin apre yo:

1. Gade nan retrouvizè w.
2. Gade nan miwa ki akote machin nan.
3. Sèvi ak men w ki pi lwen pòt la pou ouvri pòt la.

Yo rele metòd sa a "Metòd Olandè" paske se yon metòd yo te envante nan Peyi-Ba. Metòd sa a fose w vire kò w, e konsa li pèmèt ou wè chofè bisiklèt k ap vini yo pi byen. Epitou, li anpeche w ouvri pòt machin nan twò rapid. Metòd sa a pa sèlman pwoteje chofè bisiklèt yo, men tou li ka pwoteje pòt ou pou li pa domaje oswa pou l menm pèdi nèt lè gen yon lòt machin ki pase.

Pou evite pòt machin, chofè bisiklèt yo dwe woule omwen 3 pye distans de machin ki pakin yo, ni sou wout ki gen liy bisiklèt ni sou wout ki pa genyen. Konsa, chofè bisiklèt yo pap antre nan "zòn pòt" la e y ap pwoteje kont pòt machin k ap ouvri.



"Metòd Olandè" pou ouvri pòt machin.

## Kare Bisiklèt

Kare bisiklèt yo se mak ki pentire atè nan kafou yo pou pèmèt chofè bisiklèt yo vire an sekirite lè y ap pwoche yon limyè wouj. Kare bisiklèt yo koulè vèt e yo gen imaj chofè bisiklèt pentire atè. Nan kafou yo, yo pentire yo sou asfalt ki anvan pasaj pyeton yo e yo kouvrí tout liy trafik la nèt.


Chofè machin yo dwe kanpe dèyè kare bisiklèt la (menm lè pa gen bisiklèt ladan l) epi tann limyè vèt.

Chofè bisiklèt k ap vire agòch yo dwe kanpe nan kare bisiklèt la, ale sou bò gòch kare a, fè siyal pou di y ap vire, epi tann limyè vèt. Chofè bisiklèt ki prale toudwat, oswa k ap vire adwat, yo dwe rete sou bò dwat kare a, nan fòm kaskad, epi tann limyè vèt.

Anplis, chofè bisiklèt yo gendwa itilize kare bisiklèt yo fè yon vire agòch ki pran 2 etap. Yon vire agòch ki pran 2 etap pèmèt chofè bisiklèt yo pran 2 etap diferan pou yo vire agòch, olye pou yo travèse plizyè liy trafik yon sèl kou:

**Etap 1:** Lè w jwenn limyè vèt, travèse kafou a toudwat epi kanpe nan kare bisiklèt ki nan kwen an lòtbò kafou pou wout kote w prale a.

**Etap 2:** Tann limyè vèt epi travèse kafou a toudwat.



Egzanp yon kare bisiklèt

## Liy Bisiklèt ki Separe yo

Liy bisiklèt ki separate yo, yo konn rele yo chemen bisiklèt ak liy bisiklèt pwoteje tou, se liy espesyal kote gen yon ti mi fizik ki separate bisiklèt yo ak lòt veiyikil yo. Lè liy bisiklèt yo travèse yon kafou, souvan gen asfalt koulè vèt ak imaj chofè bisiklèt ki pentire atè. Liy bisiklèt yo pa fèt pou pyeton yo, ki dwe rete sou twotwa.





Nan kafou yo, chofè machin yo dwe kanpe devan liy stop la pou pèmèt pyeton ak chofè bisiklèt yo pase an sekirite. Lè y ap vire adwat, chofè yo dwe sede devan pyeton ak chofè bisiklèt k ap travèse yo.

Chofè machin yo dwe toujou veye pou chofè bisiklèt k ap vini yo lè y ap travèse yon liy bisiklèt. Sa gendwa mande yo gade akote ak dèyè machin yo a.

Chofè bisiklèt yo dwe woule nan bon direksyon lè yo nan liy bisiklèt yo. Nan kafou yo, chofè bisiklèt yo dwe rete nan liy nan pou yo travèse kafou a, toutpandan y ap veye pou machin k ap vire yo. Chofè machin yo dwe bay pyeton yo dwa pasaj.

## Egzanp Aksidan Bisiklèt ki Komen

Imaj ki pi ba yo montre kèk egzanp aksidan ki konn rive pi souvan ant machin ak bisiklèt yo. Se chofè machin nan ki koupab nan tout aksidan sa yo e chofè yo dwe toujou veye pou bisiklèt ki kache dèyè lòt veyikil oswa biling yo. Epitou, chofè yo dwe veye pou yo pa souzestime vitès chofè bisiklèt yo oswa kantite espas yo bezwen pou double yo. Nan tout egzanp sa yo, chofè bisiklèt yo gendwa fè moun wè yo pi fasil e diminye risk aksidan si yo avanse pi agòch nan liy nan.





# Sityasyon Espesyal Sou Wout yo

Se sèlman grasa pratik ak eksperyans yon moun vin yon chofè ki fò. Anivwon 40 pouzan aksidan otowout yo enplike moun ki poko gen 25 an (Done Depatman Aksidan RMV). Pifò nan aksidan sa yo se mank eksperyans ki lakòz. Pou w ka vin yon chofè ki fò, ou dwe suiv règ sa yo.

- Se pou w konsantre w nèt sou kondui. Pa kite w distrè lè w ap kondui. Aktivite tankou pale ak lòt moun, ajiste radyo, oswa manje yo ka poze yon danje.
- Kondui yon fason defansif, e konsantre w sou sa k ap pase sou wout devan. Lè w rete konsantre, w ap wè danje yo, e w ap gen kont tan pou w evite yo.
- Aprann kondui nan diferan sitiayson. Fè pratik kondui sou otowout, kondui nan nuit, ak nan kondisyon tan diferan yo.
- Se pou w konnen ki jan pou jere sitiayson ijans tankou kawotchou ap glise, oswa yon dekonpresyon kawotchou.
- Konnen, konprann, ak obeyi règ sikilasyon yo.

Chapit sa a esplike kijan w ka kondui yon fason defansif, ak fason pou jere sitiayson espesyal sou wout yo. Anplis, li esplike sa pou w fè si gen yon aksidan, menmsi ou se sèlman yon temwen aksidan an.



## Machin Ijans k ap Kondui sou Wout la

- Toujou sede plas pou veyikil ponpye, anbilans, polis, ak lòt veyikil ki gen sirèn ak/oswa limyè ijans ki limen.
- Si gen yon veyikil ijans k ap soti nan nenpòt direksyon, ou dwe razè veyikil ou nèt sou bò dwat wout la. Ou dwe kanpe veyikil ou jiskaske veyikil ijans lan gentan pase. Kontinye woule dousman pa akseptab.
- Gade nan retrouvizè w yo pou jwenn yon kote sou bò dwat la ki pa bay danje. Ou pa ta dwe rale veyikil ou sou bò gòch, ni ou pa dwe frennen sek. Pa kanpe veyikil ou rapidman. Sèvi ak endikatè bò dwat ou.
- PA JANM kanpe nan mitan yon kafou. Travèse kafou a, epi apre sa, razè w sou kote osito ou ka fè sa san danje.
- Apre veyikil ijans lan gentan pase, w ap sèvi ak endikatè gòch ou epi gade si liy trafik la klè pou antre nan wout la ankò. Asire pa gen lòt veyikil ijans k ap vini. Aprè sa, w ap ka rantre ankò nan liy trafik la.
- Sa pa legal pou w suiv yon veyikil ijans k ap reponn a yon ijans pi prè pase 300 pye distans.

## Machin Ijans ak Machin Antretyen ki Kanpe

- Ou dwe ralanti e rete vijilan lè w wè yon “veyikil repos ijans” ki kanpe pi devan w ki gen limyè ijans li ki limen. Sa gen ladan I veyikil ponpye, polis, anbilans ak “veyikil dezas” (nòmalman k ap soutni lòt veyikil ak sèvis ijans yo). Sa gen ladan I tou veyikil antretyen oswa veyikil pou ramòkaj (ramòkè, kamyon ak ranp, eksetera) ki gen limyè ijans li ki limen. Ou dwe pran prekosyon pou pwoteje sekirite pa w ak sekirite lòt moun.
- Lwa “**rale w sou kote**” (Chapit 418 nan Akò 2008 la) oblige w pou pran prekosyon e redui vitès ou a yon vitès ki rezonab e ki bay sekirite lè w ap pase yon veyikil ijans ki kanpe ki gen limyè li limen. Sou yon otowout ki gen plis pase 4 liy trafik, (omwen 2 nan menm direksyon ou prale a), sede dwa pasaj la yon fason pridan lè w ap “rale w sou kote” nan yon liy ki pa kole ak liy trafik kote veyikil ijans lan ye. Sa vle di pou kite yon liy trafik lib nan mitan ou menm ak veyikil ijans lan ki kanpe a. Sa depann de ki kote veyikil ijans lan kanpe, ou gendwa oblige rale w sou bò dwat oswa sou bò gòch. Si “rale w sou kote” a pa posib, ou dwe toujou pridan e diminye vitès ou a yon nivo rezonab e ki pridan.
- Se pou w toujou pre pou w kanpe, si sa nesesè, pandan w ap pase yon veyikil ijans.
- Lè I fè nuit, toujou asire ou retire gwo limyè w.
- Si w bezwen èd, rale w devan yon veyikil lapolis epi mande I èd. Pa janm kanpe veyikil ou dèyè yon veyikil lapolis. (Pa apwoche yon ofisyèl lapolis pandan I ap jere yon sitiasyon ak yon lòt moun. Kanpe bò kote veyikil ou jiskaske ofisyèl lapolis la gentan fini ak lòt moun nan.)
- Sa pa legal pou woule oswa pakin veyikil pi piti pase 800 pye distans ak yon difè. Pa janm woule anlè yon konbèlann ponpye sof si yon ponpye oswa yon ofisyèl sekirite publik dirije w pou fè sa.

## Si yon Polisye Kanpe W

Lwa eta a oblige w rale veyikil ou sou kote lari a e kanpe I lè yon ofisyèl lapolis siyale w pou fè sa. Ou dwe rale w sou kote kit polisye a nan veyikil li oswa kit li apye. Lè yon polisye kanpe w, sa gendwa yon sous enkyetid ni pou ou menm, ni pou polisye a. Ou gendwa jennen pou w jwenn yon kontravansyon, oswa ou gendwa menm pa konnen poukisa yo kanpe w. Ofisyè lapolis yo conn pa konnen kijan moun yo pral reyaji. Se poutèt sa, yo gendwa jennen pou pwòp sekirite pa yo.

Fason ou aji pandan yo kanpe w gendwa jwe yon wòl nan fason polisye a reyaji avè w. Fè diskisyon, nye demann oswa enstriksyon polisye yo, di li ke sa t ap pi bon si l te konsantre l sou lòt chofè yo, oswa si w kòmanse fouye anba kousen an oswa lòt kote ki kache yo, se aksyon ki pa bon. Aksyon sa yo gendwa ogmante enkyetid polisye a.

Defann lwa trafik yo se youn nan travay lapolis ki pi empòtan. Yo asire trafik ka sikile yon fason ki swa, e sa diminye kantite aksidan mòtèl oswa blesi ki fèt nan lari a. Sa klè, gen yon nesesite kapital pou yo fè travay sa a. Gen plis moun ki mouri oswa ki blese nan aksidan machin Ozetazini chak ane pase tout lòt fòm vyolans mete ansanm. Nan ane 2020 a (se dènye ane gen estatistik pou sa), te gen 35,766 moun (chofè, pasaje, pyeton ak moun sou bisiklèt) ki te mouri, e te gen plis pase 1,593,000 ki te blese nan aksidan veyikil Ozetazini (Administrasyon Nasional Sekirite Trafik-NHTSA). Pandan ane 2020 a, nan eta Massachusetts, nou te gen 327 moun ki te mouri, e nou te gen 24,313 ki te blese nan aksidan machin. (Depatman RMV pou Done sou Aksidan).

Ofisyèl lapolis yo gen rezon pou yo enkyè pou sekirite yo pandan y ap defann lwa trafik yo. Chak ane, Ozetazini, yo touye yon kantite polisye yo, e gen plizyè milye yo bat yo. Pandan ane 2019 la, te gen 9 ofisyèl lapolis yo te touye, e te gen 4,687 yo te bat pandan polisye yo t ap pou suiv oswa pandan yo te kanpe moun. (Biwo Federal Envestigasyon-Rapò Krim Inifòm).

Pou ede n redui nivo enkyetid, ou ta dwe fè bagay sa yo lè yo kanpe w:

- Pa nye siyal polisye a fè oswa pretann komsi ou pa t wè l.
- Aktive endikatè ki apwopriye a epi gade nan retwovizè w. Ralanti w avèk swen, epi rale veyikil ou arebò lari a konplètman. Si machin polisye a kontinye sou wout la san li pa kanpe, ou mèt retounen nan sikelasyon trafik la lè pa gen danje pou fè sa.
- Pa kanpe veyikil ou nan mitan yon kafou, devan yon wout antre, oswa nan yon liy trafik. Si polisye a fè w siyal pou w kanpe yon kote presi, ou dwe mete w kote li endike pou w ale.
- Kanpe epi mete machin ou nan mòd pakin (pou transmisyon otomatik) oswa mete transmisyon an nan nèt e aktive fren pakin nan (si se yon transmisyon shif). Etènn motè a epi fèmen radyo a.
- Rete anndan veyikil la (ni ou menm, ni pasaje yo). Sèlman soti veyikil la si polisye a di w pou fè sa. Si yo mande w pou soti veyikil la, asire ou rete kote pa gen sikelasyon trafik, e asire ou kenbe men w kote polisye a ka wè yo.
- Si gen fènwa, ki te limyè w limen epi limen limyè kabin nan.
- Desann vit la pandan polisye a ap wwoche w.

- Nòmalman, polisye a ap esplike w poukisa li te kanpe w. Si li pa gen rad inifòm sou li, l ap montre w idantifikasyon li, oswa ou gendwa mande l montre w pyès idantifikasyon li.
- Tann pou polisye a mande w lisans ak papye machin anvan ou menm (oswa pasaje w) kòmanse fouye nan ti kòf la. Pa kòmanse fouye nan rad ou pandan polisye a ap pwoche oswa pandan li avè w. Menmsi ou konnen ke se sèlman pou dokiman yo w ap fouye, polisye a gendwa konprann se yon zam w ap chèche, oswa se yon bagay w ap eseye kache. Polisye a gendwa santi l menase, e li gendwa reyaji yon fason ou pa t atann. Pase polisye a dokiman yo lè l mande sa, e retire yo soti nan bous ou oswa nan yon klasè. Chapit 90, Seksyon 11 ki nan Lwa Jeneral, ou dwe gen lisans ou ak papye veyikil la sou men lè w ap opere yon veyikil. Gen yon amann \$35 pou premye fwa ou pa ka founi lisans ou oswa papye veyikil la. Si w pa gen lisans ou oswa papye veyikil la, polisye a gendwa mande w pou non w ak adrès ou. Si veyikil la pa pou ou, polisye a gendwa mande w non ak adrès pwopriyetè veyikil la. Si w pa obeyi, oswa si w bay li yon fo enfomasyon, y ap ba w yon amann \$100 (Chapit 90, Seksyon 25). Si w refize obeyi, yo ka arete w e ou gendwa kondane pou yon akizasyon kriminèl.
- Deyò eta Massachusetts la, yon polisye gendwa mande w "prèv asirans" (selon lwa jiridik zòn nan). Papye veyikil ou gen non founisè asirans ou, e li esplike ke yo pa bay kat asirans selon lalwa Massachusetts la.
- Asire polisye a ka toujou wè men w yo ak men pasaje yo tou.
- Prete atansyon konplè a polisye a, e pa sèvi ak telefòn selilè pandan polisye a kanpe w.
- Pa fè okenn mouvman oswa aksyon ki gendwa sanble ak yon menas. Sa ka gen ladann fouye men anba kousen oswa kote ki pa klere. Asire pasaje yo fè menm bagay.
- Rete nan veyikil ou pandan polisye a retounen nan veyikil li. Si w gen nenpòt kesyon, tann pou lè li tounen. Si w jwenn yon bagay polisye a te mande w, lonje l deyò fenèt la epi tann pou li tounen.
- Bay repons onèt si polisye a mande w si gen nenpòt zam nan veyikil la.
- Se pou w janti lè polisye a remèt ou lisans ou ak papye machin nan. Si polisye a ba w yon kontravansyon, pa fe diskisyon. Yonwa polisye a gentan ekri yon kontravansyon, sa fini. Ou gendwa fè yon apèl nan tribal la. Si w gen nenpòt kesyon sou kontravansyon an, ou gendwa mande polisye a pou esplike. Massachusetts **pa oblige** w siyen kontravansyon an, men gen lòt eta ki oblige w fè sa. Li kontravansyon an anvan w siyen li. Siyati w ta dwe sèlman konfirmen ou te resevwa kontravansyon an, se pa prèv ou te vyole règ yo.
- Lè polisye a di ou mèt ale, aktive endikatè w, gade nan retwovizè w, epi retounen nan liy trafik siklasyon an. Si se sou otowout ou ye, kòmanse pran vitès nan liy machin anpannan anvan w rantre ankò nan liy trafik la.

Sonje, yon polisye pa janm konnen sa pou l atann lè li kanpe yon moun. Pa kite emosyon w oswa mouvman rapid yo (oswa mouvman pasaje w yo) ogmante santiman enkyetid. Polisye a gendwa pi dispoze koute w, e l ap santi l mwens menase si w suiv prensip sa yo.

**ENPÒTAN:** Si w santi yon polisyè te kanpe w poutèt ras ou, sèks ou, oswa si w santi polisyè a te konpòte l yon fason ki pa kòrèk pandan li te kanpe w, ou ka rapòte sa lè w kontake biwo lapolis, oswa depatman ofisyè ki te kanpe w.


## Ijans Pandan W ap Kondui

Pandan nenpòt sitiayson ijans, li enpòtan pou w reflechi, kenbe metriz ou e pou w pa panike. Ou gen sèlman yon tikras tan pou w reyaji. Li seksyon sa a pou w konnen sa pou w fè lè gen yon ijans ki rive. Sa ka sove lavi moun.

### Kawotchou Glise

W ap jere yon sitiayson kawotchou glise menm fason kit veyikil ou se traksyon devan kit se traksyon dèyè:

- Retire pye w sou gaz la tou dousman, epi mete transmisyon an nan nèt.
- Pa frennen sek. Si w fè sa, sa ka fè l pi mal.
- Vire volan an **nan menm direksyon w ap glise**. Si kawotchou dèyè w ap glise bò gòch, vire volan an bò gòch. Si w ap glise sou bò dwat, vire volan an sou bò dwat.
- Ou gendwa oblige vire agòch e adwat kèk fwa anvan w ka metrise veyikil la nèt.



Si veyikil ou ap glise, toujou vire volan an nan menm direksyon w ap glise a.

### Soti Sou Wout Asfalte

Si w soti sou wout asfalte a sou arebò wout la:

- Kenbe volan an fèm, epi retire pye w sou gaz la dousman.
- Kòmanse frennen dousman pou redui vitès.
- Veye pou si gen veyikil ki dèyè w, epi apre sa ou gendwa rantre dousman nan liy trafik la.

### Pann Kawotchou, Eklatman Kawotchou, Wou a Lage

Si w gen yon pann kawotchou, eklatman kawotchou, oswa ou gen yon wou ki lage:

- Kenbe volan an fèm, epi retire pye w sou gaz la dousman.
- Kòmanse frennen dousman pou redui vitès.
- Si w kòmanse glise, vire volan an **nan menm direksyon w ap glise a**.
- Tou dousman, dresé pozisyon machin nan. Pa itilize fren an jiskaske ou gentan gen kontwòl machin nan.
- Rale machin nan sou kote lè ou ka fè sa an sekirite.

### Fayit Fren

Si veyikil ou gen fren antilòk, e fren yo pa aktive lè w peze pedal fren an nèt, ou ta dwe suiv etap ki vin apre yo:

- Chanje vitès transmisyon an pou vitès ki pi ba, toutpandan w ap eseye rive nan vitès ki pi ba a nèt.
- Aktive dousman fren pakin nan. Kenbe relach fren an pou si veyikil la kòmanse glise.
- Si w pa ka ralanti veyikil la, klaksonen e flach limyè w pou avèti lòt chofè ak pyeton ki prè w.

Si veyikil ou pa gen fren antilòk, ou dwe ponpe pedal fren an rapidman plizyè fwa pou eseye monte presyon likid fren. **Pa ponpe fren antilòk.** Si sa pa mache, w ap suiv enstriksyon ki site pi wo yo.

Ou gendwa konnen ki tip de fren ou genyen lè w konsilte dach machin nan oswa mènyèl veyikil la.

### **Pedal Gaz ki Kole**

Si pedal gaz ou vin kole:

- Mete transmisyon an nan nèt epi peze pedal fren an pou ralanti w.
- Eseye dekole pedal gaz la ak pye w.
- Si pedal gaz la pa dekole, peze fren ankò.
- Asire w ap gade lari a.
- Lè w ka fè sa an sekirite, rale veyikil ou sou kote lari a e kanpe l.

### **Yon Veyikil ap Vini Dwat Devan w**

Si gen yon veyikil k ap apwoche w toudwat nan liy trafik pa w:

- Ralanti w epi rale w sou bò dwat.
- Sonnen klakson an pou avèti lòt chofè a.

### **Fayit Limyè Devan**

Si limyè devan w etenn sanzatann:

- Aktive limyè pakin, limyè ijans oswa endikatè machin nan.
- Eseye switch limyè a plizyè fwa.
- Rale w sou kote lari a osito ke posib, epi kite limyè ijans ou aktive.

### **Motè a Toufe lè w sou Ray Tren**

Si veyikil ou toufe pandan ou sou ray tren yo e gen yon tren k ap vini:

- RAPIDMAN soti tout moun nan veyikil la, epi ale osi lwen ray tren yo ke posib.
- Pou evite dega aksidan an frape nou, kouri nan yon ang 45 degré de ray tren yo nan direksyon kote tren an ap vini. Epi apre sa, rele 911 san pèdi tan.

Si veyikil ou toufe sou ray tren yo e PA gen tren k ap vini:

- Desann vit la epi eseye koute pou si gen tren k ap vini.
- Eseye start motè a.
- Si w pa ka start motè a, mete transmisyon nan nèt epi pouse veyikil la soti sou ray yo.
- Si w pa kapab deplase veyikil ou sou ray yo, rele nan nimewo Sèvis Avi Ijans (ENS) la ki plake sou siy pasaj tren an oswa sou bwat metal ki touprè pasaj tren an. Bay anplwaye tren an nimewo lokatè DOT pou pasaj tren an ki tou plake sou siy nan. Asire ke yo konnen gen yon veyikil ki sou ray yo, epi suiv enstriksyon y ap ba w yo.

Ou ta dwe rele nan nimewo ENS la si w wè nenpòt bagay ou sispèk ki pa nòmal (tankou si switch ray yo te manipile) sou wout ray la.

## **Pann yo**

- Deplase veyikil ou sou kote lari a. Pa janm mete veyikil sou yon pant oswa yon koub kote lòt moun pa ka wè w. Si w pa ka resi retire veyikil ou sou wout la, fè tout pasaje yo soti nan veyikil la, e fè yo kanpe sou kote lari a.
- Si w pran yon pann sou yon otowout ki gen yon liy machin anpann oswa yon ti plas sou kote wout la, mete veyikil ou a maksimòm distans de liy trafik la ke posib. Rete nen veyikil ou. Pa kanpe bò kote liy trafik la, ni bò liy machin anpann nan. Anpil moun mouri lè yo kanpe pre, oswa lè y ap travay sou yon veyikil.
- Aktive limyè ijan yo (limyè ki flach yo). Lè li nuit, tou limen limyè anndan kabin yo.
- Mare yon twal blan sou antèn nan oswa sou manch pòt la (sèvi ak twal wouj lè gen nèj). Leve kapo machin nan.
- Si w gen fise eklèran oswa siy ki reflete limyè yo, plase yo 200 pye devan veyikil ou ak 200 pye dèyè veyikil ou pou avèti lòt chofè yo.

**Brigad Asistans Otowout (HAP) bay èd pou chofè ki imobilize. Se Depatman Otowout MassDOT ki responsab sèvis sa a ansanm ak sponsò li ki se MAPFRE | Commerce Insurance.**

**Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan sit: [MassDOT.State.MA.US/Highway/TrafficTravelResources/EmergencyRoadsideAssistance.aspx](http://MassDOT.State.MA.US/Highway/TrafficTravelResources/EmergencyRoadsideAssistance.aspx)**

## **Machin Pran Difè**

Si w remake gen lafimen k ap soti anba kapo machin nan:

- Rale veyikil la sou kote lari a, etenn motè a epi kanpe lwen veyikil la.
- Rele ponpye yo oswa sèvi ijans yo.
- Pa eseye etenn difè a si w pa gen yon estentè difè.

## **Veyikil la Antre nan yon Dlo**

Si veyikil ou antre nan yon dlo:

- Relache sentiwon sekirite ou e sotí nan youn nan fenèt yo.
- Si w gen fenèt elektrik, ouvri yo rapid anvan dlo a anpeche yo fonksyone.
- Pa ouvri pòt. Sa ap lakòz dlo anvayi machin nan e sa ka chavire veyikil la.

Si veyikil la neye anvan w ka soti, mete w nan plas dèyè machin nan. Se posib ka gen yon pòch lè la ou ka respire. Lè veyikil la fin poze atè, pran yon gwo souf, epi chape nan youn nan fenèt yo.

## **Kondi Anndan Tinèl yo**

Sekrite Piblik se yon priorite pou MassDOT. Tanpri suiv konsèy enpòtan sa yo lè w ap pase nan tinèl nou yo.

Si w fè yon Aksidan oswa Veyikil ou Pran Pann anndan yon Tinèl:

Gen yon Sant Operasyon Otowout ki veye piò gwo tinèl ki nan Massachusetts yo. Polis Eta ak anplwaye MassDOT yo pozisyone okoude sistèm tinèl yo pou asire yo kapab reponn rapidman lè gen yon ensidan.

- Rale w sou kote lari a, si posib.
- Aktive limyè ijans yo.

- Rele 911 epi suiv enstriksyon yo.
- Rete anndan veyikil ou si pa gen danje pou w fè sa.
- Tan pou pèsonèl ijans yo rive.

#### Lè w ap Antre yon Tinèl:

- Rete vijilan!
- Ouvri limyè devan.
- Obeyi tout siy ak siyal yo.
- Koute radyo ki gen enfòmasyon sou trafik.
- Pa antre si w remake gen lafimen nan antre a oswa si veyikil pa w la gen lafimen oswa li pran difè.
- Asire gen yon bon distans nan mitan veyikil ou ak veyikil ki devan w.
- Materyèl danjere yo entèdi, sa gen ladan gaz pwopàn.

#### Lè Gen Anpil Trafik:

- Koute radyo ki gen enfòmasyon sou trafik.
- Asire gen yon bon distans nan mitan veyikil yo, menmsi trafik la ap avanse dousman.
- Teni kont de soti ijans yo.
- Suiv enstriksyon ofisyèl MassDOT yo, Polis Eta yo ak siy mesaj yo.

#### Si Gen Difè:

- Kanpe veyikil la, etenn motè a epi soti nan veyikil la.
- Pou ede pèsonèl ijans yo, kite kle yo anndan veyikil la.
- Pou asire sekirite w, kite afè w anndan veyikil la.
- Rele 911.
- Suiv enstriksyon ou jwenn nan men Ponpye yo, Polis Eta yo, ofisyèl MassDOT yo ak siy mesaj yo.
- Soti tinèl la nan antre tinèl ki pi pre a, sòf si yo ba w lòt enstriksyon.
- Ede lòt moun si sa posib.

Tanpri sonje: Difè ak lafimen ka touye moun. Sove lavi w. Lavi w gen plis valè pase machin ou.

## Aksidan Trafik yo

Chak ane, gen plis pase 100,000 aksidan veyikil ki fèt nan Massachusetts. Ou gendwa ede n redui chans pou gen aksidan lè w obeyi règ sikilasyon yo, lè w suiv enstriksyon ki nan mènyèl sa a, ak lè w aprann kondui yon fason defansif. Si w enplike nan, oswa si w temwen yon aksidan, lwa eta a oblige w suiv etap ki vin apre yo.

---

### Si w Enplike nan yon Aksidan

Lè w enplike nan yon aksidan, menm yon ti aksidan, ou dwe kanpe veyikil ou. **Pa janm kite lokal kote yon aksidan te fèt.** Se kont lalwa. Yo gendwa akize w ak yon kontravansyon “frape kouri”.

## **Domaj Pwopriyete Sèlman**

1. Soti vezikil ou sou wout la, si posib. Si pa gen moun ki blese, Lwa Retire Machin nan oblige w retire vezikil la nan liy trafik yo epi mete l nan yon pozisyon ki bay sekirite.
2. Fe echanj non, adrès, nimewo lisans, enfòmasyon papye vezikil, ak enfòmasyon asirans ansanm ak tout chofè oswa tout moun ki gen pwopriyete ki enplike yo. Ou dwe prezante lisans ou ak papye vezikil la si yo mande w sa.
3. Si se te yon vezikil ki te pakin oswa yon lòt pwopriyete ou te domaje, **ou dwe eseye jwenn ansanm ak moun ki pwopriyète pou enfòme l te gen yon aksidan, oswa ou dwe enfòme lapolis.**
4. Anvan 5 jou pase, ou dwe ranpli yon rapò aksidan ansanm ak RMV a e ansanm ak lapolis lokal yo. Ou dwe rapòt *nenpòt* aksidan ki gen domaj pwopriyete ki vo plis pase \$1,000.
5. Si w te blese yon chen, chat, oswa nenpòt lòt animal, **ou dwe enfòme polis lokal yo, e si sa posib, mèt animal la.**

**Si w gen yon telefòn sellié, ou ka kontakte polis eta a pou rapòt nenpòt ijans lè w rele nan 911.**

## **Aksidan kote Moun Blese**

1. Gade pou wè si gen moun ki blese.
2. Rele lapolis e mande yon anbilans oswa EMT, si sa nesesè.
3. Si posib, soti vezikil ou sou wout la.
4. Fe echanj non, adrès, nimewo lisans, enfòmasyon papye vezikil, ak enfòmasyon asirans ansanm ak tout chofè oswa tout moun ki gen pwopriyete ki enplike yo. Ou dwe prezante lisans ou ak papye vezikil la si yo mande w sa.
5. Anvan 5 jou pase, ou dwe ranpli yon rapò aksidan ansanm ak RMV a e ansanm ak lapolis lokal yo. Ou dwe rapòt *nenpòt* aksidan kote moun te blese oswa ki te mouri, oswa ki gen domaj pwopriyete ki vo plis pase \$1,000.
6. Enfòme konpayi asirans ou

## **Konsèy Premye Swen Ijan yo**

- Pa deplase yon moun ki domaje sòf si sa absoliman nesesè. Si w oblige deplase yon moun paske vi li an danje, soutni tèt, kou, ak kolon vêtebral moun nan nèt.
- Gade pou wè si moun nan ap respire. Si moun nan pap respire, e ou se yon moun ki sètifye pou fè resisitasyon kadyo-pilminè (CPR), kòmanse fè CPR imedyatman.
- Si moun nan ap senyen, mete presyon sou blesi a lè w ap peze l ak yon twal. Asire w kenbe l konsa jiskaske moun rive pou ede w.
- Kouvri moun ki blese a ak yon lenn pou asire li chofe, e pou evite gen chòk.

---

## **Aksidan Frape Kouri (Kite Lokal yon Aksidan an San w Pa Identifye Tèt Ou)**

Pandan ane 2020, te gen 9,164 aksidan “frape kouri” nan Massachusetts kote chofè yo te kite lokal yon aksidan an san yo pa t identifye tèt yo.

Kite lokal yon aksidan ka bay konsekans ki grav, ni pou chofè a (yonfwa yo jwenn li), ni pou nenpòt viktim chofè a kite dèyè kote aksidan an te fèt.

Lè w enplike nan yon aksidan, menm yo ti aksidan, ou dwe kanpe veyikil ou. **Pa janm kite lokal yon aksidan kote moun mouri, moun blese, ak/oswa kote gen domaj pwopriyete san w pa kanpe e idantifye tèt ou. Ou dwe rete sou plas, idantifye tèt ou kòrèkteman, rann èd si posib, e rele pou èd ijans si nesesè.**

Si w kite lokal yon aksidan san w pa idantifye tèt ou kòrèkteman, yo ka akize w pou yon enfrakson kriminèl “kite lokal aksidan” an epi ou ka sibi penalite maksimòm sa yo.

- Jiska \$200 oswa jiska 2 an nan prizon, oswa toulede, poutèt ou te kite lokal aksidan an apre yon aksidan te fèt ki te lakòz domaj a yon lòt veyikil oswa pwopriyete (M.G.L. c.90, Seksyon 24(2) (a))
- Jiska \$1000 avèk jiska 2 an nan prizon poutèt ou te kite lokal aksidan an apre yon aksidan te fèt ki te lakòz blesi pèsònèl a nenpòt moun (moun pa t mouri) (Seksyon 2 (a ½) (1))
- Jiska \$5000 avèk jiska 2.5 an nan prizon oswa jiska 10 an nan yon penitansyè eta poutèt ou te kite lokal aksidan an apre yon aksidan te fèt ki te lakòz blesi pèsònèl a nenpòt moun e moun nan te mouri. (Seksyon 2 (a ½) (2))

Si w frape e ou blese oswa touye yon chat oswa yon chen e ou pa enfòme mèt animal la oswa lapolis, ou gendwa oblige peye yon amann anba M.G.L. Chapit 272, Seksyon 80H.

Nenpòt kondansayon kriminèl gendwa fè w jwenn depans pwobasyon, e yo gendwa fè w peye fre siplimantè asirans pandan jiska 6 an. Yo gendwa mete yon sispanson sou lisans ou tou. Gade fre ak peryòd sispanson ak retablisman ki nan “*Tablo Kontravansyon Kriminèl ak Sispanson yo*” ki nan Chapit 3 Mànyèl sa a.

---

## Si w Temwen yon Aksidan

Si pandan w ap kondui ou pase devan yon aksidan kote lapolis ak veyikil ijans yo deja sou plas, pran prekosyon e aji ak bonsans. Diminye vitès e woule ak pridans. Kontinye veye pou si gen moun oswa ekipman ki nan wout la. Pa kanpe oswa ralanti pou “fè touris” pou w wè sa k te pase. Sa danjere, e sa ka lakòz lòt pwoblèm trafik.

Si w wè yon aksidan e pa gen okenn veyikil lapolis oswa veyikil ijans prezan:

1. Pakin machin ou sou kote lari a. Limen limyè ijans yo k ap flach pou avèti lòt chofè yo.
2. Verifye pou wè si gen moun ki blese.
3. Si w gen yon telefòn selilè, rele lapolis. Si w pa gen yon telefòn selilè, di pwochen moun ki pase a pou l'rele lapolis, oswa eseye kanpe yon veyikil k ap pase epi mande chofè sa a pou l'chèche èd.
4. Si nenpòt moun gen fise eklèran, triyang ijans, oswa bagay reflechisan, plase yo omwen 200 pye devan ak dèyè aksidan an pou avèti lòt chofè yo.
5. Suiv konsèy premye swen ijans ki site sou paj anvan an.
6. Si posib, deplase tout veyikil ki te enplike nan aksidan an sou kote lari a.
7. Etenn motè nan tout veyikil ki enplike nan aksidan an.

Pa pwoche okenn ab elektrik ki tonbe akoz yon aksidan. Si kab yo te tonbe sou yon veyikil, di moun ki anndan veyikil la pou yo rete anndan veyikil la jiskaske pèsonèl ijans yo rive. Pa manyen veyikil la.

## Rapòt yon Aksidan

Ou dwe rapòt nenpòt aksidan ou enplike ladan I kote gen moun ki blese oswa ki mouri, oswa ki fè gen domaj pwopriyete ki vo plis pase \$1,000. Ou dwe ranpli yon rapò alekri ansanm ak RMV a anvan 5 jou pase apre aksidan an te fèt. Si w dwe ranpli yon rapò aksidan men ou pa fè I, ou gendwa oblige peye yon amann, e yo gendwa revoke lisans ou.

**Notifye ou notifye konpayi asirans ou pa sifi. Ou dwe suiv tout enstriksyon ki nan seksyon sa a.**

Ou gendwa jwenn yon Rapò Aksidan Chofè Veyikil nan biwo lapolis lokal ou, nan yon Sant Sèvis RMV, oswa lè w rele Sant Kontak RMV a. Ou gendwa tou telechaje rapò a sou sit nou an nan: Mass.Gov/RMV.

### **Ki Kote w ka Voye Rapò ki Konplete yo:**

1. Voye yon kopi pa lapòs oswa livre I nan biwo lapolis lokal ki nan vil oswa bouk kote aksidan an te fèt.
2. Voye yon kopi bay Konpayi Asirans ou.
3. Voye yon kopi bay RMV a nan adrès ki pi ba a.

**Crash Records, Registry of Motor Vehicles,  
P.O. Box 55889, Boston, MA 02205-5889**

Ou ta dwe kenbe yon kopi rapò a pou dosyè pèsonèl pa w yo.

Ou gendwa mande yon kopi rapò aksidan polis yo te konplete pou yon fre \$20 lè w ale sou sit: Mass.Gov/RMV.

## **Kondui ak Sajès e Fè Ekonomi - Konsèy “Kondui Vèt”**

Gen anpil fason ou ka fè ekonomi gaz, redui emision kabòn, e ou ka fè sa ak nenpòt veyikil! Ti konsèy sa yo (ki soti nan sit: [commute.com/commuter-options/drive-smart-and-save](http://commute.com/commuter-options/drive-smart-and-save)) ap ede w fè ekonomi.

- **Kondui Mwens** – Eseye pran transpò pubblik, mache apye, pran bisiklèt oswa vwayaje an gwoup. Ti vwayaj kout yo bon anpil pou mache apye oswa pran bisiklèt – w ap ka fè egzèsis, fè ekonomi gaz, fè motè machin ou rive pi lwen, e w ap pran plezi nan bél peyzaj. E si w gen anpil komisyon pou fè, eseye fè youn apre lòt selon kote yo sitye, yon fason pou ou pa fè twòp wout. Sa ap ekonomize tan ak gaz. Lè w ap fè plizyè ti kanpe, ale nan destinasyon ki pi lwen an premye, konsa, mote w ap chofe pi rapid, e sa ap fè ekonomi gaz.
- **Fikse Vites a 60 mph** – Ekonomi gaz la diminye 5% plis pou chak 5 mph ou fè anplis 60 mph. Se komsi w ap peye 30 santim plis pou chak galon gaz! Ebyen, fikse vites otomatik la a 60 mph e kòmanse wè ekonomi.
- **Pa Peze Pedal yo Fò** – Gaz kole ak frennen sek se bagay ki boule jiska 40% plis gaz, men bagay sa yo redui kantite tan sou wout sèlman pa 4%. Akselere dousman. Kenbe yon vites stab. Woule sou woulib lè sa posib. E pa bliye ale pran transpondè E-ZPass ou pou evite blokis nan pwen de peyaj yo. Sa ka fè ekonomi tan ak gaz tou.

- **Etenn li** – Lè machin ou rèt chita ak motè a ouvri, ou pap fè okenn ekonomi gaz. Donk, lè w kanpe, etenn motè a. Sa fè ekonomi gaz, e se lalwa tou – Lalwa Massachusetts entèdi machin yo chita ak motè a ouvri pandan plis pase 5 minit. Si se vrèman nesesè pou chita ak motè a ouvri, mete transmisyon an nan nèt, konsa, motè a pap oblige travay di, ki fè l konsome plis gaz.
- **Fèmen Bouchon an** – Bouchon tank gaz ki pa sere, ki domaje, oswa ki pèdi yo lakòz 147 milyon galon gaz evapore chak ane. Asire bouchon an sere, e sa gendwa ekonomize w jiska \$120 chak ane.
- **Veye Kawotchou** – Gen milya de galon gaz ki gaspiye chak ane paske moun ap woule ak kawotchou ki manke van. Bon presyon noumatik bay sekirite, li pwolonje lavi kawotchou, e li gendwa fè 3% ekonomi gaz pou chak fwa ou ranpli tank ou.

